

Pratelaning Cariyos Pêpêthikan saking Kitab Suci^[1]

Daftar isi

Tumitahing ngalam donya	3
Wiwitipun wontên dosa.....	3
Kain kalihan Abil.....	8
Bumi kinêlêm.	11
Panggung ing Babil.....	14
Nabi Ibrahim tinimbalan.	15
Papisahan kalihan kapenakanipun nama Lut.....	15
Kumandêlipun Nabi Ibrahim.	19
Pandonganipun Nabi Ibrahim.	22
Risaking nagari Sadum kalihan Ngamorah.....	23
Lairipun Nabi Iskak, Ismangil katundhung.	26
Nabi Iskak badhe kadamêl kurban.....	28
Kramanipun Nabi Iskak.	30
Nabi Yakub lan Esap.....	37
Tindakipun Nabi Yakub.	42
Nabi Yusup kasade.	52
Nabi Yusup wontên ing Mêsir.....	55
Para kadangipun Nabi Yusup dhatêng Mêsir.....	62
Lampahing para kadangipun Nabi Yusup ingkang kaping kalih.....	66
Nabi Yakub dipun ondhong i dhatêng Mêsir.	72
Timuripun Nabi Musa.	76
Nabi Musa wontên ngarsaning Pringon.....	81
Wêdalipun Bani Srail saking Mêsir.....	88
Lampahipun Bani Srail dumugi ing rêdi Sina.....	93
Dhumawuhing anggêr-anggêr.	96
Pasucianing Allah, para imam, lan dintên agêng.	102

Pakuburanipun tiyang luwamah.	105
Para têlik.	107
Balelaning Bani Srail.	110
Pandhita Balhum.	113
Sedanipun Nabi Musa.	116
Nabi Yusak.	118
Gidyon.	121
Bok Rut.	125
Èli lan Nabi Sêmuèl.	129
Nabi Sêmuèl lan Raja Saul.	134
Dawud jinêbadan.	138
Dawud kinuya-kuya.	145
Sedanipun Raja Saul, Dawud jumênêng ratu.	149
Prabu Dawun manggih lêpat, lajêng nalôngsa.	153
Prabu Dawud kalihan Absalom.	157
Wêkasaning panjênênganipun Prabu Dawud.	161
Kaprabonipun Raja Suleman.	165
Gêmpaling kraton.	169
Nabi Elia.	171
Nabi Elisa.	180
Nabi Yunus.	186
Wêkasaning karaton Israil.	189
Para ratu ing karaton Yahuda.	191
Wêkasaning karaton Yahuda.	196
Nabi Dhanièl.	200
Nagari Yêrusalèm binangun.	205
Nabi Ayub.	209
Cariyosipun tiyang Yahudi, wiwit Nabi Malaki dumugi Nabi Yokanan Baptista.	213

1. Judul tambahan Yayasan Sastra.

Tumitahing ngalam donya

--- 3 ---

Wiwitipun wontên dosa

1. Dhandhanggula^[2]

1. ... |
...man |
kalangkung-langkung adine |
ing Edèn dunungipun |
iring wetan Pirdus kang nami |
nênggih wau manuswa |
pinarnah nèng ngriku |
kinarsakkên dening Allah |
ngupakara kalawan kinèn angrukti |
mring patamanan ika ||

2. jroning taman isi warni-warni |
sawarnining kêkaywan tur kathah |
yèn tinon asri katone |
catur bangawanipun |
ingkang môngka tirta ing ngriki |
Pison Gikon kalihnya |
Kidèkêl katêlu |
kang kaping pat bangawan Prat |
sagunging wit woh ambiyêt angêmohi |
eca lamun tinêdha ||

3. têngah taman wontên wit kêkalih |
kang sajuga nama witing gêsang |
sêdene uwit kalihe |
uwit môngka pangawruh |
panitikan ala lan bêcik |
manuswa tan rinilan |
nêdha uwohipun |
mangkana pacuhing Allah |
mring manuswa wanti-wanti datan kêni |

nêdha woh wit punika ||

4. sabdanira Hyang Kang Maha Suci |
ring manuswa sira wus kalilan |
mangan woh wit iki kabèh |
kang dadi pacuh Ingsun |
wit pangawruh ala lan bêcik |
ywa sira mangan wohnya |
lêlarangan Ingsun |
dene lamun sira mangan |
ora kêna ora sira masthi mati |
mangkana sabdèng Allah ||

5. kunêng gantya kawarnaa malih |
kacarita wau sang wanudya |
nuju sajuga arine |
pêpara [pê...]

2. Halaman 1 dan 2 tidak ada.

--- 4 ---

[...para] taman ngriku |
dunungira cakêt lan uwit |
pangawruh bêcik ala |
sêngkêran Hyang Agung |
wontên taksaka sajuga |
kang taksaka sakalangkung dening julig |
mojar mring sang wanudya ||

6. atêtanya kanthi têmbung manis |
apa nyata Allah wus ngandika |
dhawuh ring andika mangke |
wohing wit taman iku |
sira datan kêna ambukti |
wau ta sang wanudya |
amangsuli wuwus |
kalilan bae ngong mangan |
pamêtune wohing wit ing taman iki |
kajaba mung sajuga ||

7. uwohira wit kayu kang mungging |
samadyaning patamanan ika |
yakti wus ana dhawuhe |
sinêngkêr ing Hyang Agung |
datan kêna lamun Sun bukti |
mangkana sabdèng Allah |
wohing uwit iku |
poma aywa sira pangan |
sanadyana anggêpok bae tan kêni |
supaya ywa palastra ||

8. sang taksaka gya amojar malih |
ra-orane sirèku palastra |
lamun ambuktia wohe |
nging Allah Kang Maha Gung |
pan wus wikan yèn dika bukti |
maring wohe wit ika |
kabuka satuhu |
netranta satêmah sira |
dadya samya lan Allah bangkit nitèni |
kang bêcik myang kang ala ||

9. paningalnya wau sang pawèstri |
lamun wohe wit ika kapangan |
prayoga lan nêngsêmake |
tumanduk ing pandulu |
dahat [daha...]

--- 5 ---

[...t] dènnya amamengini |
tuhu lamun prayoga |
awit watêkipun |
amintêrakên dumadya |
sang wanudya tumulya mêtihik woh ing wit |
uwoh sigra dhinahar ||

10. kakungira ingaturan ugi |
môngka ika iya dhahar uga |
dadya ing kono tingale |
kabuka kalihipun |
dadya wikan yèn lukar sami |
nulya nyawung ron arah |
dipun sambung-sambung |
kinarya awêr-awêrnya |
kang supaya lukarnya aywa katawis |
nasabi kalingsêman ||

11. duk samana na swara kapyarsi |
kang dumêling anèng jroning taman |
suwarèng Pangran jatine |
ing wanci wijilipun |
samirana asribit-sribit |
kocapa wau Adam |
saha garwanipun |
kalih-kalihira samya |
nèng jro taman ampingan ing wit andhêlik |
dimèn ywa kawistara ||

12. karsanira ngangkah anyikiri |
^[3] sing tingalnya Hyang Kang Maha Mulya |
Yêhuwah Allah nulya ge |
nimbali Adam gupuh |
hèh ta Adam sira nèng ngêndi |
unjuk wangsulanira |
dhuh Hyang Maha Agung |
duk mirèng sabdèng Paduka |
kawula jrih milamba sigra andhêlik |
wit kawula awuda ||

13. angandika Hyang Kang Maha Suci |
sapa ingkang mêmarah mring sira |
kalamun wuda yêktine |
apa baya sirèku |
uwis mangan wohe wit iki |
kang Sun karya [kar...]

3. anyingkiri.

--- 6 ---

[...ya] larangan |
mring jênêngirèku |
poma sira aywa mangan |
mring uwohe uwit sêsêngkêran iki |
Adam alon turira ||

14. dhuh Pangeran Hyang Kang Maha Suci |
tiyang èstri pêparing paduka |
punika wau jatine |
ingkang asung wohipun |
môngka inggih amba tampèni |
ugi kawula tédha |
dhuh Hyang Maha Luhur |
Pangeran nulya ngandika |
tingkah apa kang sira lakoni iki |
babu sira wanodya ||

15. sang wanudya umatur wotsari |
sawêr ingkang asung pangloropan |
dadya kawula têmahe |
anêdha woh puniku |
pan makatên dhuh Hyang Masuci |
mangkana sabdèng Allah |
asru dhawuhipun |
hèh ula sira pan kêna |
ing supata luwih saka sarupaning |
sato ing ara-ara ||

16. awit dene sira wus nglakoni |
kang kadyèka mulane ta sira |
gyanira mlaku dadine |
asarana wêtêngmu |
lan kang dadi panganirèki |
sajêge uripira |
iya iku lêbu |
lan Ingsun bakal akarya |
marang sira lan marang si ula masthi |
tansah padha mungsuhan ||

17. iya têtakan ing wijinirèki |
lan wijine sang wanudya ika |
tuhu kalamun bakale |
anгрêmuk mring êndhasmu |
dene sira bakal natoni |
dumunung nèng tungkaknya |
yèku dhawuhipun [dhawuhipu...]

--- 7 ---

[...n] |
sigra wau Hyang Mamulya |
adhêdhawuh mring wanudya sabdanya ris |
hèh ta sira wanudya ||

Khawèku môngka garwane |
mungguh Khawa sinêbut |
awit Khawa iku sayêkti |
dadya ibuning gêsang |
karsèng Hyang Maluhur |
manuswa sinung sandhangan |

18. wruhanira dènira garbini |
pan rinoban sagung kasusahan |
Ingsun kang angakèhake |
klawan rêkasa tuhu |
lamun sira anduwe bayi |
kayungyunira tan lyan |
ring lakinirèku |
ing môngka ta lakinira |
iku bakal amêngku mring wakirèki |
mangkana sabdèng Allah ||

19. hèh ta Adam rèh sira nuruti |
ring tuture bojonira ika |
apadene mangan wohe |
uwit sêngkêran Ingsun |
môngka walêr marang sirèki |
sira tan kêna mangan |
kang saka woh iku |
bumi kêna ing supata |
marga sira sajêge uripirèki |
kangelan bakal mangan ||

20. mring pamêtunirèng bumi iki |
êri bondhot kang dadi wêtunya |
mring sira iku dadine |
mangan janganan patut |
ênggonira mangan rêjêki |
kringêtên rainira |
kongsi praptèng lêbu |
dene lêbu ananira |
awit dene pinangkanta saka bumi |
ring bumi wus sambada ||

21. kacarita wau tiyang èstri |
sinung aran Khawa dening Adam |

--- 8 ---

kang kinarya saka walulang tumuli |
sinung ring Adam Khawa ||

22. Hyang Masuci angandika malih |
rèhning janma lir pêpadhaningwang |
bangkit nitèni anane |
ala lan bêcik iku |
tanganira mulung ywa kongsi |
ngalap marang wohira |
panguripan iku |
yèn ngantia janma mangan |
kang satêmah urip ing salami-lami |
dumadya Hyang Mamulya ||

23. anundhung ring Adam datan kêni |
dadunung nèng sajro taman ika |
dumadya manungswa lèngsèr |
karsanya Hyang Maha Gung |
Adam kinèn angulah bumi |
karya srana antuknya |
ing rêjêkinipun |
margi kang jog witing gêsang |
dipun jagi dening malaekat suci |
wèh asmara kang mulat ||

Kain kalihan Abil.

2. Asmaradana

1. Jêng Nabi Adam winarni |
kêkalih atmajanira |
kang tuwa Kain arane |
panênggak Abil kang nama |
pakaryan datan sama |
among kisma ingkang sêpuh |
pangèn menda kang taruna ||

2. anuju ing sajuga ri |
kocapa kêkalihira |
pan samya arsa mamule |
saos kurban mring Pangeran |
nêtêpi sarengatnya |
datan sami kurbanipun |
kêkalih warnining kurban ||

3. warni pamêdaling siti |
yèku [yè...]

--- 9 ---

[...ku] kurbannya kang tuwa |
dene kang anom kurbane |
pambajênging mendanira |
kinarsan Hyang Mamulya |
wit dene Abil puniku |
sinêksèn burusing budya ||

4. dene kurbanipun Kain |
datan katarimèng Allah |
kasaksèn lamun yaktine |
Kain tan burus ing budya |
bènèh lan arinira |
pramila rêngu kalangkung |
marêngut mring arinira ||

5. sabdèng Allah maring Kain |
yagene sira mangkana |
wruhanira yèn yaktine |
yèn dhasar sira prayoga |
masthi Ingsun tarima |
dene lamun tan kadyèku |
dosa angarah mring sira ||

6. nanging wruhanira Kain |
ywa têluk marang si dosa |
balik têlukna dèn age |
dupi sabda Hyang Mamulya |
tumanduk Kain sigra |
mring ari arsa kêkaruh |
mangkana ingkang kocapa ||

7. anuju sajuga ari |
kalihnya samya nèng sawah |
gya tuwuh kadursilane |
yun nganiaya arinya |
dupi sampun prastawa |
arinya sigra pinupuh |
sakala Abil palastra ||

8. Pangeran ngandika aris |
hèh ta Kain arinira |
Si Abil ngèndi dununge |
kawula botên uninga |
amba dede êmbannya |
mangkana Kain turipun |
Pangeran malih ngandika ||

9. apa kang sira lakoni |
dene gètihe arinta |
sambat maring Sun yaktine [yakti...]

--- 10 ---

[...ne] |
sira kê nèng ipat-ipat |
gyanira ngolah lêmah |
wohe bakal ora mêtu |
lan sira angulandara ||

10. Kain nulya matur aris |
dhuh Pangeran dosa amba |
kalangkung-langkung agênge |
datan kenging ingaksama |
sintên ingkang kapanggya |
kalihan kawula tamtu |
kawula gya pinêjahan ||

11. sihira Hyang Maha Suci |
Kain nulya tinêngêran |
dumunung anèng awake |
ciri tatêngêr pratôndha |
Kain ywa pinatenan |
sawusira kang kadyèku |
kesah saking ngarsèng Pangran ||

12. cinarita wau Kain |
nèng tanah gon dunungira |
sawetane tanah Edèn |
mênggah anak putunira |
samyambêk sumangkeyan |
anuruni yayahipun |
datan èngêt mring Pangeran ||

13. kunêng winursita malih |
turunnya Kain têtiga |
juga Yabal panêngrane |
yèku kang murwa pakirtyan |
ngumbara angon kewan |
kadwi Yubal namanipun |
yèku dadya lalu rinya ||

14. kang baud lêlagon gêndhing |
katri Tubalkain rannya |
sayang pandhe nalurine |
ênêngna putra tatiga |
gantya ingkang kocapa |
Khawa duk ing pêjahipun |
Abil kang putra winarna ||

15. babar putra kakung malih |
Nabi Sis panêngranira |
asma Sis iku wardine |
môngka [mông...]

--- 11 ---

[...ka] lintu ingkang ical |
yèku ingkang paputra |
Idris salèhnya kalangkung |
tan pègat madhèp ring Allah ||

16. tèmah kainggahkên swargi |
datan ngalami pralaya |
Idris pan ana turune |
mêtu sèlak asmanira |
yuswa panjang priyôngga |
sangan atus swidak taun |
atêtèp awèt taruna ||

Bumi kinêlêm.

3. Sinom

1. cinarita duk samana |
mindhak kathahing sujanmi |
durakanya mindhak-mindhak |
kang sami dipun lampahi |
karya bêndu Hyang Widhi |
sabdèng Allah Kang Maluhur |
manuswa badan wadhag |
yèkti mopo ing rèh mami |
Sun sabari jro satus rong puluh warsa ||

2. dupi wus praptèng ubaya |
tan tobat ring Hyang Masuci |
malah sangsaya andadra |
duskarti kang dèn lampahi |
karsanira Hyang Widhi |
manuswa arsa ginêmpur |
amung wontèn sajuga |
tiyang salèh Nuh kang nami |
pan punika ingkang manggih sihing Allah ||

3. dhinawuhan ing Pangeran |
kang supadya Ênuh kardi |
baita petak-petakan |
mawa jandhela myang kori |
asta ukuranèki |
panjangira tigang atus |
sèkêt asta mêngêngnya |
tri dasasta ingkang inggil |
sabab dene [de...]

[...ne] bumi arsa kinum toya ||

4. Nuh sagarwa putranira |
kalawan mantunirèki |
samyamba mbèng jro baita |
myang sanggyaning kang kumêlip |
rupa daging tan kèri |
tumul malbèng jroning prau |
myang sarupane pangan |
lan môngka bibit nèng bumi |
pan nyajodho kwèhnya kutu walangtaga ||

5. Nabi Nuh datan langgana |
anut agnyaning Hyang Widhi |
dene sanggyaning pra tiyang |
samyamba datan amraduli |
ring dhawuh Hyang Masuci |
samyamba dènnya andalurung |
pamurang-sarakira |
Nabi Nuh sigra umanjing |
jro baita garwa putra myang babêktan ||

6. duk samana yuswanira |
Nabi Ênuh amarêngi |
nêm atus warsa etangnya |
duk bumi kinêlêm warih |
Allah nulya ngancingi |
korining baitanipun |
dhasaring jladri bêngkah |
amênga korining langit |
kadidene dèn sokkèn dhawahing jawah ||

7. kang kadyèka laminira |
ngantos kawan dasa ari |
kawan dasa dalu tansah |
toya mindhak sabên ari |
agêng indhaking warih |
kang baita kampul-kampul |
saking agênging toya |
pucaking ardi kang nginggil |

8. dupi sampun gangsal cōndra |
punika katoging warih |
janma myang sato dharatan |
sadaya samya ngêmasi |
mung Nuh

--- 13 ---

sakônca tuwin |
kewan kang nêng jroning prau |
ingkang samya raharja |
liyan lêbur tanpa dadi |
sarêng sampun kawuntat sing gangsal wulan
||

9. Allah andhatêngkên barat |
gya wiwit surud kang warih |
baitanya Ênuh kandhas |
nêng pucak Ararat ardi |
dupi sampun angancik |
ing sadasa wulanipun |
pucaking sagung arga |
wus samya katingal malih |
sarêng sampun kawan dasa dintên êngkas ||

10. Ênuh ambikak jandhela |
gya anguculakên pêksi |
kang dèn culkên paksi dhandhang |
dhandhang mabur bola-bali |
nging tan malêbêt malih |
dhatêng jro sêngkêranipun |
gya nguculakên dara |
dara datan purun anis |
nulya wangsul malêbêt jro sêngkêrannya ||

11. êlêt pitung dintên nulya |
dara inguculkên malih |
wusing mabur bali sigra |
lunging jaitun cinangking |
antawis pitung ari |
nguculkên dara tan wangsul |
tutup baita sigra |
binuka dening Nuh aglis |
tiningalan lamun toya sampun asat ||

12. sasampunnya kalih cōndra |
tinon siti sampun gasik |
sigra Nuh sakancanira |

mijil sing baita sami |
sawijilira nuli |
saos kurban Nabi Ênuh |
yeka môngka pratōndha |
panuwun mring Hyang Masuci |
waktu ika Hyang Maha Mulya ngandika ||

13. tēmbē wuri [wu...]

--- 14 ---

[...ri] datan arsa |
ngipat-ipati ring bumi |
kang awit dening manuswa |
awit pikire tan bêcik |
alane wiwit cilik |
têmbe bumi iku tulus |
sajêge sinêbaran |
datan pêgat siyang ratri |
adhêm panas katiga rêndhêng ngundhuan ||

14. Nabi Ênuh sinung barkah |
kang rumêntah sing Hyang Widhi |
saha akarya prasêtya |
lir kang wus kawahyèng nginggil |
môngka têngêring jangji |
inggih punika kaluwung |
kocap putrèng Nuh tiga |
Sèm Kam lan Yapèt wêwangi |
yèku ingkang nurunkên sakwèh manuswa ||

Panggung ing Babil.

15. Jêng Nabi Ênuh kocapa |
duk seda yuswa marêngi |
sangan atus sèkêt warsa |
wusnya bumi kinum warih |
wêwah yuswèng jêng nabi |
tigang atus sèkêt taun |
môngka wuri tan ana |
umuring janma nyênjami |
mung umurnya Sèm dungkap nêmbus
warsa ||

16. wiwit nalika punika |
karosanira pra janmi |
katongton sangsaya suda |
kacihna umuring janmi |
sêpuh-sêpuhnya aming |
umur kawan atus taun |
datan antara lama |

mundur kathah ingkang warsi |
lami malih mandar amung satus warsa ||

17. nalika jaman punika |
wontên satunggaling janmi |
kaprênah

wayahira Kam |
Namrud sinêbuting nami |
ing nguni kang pakarti |
ambêdhag sato wana gung |
murwa ambawah janma |
masesa myang misesani |
yasa kraton ing Babil langkung kuncara ||

18. basanya sanggyaning janma |
mung ngangge basa satunggil |
kocapa tyang tanah Singar |
pan sami sagolong pipis |
arsa mangun nagari |
mawi panggung gêng aluhur |
dêdêl sundhul akasa |
misuwura ingkang nami |
lan tatêngêr manuswa ywa pating slêbar ||

19. nanging prakawis punika |
Pangeran datan marêngi |
pramila nulya tumêdhak |
ngisruhkên basaning janmi |
dumadya tan mangrêti |
wicaraning kancanipun |
uwuk yêyasanira |
para tiyang buyar sami |
ting salêbar lir pucung ngêbaki jagad ||

Nabi Ibrahim tinimbalan.

**Papisahan kalihan
kapenakanipun nama Lut.**

4. Pocung

1. sêkar Pucung kocapa ing nagari Ur |
wontên tyang sajuga |
turasira Sêm ing nguni |
nama Terah pan tatiga kang atmaja ||

2. kang rumuhun yèku Abram asmanipun |
Nakor kalihira |
katiga Aran wêwangi |
kacariyos dupi Aran tilar dunya ||

3. kang winuwus

Terah dalah rayatipun |
gya pindhah panggenan |
dhatêng ing Mesopotami |
kang nagari sinêbut nagari Aran ||

4. duk puniku manuswa kathah kalangkung |
kêdhik ingkang nêmbah |
maring Allah Kang Sajati |
kang dèn sêmbah dede jatining Pangeran ||

5. Hyang Maha Gung mring Abram nulya
dhêdhawuh |
mangkana sabdanya |
Pangeran Kang Maha Suci |
Abram kinèn nilar tanah wutah rahnya ||

6. kang tinuju kang dèn têdah Hyang
Matuhu |
dhatêng Nabi Abram |
wontên ngriku dèn barkahi |
pinêncarkên dadya bôngsa andrêbala ||

7. asmanipun kinarya mulya Hyang Agung |
Abram dadya marga |
barkahnya Hyang Maha Suci |
sadhengaha ingkang asih dhatêng Abram ||

8. sampun tamtu antuk sihnya Hyang
Matuhu |
wangsul sadhengaha |
ingkang angipat-ipati |
dhatêng Abram antuk supataning Pangran ||

9. sakwèhipun janmantuk barkah Hyang
Agung |
tan lyan saking Abram |
yèku dhawuh Hyang Masuci |

dhatêng Abram duk nalika tinimbangan ||

10. gupuh-gupuh Abram satampinya
dhawuh |
anulya bidhalan |
mèstuti dhawuh Hyang Widhi |
kang kabêkta nênggih Sarah ingkang garwa
||

11. ingkang katut kapenakannya nama Lut |
duk kala samana |
yuswanya Abram marêngi |

--- 17 ---

etangira pitung dasa gangsal warsa ||

12. sarêng sampun Nabi Abram tindakipun |
prapta ing Kanangan |
sigra Hyang Kang Maha Suci |
ngatingali maring Abram kêkasihnya ||

13. saha dhawuh mangkana sabda Hyang
Agung |
mungguh iki tanah |
kang wus sira uningani |
bakal Ingsun paringake turunira ||

14. dupi sampun tarwaca panampinipun |
Nabi Abram sigra |
yasa pakurbanan aglis |
myang mamuji konjuk asmaning Pangeran ||

15. kang winuwus Nabi Abram kalawan Lut
|
darbe rajakaya |
kathahira anglangkungi |
bumi ngriku karya angèn datan cêkap ||

16. pangènipun Nabi Abram lan pangèn Lut
|
samy padudonan |
rêbatan pangenan sami |
Nabi Abram myang Lut sami pirêmbagan ||

17. rèhne aku lan kowe padha sadulur |
tanah iki jêmbar |
kang supaya aja kongsi |
jênêngira lan aku padha sulaya ||

18. pra pangonku kalawan para pangonmu |
pisahan kewala |

aku nganan kowe ngering |
lamun kowe manêngên aku kang ngiwa ||

19. tumulya Lut milih siti imbangipun |
Yardèn kang bangawan |
laladan Ngamorah nagri |
kang sitinya sakalangkung êlohira ||

20. êlohipun lir pendah taman ing Pirdus |
Lut [Lu...]

--- 18 ---

[...t] manggyan ing kana |
dene Nabi Abram ngalih |
dhatêng Mamrèh cêlak Kebron kang nagara
||

21. kang winuwus Kedarlangomêr^[4] Sang
Prabu |
natêng nagri Elam |
nglurug maring Sadum nagri |
lan Ngamorah arsa pinukul ing yuda ||

22. Raja Sadum lan Ngamorah yudanipun |
kasor kalihira |
sawadyanya kèngsêr sami |
saisinya sanggyaning griya jinarah ||

23. sakwèhipun para tiyang tanapi Lut |
kapikut tinawan |
sigra binoyongan sami |
dening Prabu Kedarlaomêr sawadya ||

24. lah ing ngriku wontên sajuga tyang
Sadum |
kêbat tur uninga |
dhatêng ngarsèng Abram Nabi |
purwa madya wusananya ingkang aprang ||

25. gupuh-gupuh Abram arsa magut pupuh |
kêrigan sawadya |
sumêkta ing damêl sami |
cacahira tyang tigang atus wolulas ||

26. sang aprabu Kedarlaomêr katukup |
anèng pasipêngan |
kêplayu wau sang aji |
Lut sabrayat wah sabarang darbèkira ||

27. bala Sadum sarta jarahan karêbut |
dening Nabi Abram |
sadaya tan ana cicir |
Nabi Abram gya kondur ing nagrinira ||

28. konduripun Nabi Abram dipun pêthuk |
Ratu Salèm praja |
Malkisèdèk Narapati |
ngiras imamira Allah

Kang Mamulya ||

29. kusung-kusung atur roti saha anggur |
dhatêng Nabi Abram |
binarung puji mawanti |
Abram mugè antuk barkah sing Hyang
Mulya ||

30. Hyang Maha Gung kang mêngku bumi
swarga gung |
Allah kaluhurna |
dene sampun karsa ngusir |
mêngsah samya dèn ulungkên ring andika ||

31. Raja Sadum pinanggih mring Abram
sampun |
nêdya tyang boyongan |
kawulanira pribadi |
dene barang jarahan datan ingetang ||

32. karsanipun lêstantun kagunganipun |
Kangjêng Nabi Abram |
nanging Abram datan apti |
lon mangsuli dêmi Allah Kang Mamulya ||

33. dhuh sang prabu kawula pan botên purun
|
mamêndhêta barang |
kagungan paduka aji |
sanadyana bêng saêlêr kewala ||

34. andhapipun jangêt trumpang inggih
sampun |
supadya wurinya |
aywa paduka mastani |
Ingsun ingkang nyugihake marang Abram ||

Kumandêlipun Nabi Ibrahim.

5. Pangkur

1. kapungkur rêh Sadum praja |
cinarita datan antara lami |
wau ta Hyang Maha Agung |
ngatingali mring Abram |
adhêdhawuh maring Abram sabdanipun |
Abram aywa

--- 20 ---

wêdi sira |
Ingsun têtamèngirèki ||

2. lan ganjaranira nyata |
luwih agung tan ana kang madhani |
Nabi Abram nulya munjuk |
dhuh Pangeran Yêhuwah |
paring Tuwan punapa pratandhanipun |
kalangkung runtag tyas amba |
paduka tan paring wiji ||

3. Pangeran nulya ngandika |
maring Abram sira tumêngèng langit |
milanga kwèh lintangipun |
kalamun sira bisa |
wruhanira ing tèmbe turunirèku |
lir lintang iku cacahnya |
pan datan kêna winilis ||

4. lêga tyasira Abraham |
lêganira kanthi kumandêl ugi |
ring dhawuhirèng Hyang Agung |
Pangeran Kang Mêngku Rat |
môngka ingkang dadya kumandêlnya wau |
inganggêp dening Pangeran |
dadya kautamèn yakti ||

5. kunêng gantya kang winarna |
Nabi Abram duk yuswanya marêngi |
etang sangang dasa taun |
tampi dhawuhing Pangran |
Ingsun iki Allah Kang Makwasa tuhu |
sira madhêpa maringwang |
kang tèmên-tèmên ing ati ||

6. Sun arsa karya prasêtyan |
lawan sira lan turunira wuri |
Sun karya kang luwih agung |
marmane jênêngira |

karan Abram iku bakal Ingsun pundhut |
samêngko sira arana |
Ibrahim iku mantêsi ||

7. sabab sira Ingsun karya |
lêlajêre bôngsa akèh ing bumi |
sawusira kang kadyèku [kadyè...]

--- 21 ---

[...ku] |
Allah Kang Maha Mulya |
andhawuhkên mring Ibrahim umatipun |
pranatan têtak namanya |
môngka têngêring prajangji ||

8. tan antara Allah nulya |
ngatingali dhatêng Ibrahim malih |
wontên Mamrèh dunungipun |
têngange wancinira |
eca lênggah Nabi Ibrahim jro tarub |
dupi jêng nabi tumênga |
myat tatiga kwèhning janmi ||

9. Ibrahim gupuh amapag |
myang umatur kanthi sumungkêm bumi |
mangkana kang dadya atur |
yèn wontên sih paduka |
kawula yun ngambil toya wijik suku |
sumôngga paduka lênggah |
mungwing soring wit puniki ||

10. kawulatur roti pisan |
sigra-sigra jêng nabi malbèng panti |
sung parentah garwanipun |
apêm dèn ratêngana |
kangjêng nabi sigra mragat pêdhèt lêmu |
sasampunira ingolah |
linadoskên gya binukti ||

11. wusing dhahar Pangran nabda |
Ingsun arsa bali marene maning |
sataun manèh kang waktu |
lawan wêruhanira |
lamun Sarah bakal duwe anak jalu |
mangkana sabda Pangeran |
kang dhumawuh ring Ibrahim ||

12. tatkala samana Sarah |
lagya eca nèng jro tarub alinggih |
wus waspada ing pangrungu |
gumuyu jro wardaya |
Allah nabda paranbaya Sarah guyu |
tan na mokal mungguh Pangran |
mung sira aywa ngunduri ||

Pandonganipun Nabi Ibrahim.

6. Durma

1. tamu tiga wau lajêng sami bidhal |
laju dènnya lumaris |
maring Sadum praja |
Nabi Brahim tut wuntat |
ngandika Pangran nèng margi |
Ibrahim masa |
ora Ingsun blakani ||

2. mring prakara kang masthi bakal
tumindak |
awit sagung pra jinis |
olèhe sih samya |
marga saka Abraham |
lan manèh wus Ingsun piji |
marentahana |
anak putune sami ||

3. padha ngambah dalan pitêdahe Pangran |
nglakoni bènêr bêcik |
saksana Pangeran |
paring priksa ring Abram |
badhe ngrisak Sadum nagri |
lawan Ngamorah |
satiyangira sami ||

4. awit dene saking kwèh durakanira |
saksana Nabi Brahim |
marêk ngarsèng Pangran |
umatur angrarêpa |
dhuh Pangeran Kang Masuci |
punapa Tuwan |
karsa numpês ring janmi ||

5. ingkang sae tunggil lan ingkang duraka |
manawi dalêm nagri |
wontên tiyangira |
sèkêt ingkang utama |
punapa Tuwan tan mlasi |
kang kathah-kathah |
wit saking sèkêt janmi ||

6. Gusti Allah gya mangsuli pangandika |
lamun ana wong bêcik |
sèkêt cacahira |
ana Sadum nagara |
kang akèh-akèh sayêkti |
Ingsun apura |
wit wong sèkêt kang bêcik||
[bêci...]

--- 23 ---

[...k||
]

7. Kangjêng Nabi Ibrahim matur ing
Pangran |
dhuh Allah Kang Masuci |
sanadyan kawula |
lêbu awu wujudnya |
kawula yun matur malih |
ing ngarsa Tuwan |
dhuh Pangran Kang Masuci ||

8. lamun tiyang sèkêtipun kirang gangsal |
ing Sadum kang prayogi |
nagari punika |
sèstu Tuwan tumpêsa |
Pangeran Kang Maha Suci |
mangsuli sabda |
datan dèn tumpês pasthi ||

9. lamun wonge ganêp patang puluh lima |
Kangjêng Nabi Ibrahim |
tansah matur ngayang |
mring Allah Kang Mamulya |
nagari punika bilih |
wontên tiyangnya |
kawan dasa kang janmi ||

10. mundur-mundur tigang dasa kalih dasa |
malah-malah manawi |
amung tyang sadasa |
kang mungging Sadum praja |
Pangeran inggih nyagahi |
andikanira |
sok dhasar wonge bêcik ||

11. kang tinêmu ana ing Sadum nagara |
nadyan cacahing janmi |
sapuluh kewala |
wuk tumpêse nagara |

Pangeran gya linggar aglis |
Jêng Nabi Abram |
kondur ing Mamrèh nagri ||

Risaking nagari Sadum kalihan Ngamorah.

12. dupi sampun ing wanci sontên Pangeran
|
têdhak ring Sadum nagri |
ingkang atut wuntat |
kêkalih malaekat |
Lut [Lu...]

[...t] pinuju lênggah mungging |
korining kitha |
dupi Lut aningali ||

13. ing rawuhnya kêkalih sang malaekat |
dadak Lut klintu tampi |
kinintên bilih tyang |
kang lagya alêlampah |
nulya mêtuk ngacarani |
kang lagya prapta |
dahat dènnya mangungkih ||

14. ingaturan nyare mungging wismanira |
malaekat nglêgani |
wusnya samya lênggah |
gya sinunggata dhahar |
dupi sampun madya latri |
tiyang Ngamorah |
sêpuh lan anèm sami ||

15. anggarubyug mring wismanira Lut
nêdya |
nandukkên kang piranti |
arsa amaeka |
ing tamu kêkalihnya |
dening Lut dipun panggih |
tyang Sadum samya |
pinênging datan kenging ||

16. malaekat kêkalih anulya mêdal |
narik Lut manjing aglis |
kinancing korinya |
sagung tyang kang nêng jaba |
katanduk wêwalat sami |
wuta netranya |
bingung datan wrin margi ||

17. mèk-êmèkan ngupaya kori tan manggya |
malaekat nabda ris |

hèh Lut lamun sira |
adarbe kulawôngsa |
kang nêng jro nagara iki |
sira ajaka |
mêtu jaba dèn aglis ||

18. awit dene praptèngsun iki dinuta |
dening Hyang Maha Suci |
kinèn angrusaka |
nagara Sadum ika |
Lut tumulya asung warti |
nalar sadaya |
mring calon mantunèki ||

19. calon mantu wau sami [sa...]

--- 25 ---

[...mi] tan pracaya |
panampinira sami |
sêmbranana kewala |
dadya tilar waweka |
dupi wanci bangun enjing |
sang malaekat |
nulya ngatag Lut aglis ||

20. kinèn mijil sing nagari gêgancangan |
dalah saanak-rabi |
nging Lut tansah randhat |
gya malaekat ngasta |
maring Lut saanak-rabi |
kairit mêdal |
saking Sadum nagari ||

21. sarêng sampun dumugi sajawu praja |
malaekat nabda ris |
aja noli sira |
rêbutên uripira |
ywa mandhêg nêng wêngkon iki |
supaya sira |
ywa kongsi katut mati ||

22. tindakira Lut wus prapta nagri Soar |
sawijilnya hyang rawi |
nulya Gusti Allah |
anjawahkên walirang |
myang latu saking wiyati |
nampuh nagara |
Sadum Ngamora sami ||

23. myang anumpês maring nagari punika |
sawawêngkonnya sami |
wus asirna gêmpan |
tan na môngga puliha |
semah Lut noli nêng margi |
malih sakala |
tugu sarêm kang warni ||

24. kawuwusa Ibrahim ing enjangira |
dhatêng panggenan nguni |
duk marêk Pangeran |
tumênga myat nagara |
Sadum Ngamora katawis |
kukus dahana |
umijil saking bumi ||

Lairipun Nabi Iskak, Ismangil katundhung.

7. Mijil

1. prasêtyanya Allah mring Ibrahim |
amangkya katuhon |
amarêngi Ibrahim yuswane |
satus warsa etangnya lumaris |
Sarah anggarbini |
babar putra kakung ||

2. sinung têngêr Iskak kang bêbaya |
putra nêmbè miyos |
duk samana Ibrahim wus darbe |
putra jalu anama Ismangil |
mijil saking sêlir |
Agar namanipun ||

3. pamêgêngnya Iskak sang bêbaya |
ing sajro pakuwon |
giyak-giyak suwara arame |
ôndrawina siyang miwah ratri |
samana Ismangil |
sêmbrana bêk rusuh ||

4. Sarah matur ing Nabi Ibrahim |
ananging lêlakon |
lamun Agar dalah atmajane |
tinundhunga kewala sing ngriki |
Jêng Nabi Ibrahim |
duk myarsa turipun ||

5. mring kang garwa Jêng Nabi Ibrahim |
rêgunya kapatos |
ning Pangeran nulya lon dhawuhe |
aja rêngu hèn sira Ibrahim |
apa ingkang dadi |

6. turutana kewala abêcik |
iki kang lêlakon |
turunira sing Iskak bakale |
pancêr iki kang êmban prajangji |
aywa cilik ati |
mring Ismangil iku ||

7. têngbenira bakal Ingsun kardi |
pinunjul sakwèh wong |
bakal dadi bôngsa

luwih gêdhe |
dupi enjing Jêng Nabi Ibrahim |
Agar myang kang siwi |
kalihnya tinundhung ||

8. sinangonan roti tuwin warih |
wisata sakloron |
lampahira kasasar margane |
ngara-ara ing Bèrseba sêpi |
têlas ingkang warih |
dumugi ing ngriku ||

9. sêndhang-sêndhang tan wontên pinanggih
|
kasatan sayaktos |
atmajanya gya sinèlèh age |
mungging soring ingkang uwit-uwit |
tinon saking têbih |
sarwi thênguk-thênguk ||

10. awit datan wantala ningali |
namtokakên layon |
tan antara Ismangil sambate |
piniarsa dening Hyang Masuci |
gya anuduh maring |
malaekat tulung ||

11. malaekat nguwuh Agar aglis |
andikanya alon |
hèh ta Agar yagene ta kowe |
aywa sira sumêlang kapati |
wudhara sing kingkin |
pitulung Hyang Agung ||

12. sanalika dumadya Agar wrin |
wontên sêndhang tinon |
atmajanya nulya sinung ngombe |
môngka Allah jangkung ring Ismangil |
kongsi praptèng wanci |

13. ngara-ara Paran ingkang nami |
sirna kang prihatos |
dadya gërma tèmbe nurunake |
kalih wêlas cacah para aji |
myang bôngsa Ismangil |
iku tédhkipun ||

Nabi Iskak badhe kadamêl kurban.

8. Kinanthi

1. kinanthi wuryaning tutur |
tinutur Nabi Ibrahim |
dupi wus antara lama |
jêng nabi arsa cinobi |
dening Pangeran kang mulya |
supaya ngurbana siwi ||

2. mangkya pangandikanipun |
Pangeran Kang Maha Suci |
hèh Ibrahim sutanira |
Si Iskak kang ontang-anting |
kang sira trêsnani ika |
winawaa marang ardi ||

3. tanah Moria kang gunung |
ana ing kono dèn aglis |
karyanên kurban obaran |
mangkana karsèng Hyang Widhi |
kawuwusa wanci enjang |
anênggih Nabi Ibrahim ||

4. ing abahan kuldinipun |
wisata lawan kang siwi |
abdi kêkalih tut wuntat |
winawanan kayu aking |
kang wus samya sinigaran |
tumindak agnyèng Hyang Widhi ||

5. cinarita lampahipun |
dupi wus antuk tri ari |
Nabi Ibrahim tumênga |
myat unggyan ardi sing têbih |
Nabi Ibrahim gya ngagnya |

maring abdinira kadwi ||

6. hèh sira karo baturku |
kèri kene nunggu kuldi |
mung Iskak arsa sun gawa |
wusing sêmbahyang sun bali |
laju Ibrahim tindaknya |
nyangking latu miwah sêking ||

7. Nabi Iskak kang tut pungkur |
winawanan kayu aking |
dupi anèng têngah marga |
umatur maring sudarmi [sudar...]

--- 29 ---

[...mi] |
dhuh rama anggèn paduka |
asaos kurban puniki ||

8. latu tuwin kajêngipun |
sadaya sampun cumawis |
wangsul cêmpenya dhuh rama |
punika wontên ing pundi |
Ibrahim mangsuli sabda |
dhuh anggèr ywa walangati ||

9. gampang prakarane wêdhus |
Kang Masuci kang maringi |
laju wus praptèng unggyannya |
pakurbanan gya rinakit |
kajêng tinrap saluhurnya |
sasampunira rumanti ||

10. Nabi Ibrahim abikut |
kang putra dipun tangsuli |
tinumpang pancaka sigra |
tumulya anambut sêking |
tumêlung yun mragat putra |
lah malaekat kang suci ||

11. sing swarga anguwuh-uwuh |
hèh Ibrahim dèn aririh |
dêlingna andikèng Allah |
mangkya dhawuh Kang Masuci |
bocahe ywa pinarjaya |
tatela trang yèn sirèki ||

12. dhasar wêdi mring Hyang Agung |
kongsi tan ngeman ring siwi |
sanadyan kêkasihira |
pinundhutan dèn cukêngi |
duk ana swara kapyarsa |
Nabi Ibrahim tumolih ||

13. katon ana kambing jalu |
kacangkol singating kambing |
Ibrahim awas tumingal |
cinêpêng sigra kang kambing |
anulya kinarya kurban |
môngka lalintu kang siwi ||

14. malaekat malih nguwuh |
dinêlingna hèh Ibrahim |
dhawuhe Allah mring sira |
dêmi asmanya pribadi |
rèh sira wus lumaksana [luma...]

--- 30 ---

[...ksana] |
tumindak rèh Kang Masuci ||

15. kongsi tan ngeman sirèku |
mring anakira kêkasih |
mula tédhakira bakal |
binarkahan Kang Masuci |
lir kwèh lintang ing akasa |
cacahe turunirèki ||

16. uga pra jinis sadarum |
tômpa barkah Kang Masuci |
tan liya marga sing sira |
de sira datan ngukuhi |
pinundhut atmajanira |
mèstuti Kang Maha Suci ||

17. sawusira kang kadyèku |
wau ta Nabi Ibrahim |
kondur dhatêng nagarinya |
panggih lan abadinya kalih |
môngka Iskak atut wuntat |
brôngta ring Bèrseba nagri ||

Kramanipun Nabi Iskak.

9. Asmaradana

1. kunêng gantya kang winarni |
Nabi Ibrahim myang garwa |
wus samya kathah yuswane |
Sarah kang rumuhun seda |
nèng Kebron yuswanira |
satus pitu likur taun |
Nabi Ibrahim karuna ||

2. wusing tataning patangis |
sinarèkakên ing guwa |
guwa Kumakpelah rane |
guwa punika antuknya |
Ibrahim srana numbas |
saking para tyang ing ngriku |
kinarya gènthan slaminya ||

3. samana Nabi Ibrahim [Ibrahi...]

[...m] |
pan sampun sêpuh ing yuswa |
kang môngka Iskak putrane |
dèrèng nambut palakrama |
karya susahing driya |
jêng nabi nimbali sampun |
mring sajuga abdinira ||

4. ingkang pinitayèng salir |
barang darbèk kagungannya |
ring abdi ing pangwasane |
abdi sawusnya ngandikan |
lon sowan ing ngarsanya |
alinggih pranata sampun |
jêng nabi dhawuhkên sabda ||

5. marma sira sun timbali |
dadia wêruhanira |
kalamun ingsun wus lungse |
môngka Iskak putraningwang |
jêjaka ananira |
akarya duhkitaningsun |
sira kang ingsun pitaya ||

6. enggal upayakna rabi |
prayoga môngka timbangan |
mring Iskak dadi jodhone |
poma-poma wêkas ingwang |
lamun sira ngalapa |
mring wanudya aywa kliru |
wanita tanah Kênangan ||

7. iku taturunan kapis |
uripe nêmbah brahala |
kayu watu pêpujane |
tan wrin mring Allah sanyata |
kang murba ananira |
bumi langit samodra gung |
lawan kang dadya isinya ||

8. balik sira angulati |
kang môngka rabine Iskak |
iku pinèta asale |
saka tanah Pandanaran |
tanah klairan ingwang |
kang dadi wrêsnî wangsaku |
sêmbada rabine Iskak ||

9. estokna pêpacuh iki |
kênaa supata sira [si...]

[...ra] |
kalamun sira nyalèwèng |
murang sing parentah ingwang |
gugu karêp priyôngga |
kasiku Allah Maha Gung |
jêng nabi wusnya ngandika ||

10. awotsari kanang abdi |
lumèngsèr saking ngarsanya |
wisata dalah wawane |
wawane unta sadasa |
winratan rajabrana |
papèni môngka pamêthuk |
sinung sing bandaranira ||

11. lêpas lampahé wus prapti |
laladan nagari Aram |
apan ing ngriku unggyane |
santanira Abraham |
Nakor kêkasihira |
lon jêrumkên untanipun |
mungwing satêping sêndhang ||

12. anèng sêndhang kanang abdi |
gya nyanyuwun mring Allahnya |
alon wijiling unjuke |
dhuh Pangeran Allahira |
Ibrahim bandarèngwang |
rumêntah asih pukulun |
mring Iskak ari punika ||

13. mugi-mugi lampah patik |
sinagêdna antuk karya |
punikèstri yun mên dhêt we |
rare-rare maksih kênya |
ulun damêl têtmbaya |
amba badhe asung têtmbung |
ring salah juga raryeka ||

14. bok aku sungana warih |
pinèt saka êjunira |
apan ingsun arsa ngombe |
dhuh gusti pra lare samya |
pundi paduka têtah |
kinarsakkên jodhonipun |
nènggih Iskak bandaramba ||

15. panuwun kawula gusti |
mugi lare mangsulana |
sumôngga andika

ngombe |
sumawana unta dika |
kula ombèni pisan |
makatên pêpanggil ulun |
dhuh gusti mugè pinyarsan ||

16. sawusira kang kadyèki |
wontên wanudya sajuga |
prapta sarwi ngindhiti june |
kanang abdi kagawokan |
umyat endahing warna |
maring kênya ingkang ngangsu |
wusnya kang jun ingisenan ||

17. tan sarônta kanang abdi |
gya mêtuk sarywa wacana |
aku wènèhana ngombe |
pinèt saka êjunira |
sathithik bae trima |
sang kênya mangsuli wuwus |
sumôngga dika ngunjuka ||

18. lan unta andika sami |
arsa ngong ombèni pisan |
sawusnya abdi angombe |
lare maksih ngambil tirta |
karya ngombèni unta |
wusing ngombe untanipun |
abdi anjêtung kaliwat ||

19. kalpika jêne ingambil |
sangsangan jêne sapasang |
sinung ring lare myang takèn |
sirèku yogane sapa |
lan sapa aranira |
sang kênya mangsuli wuwus |
kalamun andika tanya ||

20. nênggih dhatêng awak mami |
Ribkah paringing sudarma |
sudarma kula Bêtuel |
dene Bêtuel punika |
putra Nakor lan Milkah |
pratyaksa abdi asujud |
sumungkêm maring pangeran ||

21. pangudasmaraning abdi |
linuhurna Kang Mamulya |
dene têtaka agung sihe |

muwah ing kasêtyanira |
marang bandaraningwang |
lan wus ngirid salakuku |
praptèng wismèng wangsanira ||

22. ênêngêna wau abdi |
Ribkah mantuk gégancangan |
lêstari praptèng wismane |
sung warta ring ibunira |
myang Laban sadhèrèknya |
wisata Laban amêthuk |
ing praptane taminira ||

23. wus cundhuk lan kanang abdi |
ingirid laju lampahnya |
dupi wus praptèng wismane |
sinambroma ing pambagya |
wusnya atata lênggah |
sinugata sugun-sugun |
nging abdi dahat langgana ||

24. kumêdah pratela dhihin |
ingkang dadya lampahira |
ring Laban alon ature |
sanggyaning pitungkasira |
Ibrahim bandaranya |
wah sagung lampahanipun |
purwa madya wasananya ||

25. tata titi tètèh titis |
têtês tan na kaliwatan |
kocap Laban lan Bêtuèl |
duk miyarsa turing abdya |
tumanêm ing wardaya |
lamun prakawis puniku |
trang saking karsèng Pangeran ||

26. Laban myang Bêtuèl sami |
tan langgana lir rêmbagnya |

kanang abdi lêga tyase |
parusa mijilkên barang |
jêne tuwin salaka |
miwah wastra wusnya cancut |
nulya sinung dhatêng Ribkah ||

27. mangkya abdi Jêng Ibrahim |
dalam ing sarowangira |
tan langgana mangan ngombe |
samyang sipêng ing ratrinya |
dupi wus praptèng [pra...]

--- 35 ---

[...ptèng] enjang |
minta pamit ayun mantuk |
anging dahat ginendholan ||

28. binudi sipênga malih |
ngantya sawatarèng arya |
anging dahat langganane |
abdi alon saurira |
aywa pisan andika |
anggendholi lampah ulun |
jêr Allah wus nganthi kula ||

29. rowanging kardi nambungi |
Ribkah tinari kewala |
kadya paran ing karsane |
wisata ari punika |
napi arsa samaya |
nulya Laban nuduh gupuh |
animbali dhatêng Ribkah ||

30. tan antara sampun prapti |
ing ngarsanira sudarma |
lon nabda wau Bêtuèl |
hèh Ribkah atmajaningwang |
ingsun arsa têtanya |
paran kang dadi karêpmu |
ing rèhe utusan ika ||

31. wit arêp bali ri iki |
sira pan arsa winawa |
kèrida ing salakune |
apa sira nut ing lampah |
apa sira langgana |
wangsulana dhuh anakku |
prasajaa mring sudarma ||

32. Ribkah nanggapi sudarmi |
alon wijiling turira |
dhuh rama kula andhèrèk |

kèrida ari punika |
winawa ing utusan |
sudarma paring pangèstu |
Ribkah gya sinung pawongan ||

33. wusnya dènira cêcawis |
nulya Ribkah bêbidhalan |
wisata sapawongane |
prathistha gigiring unta |
ginarbêg abdèng Abram |
ênêngèna

--- 36 ---

ingkang kantun |
wuwusên kang lumaksana ||

34. tan antara sampun prapti |
pêdhak lan unggyan Abraham |
nujwa wayah lingsir kulon |
amarêngi Nabi Iskak |
mijil arsa sêmbahyang |
ngara-ara kuwonipun |
tumênga myat unta prapta ||

35. nênggih Ribkah ingkang prapti |
duk mulat ana sujanma |
lumaksa nuju parane |
anulya têdhak sing unta |
alon dènnya têtanya |
sapa baya uwong iku |
lumakwa mapag maringwang ||

36. kanang abdi awotsari |
punika bandara Iskak |
Ribkah duk mirêng ature |
anulya lumakswa dharat |
maoni busananya |
tinrap sigra kang kakudhung |
môngka sasabing wadana ||

37. wus cundhuk putra lan putri |
kanang abdi apêpajar |
ring Iskak ing salampahe |
purwa praptèng wasananya |
Iskak gya nambut Ribkah |
winawa tarubing ibu |
titi kartining pangantyan ||

38. Ribkah dahat dèn trêsnani |
tulus samya sih-sinihan |
dadya Iskak lipur tyase |
gyannya tinilar ing rena |

wus lama duhkitèng tyas |
kunêng ingkang manggung lipur |
wuwusên Nabi Abraham ||

39. yuswanira kangjêng nabi |
satus pitung dasa gangsal |
tuwuk nèng donya sugênge |
mangkya wus têtèng samaya |
jêng nabi nulya seda |
sinarèkkên kuburipun |
dening Ismangil myang Iskak ||

Nabi Yakub lan Esap.

10. Sinom

1. taruna Iskak winarna |
duk panggih Ribkah marêngi |
yuswa kawan dasa warsa |
dahat dènira mamuji |
lami datan sasiwi |
praptèng yuswa swidak taun |
paputra kakung kêmbar |
pambayun Esap kang nami |
kang taruna yèku Yakub namanira ||

2. nanging tan paja membaa |
ing warni solah-bawèki |
wagu kau ingkang wrêdha |
kang mudha alus asigit |
kawarni putra kalih |
duk nèng guwa-garbèng ibu |
Allah uwus ngandika |
mring Ribkah pasthining bayi |
ingkang wrêdha ngawula ring kang taruna ||

3. duk sampun samya diwasa |
Esap myang Yakub kang ari |
Esap baud ambabêdhag |
ngulandara ing wanadri |
bènèh lawan kang ari |
Yakub alus ambêkipun |
nglaluri tata ngadat |
caraning laluhurnèki |
ngangèn kewan nèng jro tarub manggyanira
||

4. Iskak trêsnanya kalintang |
maring Esap ingkang siwi |
sêpta dhahar olahannya |
bêdhagan antuk wanadri |

bènèh Ribkah nrêsnani |
maring Yakub putranipun |
asigit tur jatmika |
kumantil kulunging ati |
kawuwusa anuju ari sajuga ||

5. Yakub lagyanggodhog kacang |
Esap prapta sing wanadri |
srira sayah ambabêdhag |
myat ing ari angratêngi [a...]

[...ngratêngi] |
nulya nêmbung ring ari |
sun anjaluk godhoganmu |
amarga aku sayah |
kacang môngka tambak ngêlih |
lon nauri Yakub akarya prasapa ||

6. mangkana prasapanira |
samangkya wênangirèki |
pambayun sira êdola |
lumuntur mring awak mami |
wênang pambayun yêkti |
guna mringwang luwih agung |
Esap angunandika |
sun masa wurunga mati |
wênang barêp guna apa mring wak ingwang
||

7. gya sinade wênangira |
dadya pambayun ring ari |
kanthi kêkahing supata |
mring Yakub wênang lumintir |
Yakub nulya ngaturi |
dhaharan godhoganipun |
tinampan dening Esap |
wusing bukti wisata glis |
tan ngetanga icaling pambayunira ||

8. sigêg gêntya kawursita |
anênggih Iskak Jêng Nabi |
pan sampun sêpuh ing yuswa |
tidha paningalirèki |
nulya nimbali aglis |
maring Esap putranipun |
wus praptèng ngarsèng rama |
sinungan andika aglis |
e anakku saiki aku wus tuwa ||

9. datan pisan yèn wikana |
ing dina ênggonku mati |

dèn kêbat sira ngambila |
endhong lan gandhewanèki |
mijila mring wanadri |
angolèhna daging mring sun |
kang dadi sêptaningwang |
cawisna arsa sun bukti |
mumpung urip batinku asunga barkah ||

10. Esap nulya lumaksana |
wisata maring wanadri [wana...]

[...dri] |
mèstuti agnyaning rama |
ngulati kang dèn sêptani |
nêngna kang mring wanadri |
wau ta ingkang winuwus |
rikala Iskak ngagnya |
mring Esap Ribkah miyarsi |
sigra-sigra Ribkah ngulah cêcawisan ||

11. cêmpe kang karya caosan |
Yakub kang kinèn ngladosi |
supados Yakub angsala |
pangestunirèng sudarmi |
nanging Yakub mangsuli |
kadya paran prakarèku |
alus pakulitanba |
kakang dhiwut ingkang kulit |
kula ajrih bokmanawi rama wikan ||

12. tangèh kula yèn angsala |
pangèstunirèng sudarmi |
bok malah antuk wêwalat |
lir tyang balilu wak mami |
Ribkah alon nambungi |
babo nyawa putraningsun |
walate sun kang nôngga |
mung mituruta rèh mami |
lah dèn kêbat sira ngambila mendanta ||

13. wusnya ingambilkên menda |
anulya dipun ratêngi |
ingulah môngka saosan |
walulange punang kambing |
inganggèkakên aglis |
maring Yakub putranipun |
tinutup sandhangannya |
kang putra Esap kang adi |
kang sumimpên munggèng simpênaning
rena ||

14. Yakub marêk ngarsèng rama |
pan sarwi umatur aris |
dhuh rama putranta sowan |
Iskak amangsuli aris |
dhuh-adhuh sutèng mami |
sapa baya sira iku |
Yakub alon tur sêmbah |
putranta Esap wak mami |

apan sampun lumaksana ing pitêdah ||

15. suwawi rama lênggaha |
dhahar lêladosan mami |
supadyènggal maringana |
pangèstu ring awak mami |
Iskak nulyanggrayangi |
maring Yakub putranipun |
lon wijiling wacana |
yèn swarane Yakub iki |
balik tangan tan liya tangane Esap ||

16. Iskak malih angandika |
apa kowe Esap yakti |
Yakub panggah ngakên Esap |
dhuh rama kula puniki |
putranta Esap yakti |
Iskak lena yitnanipun |
anulya karsa dhahar |
wusing dhahar ngandika ris |
hèh anakku majua ngujunga ringwang ||

17. wusing Yakub ngujung rama |
anulya dipun paringi |
barkah pangèstuning rama |
andikanya Iskak Nabi |
Allah muga maringi |
ring sirèku gandum anggur |
myang jinis akèh samya |
ngawulaa ring sirèki |
kadangira kabèh sungkêma mring sira ||

18. wong kang masang ipat-ipat |
kang marang awakirèki |
yèkti kènèng ipat-ipat |
nging kang asih ing sirèki |
iya masthi antuk sih |
tumplak blak barkah ring Yakub |
lêga rasèng wardaya |
Yakub nulya mundur aglis |

19. nêngna kang antuk gung barkah |
gantya Esap kang winarni |
wusnya wangsul ambabêdhag |
nulya cawis yun ngladosi |
dhaharan ring sudarmi |
lir kang dadya sêptanipun |

--- 41 ---

sarya matur dhuh rama |
mugi wungu saking guling |
adhahara ladosan putra sampeyan ||

20. kapitèng tyas Nabi Iskak |
anjêlih kapati-pati |
kaya paran sapa baya |
kang wus ngladèkake dhingin |
dhaharan wus sun bukti |
kasok paring sun pangèstu |
tan kèria mring ika |
lan iku pan uwus masthi |
lamun tulus kataman barkah kang mulya ||

21. duk myarsa andikèng rama |
Esap anjêrit kapati |
dahat akêrônta-rônta |
umatur sarywa mlas-asih |
dhuh rama kula mugi |
pinaringana pangèstu |
Nabi Iskak ngandika |
si culika arinèki |
prapta ngalap pangèstu kang marang sira ||

22. Esap ngangsgêg aturira |
kula paduka paringi |
punapa paduka rama |
mung mêngku barkah satunggil |
Iskak wêlas ningali |
ring sambating putranipun |
lon wijiling wacana |
dhuh anggèr atmaja mami |
wus sun ênas arinta mêngku ring sira ||

23. kawuwusa wau Esap |
dhatêng Yakub langkung gêthing |
wit dene Yakub culika |
ngrêbut barkahing sudarmi |
tan lêga rasèng ati |
nguman-uman dhatêng Yakub |

pangudasmaranira |
rama masthi enggal mati |
masa dadak Yakub tan mati dening wang ||

24. Ribkah datan kasamaran |
sasolahe putranèki |
kalamun kang putra Esap |
mring Yakub angincim-incim |

Ribkah nulya ngrêmbagi |
dhatêng Yakub putranipun |
mangkana wuwusira |
wruhanira anak mami |
kakangira Esap ngudi tuwuhira ||

25. marmane sira ngungsia |
mring Laban uwakirèki |
kongsi praptanirèng masa |
muringe kakangmu lilih |
tan eling lir kang dadi |
pokalira ring kakangmu |
matur Ribkah mring Iskak |
kang dadya êsaking ati |
sumurup ring môngka mêgat pasulayan ||

Tindakipun Nabi Yakub.

11. Megatruh

1. sawusira paripurna aturipun |
Yakub nulya dèn timbali |
wusnya prapta awotsantun |
kang rama anggung mamêling |
poma aywa ngalap bojo ||

2. bocah wadon anak wong Kanangan kulup
|
balik lungaa sirèki |
mring gyanya Laban uwakmu |
ing Pandhanaran nagari |
anake alapên bojo ||

3. Nabi Iskak paring pangèstu mring Yakub |
Allah muga ambêrkahi |
dadya branahan turunmu |
bôngsa golongan ing wuri |

tômpa barkah Abram kasok ||

4. sasampunnya kang kadyèka nulya Yakub
|
wisata duk anèng margi |
lampahnya kêsaput dalu [d...]

[...alu] lîrêb ing satêngah margi |
sare bantal sela nglorot ||

5. kawuwusa ing dalu supêna Yakub |
myat ôndha ngadêg ing bumi |
sundhul langit pucakipun |
wontên kang katingal malih |
malaekating Hyang Manon ||

6. samya minggah tumêdhak ing ôndha
ngriku |
wondene Hyang Maha Suci |
jumênêng saluhuripun |
andikanya Hyang Masuci |
mring Yakub lagya kalêson ||

7. Ingsun iki Allah ingkang Maha Luhur |
Allah laluhurirèki |
Abram Iskak hèn ta Yakub |
sanggya para jinis iki |
olèh nugraha Hyang Manon ||

8. datan liya marga sing turunirèku |
ingsun jangkung angaubi |
sapan-paranirèku |
ngulihke mring tanah iki |
Yakub nulya wungu alon ||

9. sawungunya pangunandikanya Yakub |
iba ta panggonan iki |
wingite kalangkung-langkung |
amasthi panggonan iki |
pura swargane Hyang Manon ||

10. nulya Yakub ngadêgake tugu watu |
kang kinarya ganjêl guling |
môngka tatêngêranipun |
sinêbut Bètèl kang arti |

padalêmane Hyang Manon ||

11. wontên ngriku Yakub mahya nadaripun |
yèn dhasar Hyang Maha Suci |
anjangkungi saparanku |
tuwin paring sandhang [sa...]

[...ndhang] bukti |
arja ngantya ulih ingong ||

12. masthi Allah ingsun anggêp Pangeranku
|
makatên ingkang punagi |
sampun lami lampahipun |
Nabi Yakub wontên margi |
laju lampahira alon ||

13. tan antara sampun prapta Nabi Yakub |
wontên ing Karan nagari |
wismèng Laban uwakipun |
lêga rasane kang ati |
Laban nulya tanya alon ||

14. apa padha nêmu arja salakumu |
Yakub alon anauri |
marmèng Inkang Maha Agung |
pangèstu uwa basuki |
sukèng tyas tan winiraos ||

15. wusing aso sawatarèng Nabi Yakub |
nulya mring Laban wêwarti |
sanggya lèlampahipun |
purwa madya amêkasi |
angguladrawa sakloron ||

kang iku karsèngsun |
aywa sira tanpa tuwas |
sanadyana sira kaponakan mami |
kapriye karêpira ||

2. Nabi Yakub alon anauri |
lamun uwa andangu kawula |
pituwas gyan kula ngèngèr |
dahat panuwun ulun |
nanging mugè nêbihna runtik |
dahat lènggana kula |
karsèng [kar...]

12. Dhandhinggula

1. kawuwusa Yakub sampun lami |
unggyanira anèng Pandhanaran |
lipur sagung sungkawane |
mojar Laban mring Yakub |
ananira pan wus nêmu sasi |
manggon nèng Pandhanaran |

[...sèng] wa puniku |
kinalisna sapu-dhêndha |
kalilana kawula darbe pamilih |
cumanthaka ring uwa ||

tumônja ngèngèri Rakèl |
ananging wruhanamu |
dudu adat nagara iki |
kalamun aningkahna |
kang anom rumuhun [ru...]

3. lamun kula antuka wlas-asih |
kalilana ngèngèr pitung warsa |
wontên ngarsèng uwa mangke |
wondene tuwasipun |
sumêrêpa putranta wragil |
lamun datan kadyèka |
kula botên sanggup |
wau ta ingkang kocapa |
lamun Laban darbe atmajèstri kalih |
Lea Rakèl kang mudha ||

4. ngunandika Laban jroning ati |
wus prayoga lamun anak ingwang |
sinrah mring krandhahku dhewe |
dadya Laban asanggup |
lamun Rakèl dipun ngèngèri |
laminya pitung warsa |
têmbe badhe dhaup |
lan Yakub pulunanira |
tan antara wus praptèng ubayèng janji |
Yakub dipun dhaupna ||

5. wasananya Yakub dèn apusi |
dhaupira Yakub antuk Lea |
apan botên antuk Rakèl |
Yakub kalangkung rêngu |
tan tarimah de dèn apusi |
dadya matur ing Laban |
punapa witipun |
paduka ngapusi kula |
anggèn kula sanggup ngèngèr pitung warsi |
sintèn dèn ngèngèrana ||

6. wau Laban alon anauri |
pan wus têrang lamun ngèngèrira |

[...muhun] |
ora kêna nglangkahana |
anak tuwa kang kudu ningkahan dhingin |
sawise lagi kêna ||

7. sira Yakub apa ananggupi |
ngèngèr manèh iya pitung warsa |
tumônja ngèngèr sijine |
pundhating janji iku |
masthi sira kang andarbèni |
Yakub mangsuli sagah |
ngèngèr pitung taun |
antara pitung arinya |
dèn dhaupkèn Yakub lan Rakèl tumuli |
kalangkung sih-sinihan ||

8. Nabi Yakub ngèngèrnya lastari |
pitung warsa ngantya sapundhatnya |
warnanèn garwa kalihe |
sinung pawonganipun |
dening Laban sawiji-wiji |
mangkya wijang-wijangnya |
pra pawongan mau |
pawongannya Lea Silpah |
dene Rakèl kang pawongan Bilhah nami |
datan antara lama ||

9. pra pawongan kêkalihnya sami |
yèku Silpah atanapi Bilhah |
ing Yakub dadya sêlire |
warnanèn putrèng Yakub |
saking Lea sapta kang siwi |
juga ingkang wanudya |
Dinah namanipun |
kanêmira samya priya |
dhingin Rubin Sêmangun kang kaping kalih
|
Lèwi kang kaping tiga ||

10. kaping catur Yahuda kang nami |
kaping gangsal tinêngran Isakar |
nulya Sêbulon kanême |
sing Rakèl Yakub amung |
apatutan jalu kêkalih |
Yusup pambayunira |
Bunyamin waruju |
apatutan saking Silpah |
jalu kalih ingkang

wrêdha Gad kang nami |
Asêr ingkang taruna ||

11. dene saking Bilhah amêdali |
jalu kalih nama Dhan sajuga |
kalih Naptali namane |
gunggungnya putrèng Yakub |
kalih wêlas pancêr Israil |
kunêng sagung pra putra |
gantya kang winuwus |
laming pasuwitannya |
Nabi Yakub antuk kawan wêlas warsi |
wêwah malih nêmbarsa ||

12. Nabi Yakub antuk marmèng Widhi |
kasugihan lan abdiya kathah |
jalu èstri kwèh cacahé |
myang rajakayanipun |
unta lèmbu mènda myang kuldi |
gumrayah pirang-pirang |
Yakub mubra-mubru |
sugih bôndha sugih putra |
sugih barkah ingkang saking Hyang Masuci |
|
dadya sagung sinêdya ||

13. kawuwusa Laban tansah jail |
atma mantu tansah ingapusan |
warna-warna rarekane |
ananging Nabi Yakub |
botên kening dipun apusi |
sanggya rekanya Laban |
uwuk dadosipun |
wit Yakub anggung rinêksa |
dening rêhnya Allah Inggang Maha Suci |
dumadya tanpa dadya ||

14. duk samana dhawuh Hyang Masuci |
maring Yakub supadya wangsula |
kondur dhatêng nagarine |

têrang dhawuh Hyang Agung |
Nabi Yakub nulya nimbali |
garwa kalih nêng têtgal |
prapta kalhipun |
sinung wikan sadayanya |
dupi sampun pra garwa saeka-kapti |
nulya samya

bidhalan ||

15. bidhalira datan mawi pamit |
para garwa miwah para putra |
sêdene kang rajadarbe |
myang rajakayanipun |
atanapi kang para abdi |
sadaya dipun bêkta |
datan wontên kantun |
andilir saurut marga |
tigang dintên laminya Yakub lumaris |
Laban datan uninga ||

16. kawuwusa nuju sajuga ri |
wontên ingkang tur uning mring Laban |
lamun Yakub sampun anglès |
Laban dahat agugup |
sigra-sigra Laban ngundangi |
sagung prasanakannya |
ingajak amburu |
Yakub nêdya tinututan |
dupi sampun lampahnya antuk sapta ri |
kacandhak anèng Gilhad ||

17. kacariyos Allah Kang Masuci |
wanci dalu nêdhaki mring Laban |
paring dhawuh jro pangimpèn |
mangkya andikanipun |
hèh ta Laban dèn ngati-ati |
ywa pisan-pisan sira |
nyêgah marang Yakub |
waspada andike^[5] Allah |
nulya Laban lan Yakub samya prajanji |
mungwing sapucak ardya ||

18. sasampunnya samya aprajanji |
Laban Yakub samya papungkuran |
andum basuki arjane |
Laban sarowangipun |
samya wangsul tan walèngati |

mring tanah Pandhanaran |
kunêng ingkang wangsul |
kawarna kang andon lampah |
Nabi Yakub laju unggyannya lumaris |
brôngta ring kadang wrêdha ||

5. andikèng.

13. Asmaradana

1. datan winursitèng margi |
Nabi Yakub tindakira |
apan wus lèpas arane |
anuju ari sajuga |
samyas aso lampahnya |
tancêb tarub madyèng ênu |
arsa tur wikan ring raka ||

2. tur uning kalamun prapti |
anulya nuding utusan |
utusan wisata age |
datan winursitèng marga |
utusan sampun prapta |
ngarsèng Esap tundhuk sampun |
matur sasolah dinuta ||

3. purwa madya amungkasi |
dahat sukaning wardaya |
Esap duk myarsa wartane |
tan antara pradandanan |
samêkta arsa mapag |
dèn iring tyang kawan atus |
malawad arjaning marga ||

4. utusan wus kinèn bali |
lan wêwarta saananya |
wau ta duta lampaha |
tan adangu sampun prapta |
ngarsèng Yakub pratela |
langkung gêtêr Nabi Yakub |
myarsa aturing utusan ||

5. sakalangkung dènnya ajrih |
amamôntha tiyangira |
lan sanggya rajakayane |
kinarya kalih brêgada |
pangudasmaranira |

kalamun kang raka nêmpuh |
sêpalih nadyan gêmpera ||

6. sêpalih sagêd ngoncati |
anulya Yakub sêmabahyang |
nanuwun maring Hyang Manon |
dhuh pangraning balatôntra |
Allah ing luhur amba |
iba gênging sih Hyang Agung |
kang rumêntah mring ambanta ||

7. amba tan pantês nampèni [nampè...]

--- 50 ---

[...ni] |
nalikanipun kawula |
rumiyin anabrang Yardèn |
pan amung têtên punika |
ingkang kawula bêkta |
mangke amba sugih klangkung |
rencang tuwin rajakaya ||

8. dhuh Pangeran Hyang Masuci |
mugi ngluwari kawula |
sing tangan Esap samangke |
inggih sadhèrèk kawula |
angudi tuwuh amba |
jêr paduka Hyang Maha Gung |
karsa mrih utami amba ||

9. wusnya Nabi Yakub nuli |
milihi rajakayanya |
pinilih kang sae-sae |
karya pisungsung ring raka |
nulya ngutus abdinya |
ngaturakên kang pisungsung |
katur ing Esap kang raka ||

10. Yakub mêling maring abdi |
mangkene ya aturira |
punika angsal-angsale |
pun Yakub abdi paduka |
katur Esap bandara |
mangkana piwêlingipun |
wusing mêling Yakub nulya ||

11. nata tiyang-tiyang tuwin |
ingkang rupi rajakaya |
sinabrangkên lèpèn Yabok |
wusira nyabrang sadaya |
Yakub kantun priyôngga |
ing imbanging lèpèn ngriku |
tan wontên kang kawistara ||

12. anuntên wontên kang prapti |
nêdya ngayoni tandhing prang |
anggêlut mring Yakub age |
kongsi praptèng bang-bang wetan |
dèrèng karsa apisah |
Yakub kongsul cêthikipun |
sarêng prapta byar raina ||

13. kang anggêlut mojar aglis |
ingsun muga sira culna |
amarga wus [wu...]

--- 51 ---

[...] byur wayahe |
Nabi Yakub aturira |
botên kula uculna |
kalamun dèrèng pukulun |
ambarkahi mring kawula ||

14. kang anggêlut nabda malih |
hèh Yakub wêruhanira |
aranmu Yakub samêngko |
ywa manèh sira anggoa |
bêcik salina aran |
ran Israil têngsipun |
wong mênang kalawan Allah ||

15. kang angglut gya ambarkahi |
maring Yakub nulya pisah |
linggar saking ing Pêniël |
nama Pêniël punika |
Yakub ingkang namakna |
wondene ing artosipun |
pasuryanira Pangeran ||

16. Yakub micarèng jro ati |
aku andêlêng Pangeran |
prandene tan têng layon |
Nabi Yakub nulya nyabrang |
praptèng imbang bangawan |
awas ing pamulatipun |
Esap kadangira prapta ||

17. Yakub sumungkêm ing siti |
ngantya rambah kaping sapta |
Esap gupuh mêtukake |
kang rayi rinangkul sigra |
sarwi maca udrasa |
dene pra garwanya Yakub |
sumawana putra-putra ||

18. samya sumungkêm ing siti |
wontên ngarsanira Esap |
sadayanya pêpak andhèr |
gênging suka tan winarna |
Yakub sung angsal-angsal |
Esap alêngganèng kayun |
ninging Yakub adrêng pangangkah ||

19. mila nulya dèn tampèni |
wusira aparipurna [apa...]

[...ripurna] |
prasamya laju lampaha |
datan winarna ing marga |
Yakub praptèng Kanangan |
pinanggya sudarmanipun |
kinanthi sagunging suka ||

Nabi Yusup kasade.

14. Kinanthi

1. kacariyos Nabi Yusup |
Nabi Yakub kang sasiwi |
saking Rakèl patutannya |
rikala Yusup marêngi |
ayuswa pitulas warsa |
ngrencangi pra kadang sami ||

2. angèn rajakayanipun |
tan pègat ing sabên ari |
mangkya Yusup sukanira |
mring rama tansah wêwarti |
madulkên piawonira |
para kadangira sami ||

3. Nabi Yakub trêsnanipun |
mring pra putra pilih kasih |
mring Yusup têtênging trêсна |
kinaryakkên jubah adi |
pinunjul sing kadangira |
para kadang samya runtik ||

4. samya sêngit dhatêng Yusup |
saya lami saya manjing |
anuju ari sajuga |
Yusup mring kadang wêwarti |
kalamun mêngtas nupêna |

lan pra kadang mungging sabin ||

5. samya anggèdhèngi gandum |
gèdhèngannya kadang sami |
tinon asujud sadaya |
dhatêng gèdhènganing ari |
pra kadang wêwah sêngitnya |
mring Yusup kêpati-pati ||

6. nujwèng sajuga ri Yusup |
kawarti

nupêna malih |
dèn andhèrkên mring pra kadang |
mangkana impènirèki |
katingal surya myang côntra |
kartika sawêlas sami ||

7. sujud dhatêng Nabi Yusup |
dumadya pra kadang sami |
saya wêwah sêngitira |
myarsa ujar tukang ngimpi |
Nabi Yakub duk miyarsa |
nulya Yusup dèn dukani ||

8. mangkana andikanipun |
apa ibunta lan mami |
miwah kadang-kadangira |
kabèh sujud mring sirèki |
nanging Yakub ingkang rama |
nyathêti gunging prakawis ||

9. ing ari sajuga nuju |
pra kadangnya Yusup sami |
angèn rajakayèng rama |
cêlak ing Sêkèm nagari |
ragi têbih sing griyanya |
ing ngriku Yusup tinuding ||

10. nuwèni pra kadangipun |
unggyanira angèn sami |
Yusup anulya umangkat |
tan kawarna sampun prapti |
dupi para kadang samya |
sing têbih myat Yusup prapti ||

11. anulya samya amuwus |
kae têka tukang ngimpi |
payo padha pinatenan |
sarta padha dèn yêktèni |
kadadiane impènyanya |

nanging Rubin amambêngi ||

12. rungokna pitutur ingsun |
aja mutahake gêtih |
prayoga dicêmplungêna |
ing jro sumur bae adhi |
ciptanya Rubin sumêdya |
ngêntas Yusup kanthi rêmit ||

13. Yusup ing sasampunipun |
sandhangannya [sa...]

[...ndhangannya] dèn dhèdhèli |
anulya cinêmplung sigra |
Yusup jroning sumur mati |
lah ing ngriku para kadang |
myat dagang bôngsa Ismangil ||

14. samya untan-untan sagung |
amot barang wangi-wangi |
lampahira dèduluran |
nêdya mring nagari Mêsir |
mangkya wuwusnya Yahuda |
dhatêng pra kadangnya sami ||

15. padha dèn dol bae Yusup |
pra kadang saeka-kapti |
nulya dèn êntaskên sigra |
Yusup sing jro sumur mati |
wusira nulya sinadya |
tinumbas bôngsa Ismangil ||

16. nalika anyade Yusup |
Rubin datan nguningani |
dupi wangsul arsa ngêntas |
kang rayi datan pinanggih |
asangêt ing rudatyèng tyas |
nyuwèk sandhanganira glis ||

17. sasampunira gya wangsul |
pinanggih pra kadang sami |
sêrêt wijiling wacana |
hèh pra kadang-kadang mami |
Yusup uwis datan ana |
mring ngèndi ta paran mami ||

18. nulya pra kadang sawêgung |
pan samya angulir budi |
binudya gya mragad menda |
jubah Yusup cinlup gêtih |
kinintun katur kang rama |

kengkenan anggung winêling ||

19. matur dhatêng ramanipun |
kalamun kula amanggih |
jubah punika punapa |
anggènira putranèki |
Nabi Yakub duk uninga |
jubah putra kuthah gêtih ||

20. tumuntên anjrit kalangkung |
angandika [angandi...]

--- 55 ---

[...ka] awor tangis |
yèku klambine putrèngwang |
masthi kalamun wus mati |
minôngsa ing sato galak |
agêman sinuwèk aglis ||

21. sawusira kang kadyèku |
nulya para putra prapti |
sumêdya nglipur ing rama |
nging pra putra datan bangkit |
susahing rama tan mêngdha |
tan wande nusul ngêmasi ||

3. tulus kang sarwa ginarap |
ingkang tinanêm mawêrdi |
kocapa godha rêncana |
datan kantun atut wuri |
nênggih Potipar èstri |
blere anggonjak ring Yusup |
kinèn anglanggatana |
ingajak apulangrêsmi |
nanging [na...]

Nabi Yusup wontên ing Mêsir.

15. Sinom

1. wong anom kang kawlas-arsa |
nênggih Yusup kang kawarti |
sinade dening pra kadang |
dwi dasa wang pêthak argi |
mangkya binaktèng Mêsir |
dipun sade malih Yusup |
dening ingkang anumbas |
mring Lurah Kêparak Mêsir |
kêparaknya sang prabu nama Potipar ||

2. lurah kêparak uninga |
yèn Yusup sulistyèng budi |
antuk marmaning Pangeran |
lulus kang sarwa pakarti |
dumadya trêsnèng dasih |
pinarcayèng Nabi Yusup |
agung barkahing Pangran |
mring Potipar wanti-wanti |
barang karya linakyan lulus sadaya ||

[...nging] Yusup tangèh lamun nglanggata
||

4. dhuh bandara kadya paran |
sagêd kula anglampahi |
awit prakawis punika |
dosa gêng mring Kang Masuci |
dahat dèn arih-arih |
kasêmbadana pulang hyun |
Yusup panggêng santosa |
datan arsa anglanggati |
pêgêling tyas Yusup arsa dèn wasesa ||

5. cinêpêng rasukanira |
Yusup aglis anginggati |
lumajêng tilar rasukan |
akarya panasing ati |
duk kakungira prapti |
nulya wadul amlas-ayun |
abdinta tatumbasan |
tyang Ngibrani ngungkak krami |
nêdya kirda anggebang dhatêng kawula ||

6. rèh kula têbih kalintang |
tan arsa sun anglanggati |
jêlih-jêlih sambat ingwang |
dupi tiyang sami prapti |
nulya mlajêng anggêndring |
rasukan tinilar kantun |
wontên ing sandhing kula |
tan èngêt mêdal ing jawi |
kapitèng tyas Potipar dahat bramatyā ||

7. nuduh Yusup kinunjara |
umangkat ingkang tinuding |
dene tyas juru kunjara |
dèn osikkên Hyang Masuci |
dadya tan walangati |
pracayèng tyas maring Yusup |
mriksa para sakitan |

wontên sakitan kêkalih |
priyayinya sang prabu kang kinunjara ||

8. sajuga lurah madharan |
juru lari kang satunggil |
samyā prihatin kalihnya |
nujwèng ratri samya ngimpi [ngi...]

--- 57 ---

[...mpi] |
anèh supênanèki |
awêwarti dhatêng Yusup |
kathah para narbuka |
tan bangkit anarbukani |
Yusup mojar mung Allah bangkit narbuka ||

sang prabu dèn èngêtêna |
dadya kula dèn luwari |
makatên wêling mami |
lurah minuman umanthuk |
kocap lurah madharan |
tumutur-tutur yèn ngimpi |
awit dene mirêng batangan [ba...]

9. kalamun panujwèng karsa |
dahat kula yun miyarsi |
kadya paran gancarira |
kula sampeyan wartosi |
impèn anèh nglangkungi |
nulya jarwa juru-juru |
mojar juru minuman |
mangkene anggonku ngimpi |
jro pangimpèn katon anggur têtlung pangnya
||

10. sêmi agodhong akêmbang |
uwohe matêng andadi |
tuwung pangunjukan nata |
tan pègat ingsun cêkêli |
aku nuli amêthik |
uwohe wit anggur mau |
ngong pèrês-pèrês samya |
ngong ladèkake sang aji |
alon mojar Yusup angsung panarbuka ||

11. mênggah pang tiga punika |
nyasmitani tigang ari |
kirang tri ari lamanya |
sampeyan dipun luwari |
wangsul ring pangkat lami |
juru larihnya sang prabu |
nanging paminta amba |
kalamun paduka benjing |
manggya eca èngêta ring jasat kula ||

12. anggèn kula kinunjara |
têtêp tanpa dosa mami |

[...tangan] sakeca ||

13. lurah madharan amojar |
aku iya mêngtas ngimpi |
kang tinon jroning supênan |
sun nyunggi kranjang tundha tri |
kang nêng luhur pribadi |
kêbak dhahare sang prabu |
warna-warna ananya |
ana dhandhang kang nucuki |
lêbar lahang dhêdhaharan cinucukan ||

14. Yusup amangsuli sigra |
kranjang tiga tigang ari |
kirang tri ari paduka |
tampi pidananing aji |
masthi datan gumingsir |
paduka kaukum gantung |
anulya dhandhang prapta |
kunarpanta dèn cucuki |
lah makatên supênanta wahananya ||

15. sasampuning kalampahan |
tigang dintên amarêngi |
tingalan wiyosan nata |
Sang Prabu Pringon ngèngêti |
ring sakitan kêkalih |
saksana kêkalihipun |
mijil sing pakunjaran |
lurah jru madharan aglis |
dipun gantung têtès lir Yusup narbuka ||

16. dene priyayi minuman |
saèstu dipun luwari |
têtêp kalênggahan lama |
juru larihnya sang aji |
pan sampun anocogi |
lir pambatangira Yusup |
nanging juru minuman |
têka dadak datan eling |

17. sasampuning kalih warsa |
nujwa ratri Pringon ngimpi |
tan wontên bangkit narbuka |
ing supênanya sang aji |
anulya juru larih |
èngêt kasanggahanipun [kasanggaha...]

--- 59 ---

[...nipun] |
dhatêng Yusup tatkala |
tinarbuka impènèki |
sigra-sigra umatur dhatêng sang nata ||

18. kalamun jro pakunjaran |
wontên sujanma satunggil |
priya pan maksih taruna |
kawarti bôngsa Ngibrani |
sampun nate ngaèni |
narbuka supênanipun |
miwah supênanira |
juru madharan kang lalis |
panarbukanira titis kayaktosan ||

19. nulya Yusup tinimbangan |
mijil sing pawrangkan aglis |
kèrid dhatêng ngarsèng nata |
andikèng nata sun ngimpi |
datan ana kang bangkit |
anarbuka impèn ingsun |
Yusup munjuk pranata |
ingkang makatên sang aji |
tangèh lamun saking daya kuwasamba ||

20. Allah ingkang paring wikan |
wahana supênèng aji |
sang nata nulya ngandika |
katon sun jumênêng mungging |
pinggiring bangawan Nil |
sun mulat sapi papitu |
samyâ lêmu prayoga |
padha mêngtas saka warih |
banjur padha sêsaba nèng paglagahan ||

21. wuse iku nuli ana |
papitu manèh kang prapti |
nanging kuciwa ing rupa |
alane anglaluwihi |
mêngtas saka banawi |

kabèh padha kuru-kuru |
kapitu pisan samya |
môngsa papitu kang dhihin |
sawangane pitu pisan tan anggôndra ||

22. nuli sun nglilir sing nendra |
tan antara nendra maning |
nuli ingsun [ingsu...]

--- 60 ---

[...n] anupêna |
supênaningsun kang kèri |
myat wulèn bêcik-bêcik |
aos kwèhira papitu |
thukul sing dami juga |
ana manèh sun tingali |
wulèn pitu gabug lodhoh dhapur kiwa ||

sang prabu mugi ngarsakna |
amatah tiyang satunggil |
ingkang dhasar undhagi |
wicaksana pramèng kewuh |
gya kinulapisudha |
amangrèhna tanah Mêsir |
dalêm warsa mirah tédha ngayonana||
[nga...]

23. tumuli samya anguntal |
ring wulèn pitu kang bêcik |
tan siwah wujud sakala |
pindha kaanane sapi |
papitu wus kawarti |
lon umatur Nabi Yusup |
supênan padukendra |
kalih wahananya sami |
Gusti Allah mahyakkên kang yun kalakyan ||

24. lêmbu pitu ingkang lêma |
wulèn pitu kang prayogi |
nyasmitani pitung warsa |
badhe mirah sandhang bukti |
wondene dhuh sang aji |
lêmbu kêra wulèn gabug |
samya pitu cacahnya |
punika anyasmitani |
pitung warsa tanah badhe awis tédha ||

25. taun papitu ing ngarsa |
ing satlatah tanah Mêsir |
anglangkungi mirah tédha |
sampunipun pitung warsi |
gumingsir tanah Mêsir |
awis tédha pitung taun |
supênan dwi rambahan |
saèstu Kang Maha Suci |
nglêksanani sigra-sigra tumindaknya ||

26. Yusup munjuk ing sang nata |
mênggah yogining prakawis |

--- 61 ---

[...yonana||
]

27. bawoni tyang Mêsir samya |
sapara gangsalng kasil |
tinandhoa gêdhong barang |
supados ing tanah Mêsir |
sampun akorat-karit |
awit tédha pitung taun |
kakênan karsèng nata |
myarsa atur pamrayogi |
sukèng galih wrin lêngêdaning pamêca ||

28. sang nata ngandika suka |
ing ngêndi ana sujanmi |
kadunungan rohing Alkah |
[61](#) datan lyan amung sirèki |
sang nata pasrah nuli |
sanggya tanahnya mring Yusup |
mangkya andikèng nata |
dhumawah Yusup sinêlir |
pangwasanta kêmbat lawan jênêng ingwang
||

29. mung dhampar kaprabon ora |
ingsun masthi angungkuli |
sang prabu ngunus kalpika |
sinung maring Yusup aglis |
pratistha anèng jari |
binusanan sutra pingul |
kalung rante kancana |
tinitihkên ratèng aji |
dipun arak ingurung tiyang sapraja ||

30. ramening suwara gumrah |
surak gêng mawanti-wanti |
kwèh janma andhodhok samya |
tan kuciwa kang sêsanti |
agung pinuji-puji |
panjang kalamun tinutur |
cinêndhak purwèng kata |

Yusup madêg adipati |
amarêngi yuswa tigang dasa warsa ||

31. tangèh Yusup utamanya |
jinunjung dera sang aji |
tan lyan karsèng Kang Mamulya |
ngluhurkên abdi wlas-asih |
anuntun maring abdi |
saking wisma praptèng sumur |
lan dadyabdi [da...]

6. Allah.

[...dyabdi] tumbasan |
kinunjara kawlas-asih |
linuwaran jumênêng narpati mudha ||

dikêbat nêmpura mrono ||

6. supaya raganingsun |
karo kowe hèh sagung anakku |
aja nganti kalirên satêmah mati [ma...]

Para kadangipun Nabi Yusup dhatêng Mêsir.

16. Gambuh

1. Nabi Yusup agambuh |
dènnya tandho gandum imbuh-imbuh |
pra gangsalan pamêdal Mêsir barêsih |
sing kwèhnya lir pendah susah |
dhasar tanah Mêsir êloh ||

2. ing dalêm pitung taun |
mirah tédha lir pamêcèng Yusup |
kayêktosan sadaya datan nalisip |
sampunipun pitung taun |
mirah tédha praptaning don ||

3. awis tédha kalangkung |
langkung-langkung kanan keringipun |
dangunira pailan lagya sawarsi |
kumrubut pating bilulung |
nêmpuring Yusup kinaot ||

4. ing Kanangan kaêlud |
awis tédha kocap Nabi Yakub |
angandika dhatêng para putra sami |
yagene sira anakku |
têka datan angon tinon ||

5. tansah angadu sêmu |
apa sira padha ora ngrungu |
pawartane yèn saiki tanah Mêsir |
ana têmpuran lwih agung |

[...ti] |
ing wusana putrèng Yakub |
kang sadasa samya bodhol ||

7. ring tanah Mêsir nêmpur |
ning Bunyamin tan parèng yèn tumut |
Nabi Yakub wanti-wanti dhatêng siwi |
mar kuwatos Nabi Yakub |
lamun manggung dadya lakon ||

8. warnanên putrèng Yakub |
sapraptanya tanah Mêsir laju |
sowan mungging ngarsèng Yusup Adipati
|
sumungkêm wadananipun |
dahat dènnya andhap-asor ||

9. tata lir caranipun |
tiyang alit sowan bônghsa luhur |
pra putranya Yakub sanggya samya angling |
kalamun puniku Yusup |
madêg adipati anom ||

10. ananging Nabi Yusup |
datan pisan pangling kadangipun |
nulya èngêt supênanira duk nguni |
tan arsa prasaja Yusup |
malah angandika songol ||

11. andikèng Nabi Yusup |
lêlantaran juru basanipun |
lah ta sira kabèh uwong saka ngêndi |
kang dinangu nulya matur |
andhêku turira alon ||

12. tyang Kanangan pukulun |
sowan kula mriki arsa nêmpur |
angandika wau risang adipati |

têlik sandi sira iku |
patut kongkonane mungsoh ||

13. aturnya putrèng Yakub |
dhuh pukulun kawula saèstu |
dede tiyang nanêlik ing tanah ngriki |
kula tiyang sêtya tuhu |
botên pisan [pisa...]

[...n] matur linyok ||

14. ngong punika sadarum |
pan sadhèrèk sabapa pukulun |
cacah tiyang kalih wêlas yèn winilis |
ingkang wuragil akantun |
têngga bapa awirangrong ||

15. dene sajuganipun |
sampun botên wontên wujudipun |
angandika wau risang adipati |
arsa sun priksa clathumu |
apa nyata kaya ngono ||

16. lah ta mara sirèku |
kongkonana sawiji kadangmu |
amarani adhinira kang wuragil |
dene ta liyane iku |
padha karia samêngko ||

17. putrèng Yakub kang kantun |
linêbêtkên pakunjaran sampun |
laminira watarèng ngantya tri ari |
ing ari kaping trinipun |
sinowankên sang kinaot ||

18. Sang Adipati Yusup |
angandika dhatêng putrèng Yakub |
aku wêdi mring Allah Kang Maha Suci |
sun tan arsa karya luput |
marang sira para uwong ||

19. lah wis kang siji iku |
kèri ana pakunjaran mungguh |
saliyane sun lilani padha mulih |
padha gawanên gandummu |
èstokna parentah ingong ||

20. yèn sira mrene besuk |
môngka nora anggawa adhimu |
kang wuragil masthi sira sun patèni |
para putrèng Yakub kuwur |
tambah-tambah kang karaos ||

21. mangkya raosanipun |
lah ta iki [i...]

[...ki] tinêmwèng awakku |
kluputanku marang Yusup duk ing nguni |
susahe aku wus wêruh |
mamêlas marang wak ingong ||

22. môngka tan sun paèlu |
nulya Rubin ananggapi wuwus |
aku biyèn wus tutur marang sirèki |
ywa gawe dosa ring Yusup |
nging sira anggêp ngacêmong ||

23. mêngko padha kêtêmpuh |
ing gêtihe masthi kudu saguh |
prakarèku wus tan kêna dèn inggati |
padha dèn agung pamuwus |
wong lagya kinarya lakon ||

24. unggyannya gunêm rêmbug |
basanira Ngibrani kang têmbung |
datan wikan kalamun sang adipati |
mangrêtos wicantênipun |
wau ta sang prawira nom ||

25. Sang Adipati Yusup |
dupi myarsa sabdèng kadangipun |
karakarônta kathah karaosing galih |
mangiwa sarwi amuwun |
waspanira adrês miyos ||

26. dyan samana Sêmangun |
tan talompe sigra binônnda wus |
katingalan dening para kadang sami |
dipun warôngka Sêmangun |
jro pawrangkan gung prihatos ||

27. wondene putrèng Yakub |
sanèsipun nulya samya mantuk |
praptèng wisma karungnya sinuntak aglis |

miyat artinya panêmpur |
nunggil gandum karya gawok ||

28. môngka ingkang suwau |
anèng Mêsir artinya panêmpur |
sampun dipun bayarakên sadayèki [sa...]

--- 66 ---

[...dayèki] |
wangsuling arta puniku |
karsanya sang prawira nom ||

ajrih ring pangancamipun |
Yusup Sang Adipatya |
lamun prapta tan bêkta ari waruju |
yakti arsa tinêlasan |
praptèng Mêsir tanpa kardi ||

29. para putranya Yakub |
nulya sami matur ramanipun |
samukawis lèlampahannya nèng Mêsir |
wiwit saking purwanipun |
tapis ngantya praptaning don ||

30. nalika Nabi Yakub |
wikan lamun Sêmangun tan mantuk |
Nabi Yakub kalangkung dènnya prihatin |
alon pangandikanipun |
datansah apêdhot-pêdhot ||

31. lah sira kabèh uwus |
ngilangake mring Yusup anakku |
lan Sêmangun iya wus tan milu mulih |
mêngko Bunyamin kojalu |
mungkura tan awèh ingong ||

**Lampahing para kadangipun
Nabi Yusup ingkang kaping kalih.**

17. Pangkur

1. kunêng ingkang duka cipta |
kawuwusa dupi praptaning lami |
gandum anggènipun nêmpur |
samangkya sampun têlas |
nulya para putranipun Nabi Yakub |
kinèn samya anêmpura |
dhatêng praja Mêsir malih ||

2. ananging ta para putra |
datan arsa yèn tan bêkta Bunyamin |

3. karsèng Yakub tan parênga |
yèn Bunyamin tumuta dhatêng Mêsir |
nanging rèh ingêlus butuh |
miwah Yahuda sagah |
tanggêl dhatêng Bunyamin wilujêngipun |
ngantos dumugining griya |
dumadya Yakub marêngi ||

4. para putra binêktanan |
atur-atur katur sang adipati |
awarni balêndok arum |
madu kalawan mênyan |
anggi-anggi lan sapanunggilanipun |
miwah arta kang pinanggya |
wontên salêbêting kandhi ||

5. binêkta dèn aturêna |
andikanya Nabi Yakub ring siwi |
muga Allah Kang Maluhur |
mikolèhna mring sira |
sih piwlase sang dipati anung-anung |
lan marêngi ulihira |
Sêmangun lawan Bunyamin ||

6. pupute ingwang yèn mêksa |
kaelangan atmaja iya uwis |
nulya mangkat putrèng Yakub |
lêstantun lampahira |
praptèng Mêsir katur Sang Dipati Yusup |
dupi risang adipatya |
dipun aturi udani ||

7. praptanira para kadang |
sami kinèn sowan wontên ing ngarsi |
punapa dene Sêmangun |
linuwar sing kunjaran |
sami dipun andikani manis arum |
ramanta apa basukya |
nauri pra kadang sami ||

8. pangèstu dalêm basukya |
sang dipati duk uninga Bunyamin |
anulya malih andangu |
apa iku arinta |
kang waruju [wa...]

[...ruju] lir aturira rumuhun |
matur para kadang samya |
nuwun inggih sang dipati ||

9. sang dipati angandika |
mring Bunyamin Allah muga barkahi |
mèh tan bangkit Nabi Yusup |
nglajêngkên samudana |
dening rêntah wêlasnya ring arinipun |
umanjing gêdhong karuna |
waspanira adrês mijil ||

10. wusing waspa ingusapan |
sang dipati anulya miyos malih |
nakatkên sariranipun |
dhawuha nata dhahar |
sang dipati marnahakên linggihipun |
pra kadang sajuga-juga |
ngerami pra kadang sami ||

11. unggyanira nata lênggah |
saking sêpuh urutira pratitis |
pra kadang-kadang sawêgung |
samya sinung lorodan |
malah-malah Bunyamin pandumanipun |
tikêl gangsal para kadang |
pasihannya sang dipati ||

12. bibar dhahar sang dipatya |
nulya dhawuh karung pra kadang sami |
kinèn angisèni gandum |
punapa malih arta |
patêmpuran kinatutna jroning karung |
kang patrap kinarya gawat |
asung karungnya Bunyamin ||

13. linêbêtan cangkir slaka |
pangunjukan agêmnya sang dipati |
dupi pangreka wus rampung |

pra kadang abubaran |
rinilanan sadaya bidhalan mantuk |
datan antara bidhalnya |
jinujul dutèng dipati ||

14. kacandhak nèng têngah marga |
punang duta sabdanira abêngis [a...]

[...bêngis] |
kêpriye dene sirèku |
ngalani kabêcikan |
ing sakala samya kodhêng putrèng Yakub |
wit tan wikan nalarira |
duta mojar anudingi ||

15. masthi sirèku yèn wikan |
apa baya kang dadi sêdya mami |
pangunjukan bandaraku |
sira ingkang andhustha |
amangsuli para putranipun Yakub |
kadospundi de andika |
andakwa mring awak mami ||

16. kula sami tiyang sêtya |
lamun wontên ingkang kabuktèn cangkir |
dipun lunasa dèn gupuh |
miwah kula sadaya |
winawaring Mêsir dados abdinipun |
sang dipati kang minulya |
dadya tyang tawanan mami ||

17. karung-karung ginaladhah |
dipun dhudhah pinariksa atiti |
pinanggya babuktènipun |
putrèng Yakub anjola |
de Bunyamin kang kabuktèn karungipun |
nulya nyuwèk sandhangannya |
ingiring wangsul ring Mêsir ||

18. praptèng ngarsa sang dipatya |
putrèng Yakub sinungan sabda aglis |
asugal andikanipun |
kapiye dene sira |
wanuh wani nglakoni pratingkah dudu |
ujarmu padha wong sêtya |
têka dadi anyidrani ||

19. Yahuda matur ngrarêpa |
tangèh lamun sagêda matur mami |
wontên ing ngarsa pukulun |
kadospundi kawula |
sagêdipun ngrêsikakên wontênipun |
Allah manggihkên dosamba |
mila dhuh sang adipati ||

20. kula punika sadaya |
saha lare kang kadunungan bukti |
dadosa abdi pukulun |
ngong pasrah pêjah gêsang |
sang dipati mangsuli aywa kadyèku |
mung kang kanggonan buktinya |
iku dadi abdi mami ||

21. liyane padha balia |
salakumu sun sangoni basuki |
Yahuda drêng aturipun |
saking panuwun amba |
sampun ngantos kalamun lare puniku |
datan katut mantuk amba |
amba lêga praptèng lalis ||

22. sanadyan kula mantuka |
lamun datan ambêkta pun Bunyamin |
saèstu datanpa kusur |
awit dene pun bapa |
botên wande pêjah ngênês èstunipun |
myang lare punika dadya |
têtanggêlan awak mami ||

23. pratignyamba dhatêng bapa |
lamun kula botên bêkta Bunyamin |
gêsang kula slamnipun |
tansah kenging klêpatan |
mila luhung amba kewala pukulun |
dados abdi sang dipatya |
lalintu lare puniki ||

24. lare punika klilana |
tumut mantuk sarêngan kadangnèki |
sagêd kawula amantuk |
kadya paran marganya |
lamun botên kula ambêkta waruju |
datan bangkit amba miyat |
prihatinnya bapa patik ||

25. duk samana sang dipatya |
wus tan bangkit ngampêt pamuwunnèki |
sang dipati nulya dhawuh |
tiyang Mêsir sadaya |
kinèn mijil aliya [a...]

--- 71 ---

[...liya] mung putrèng Yakub |
sang dipatya yun pasaja |
pamuwun dipun turuti ||

26. ngandika sarwi karuna |
aku Yusup rama paran kang warti |
isih sugèng myang rahayu |
kapita para kadang |
sapandurat tan angling nèng ngarsèng Yusup
|
dipati malih ngandika |
dimaju kaparèng ngarsi ||

27. pra kadang majêng lênggahnya |
nging sadaya samya tan sagêd angling |
Nabi Yusup ngandika rum |
sun Yusup arinira |
kang koêdol samêngko aywa kaduwung |
ywa ngandhut watir myang uwas |
ênggonira ngêdol mami ||

28. dhasar Allah ngutus mringwang |
ngrumuhuni sirèku marang Mêsir |
dadia panguripanmu |
sira padha muliha |
lan matura marang rama kamuktènku |
kang tinon nèng Mêsir praja |
lan kabèh kang kosipati ||

29. wus prapta kêbat balia |
mondhongana rama mring tanah Mêsir |
Nabi Yusup nulya ngrangkul |
mring Bunyamin arinya |
kalihira nutug unggyanira muwun |
myang ngaras kadang sadaya |
kadang lagya sagêd angling ||

30. kocapa Pringon Sang Nata |
dupi mirsa yèn Yusup Sang Dipati |

kadhatêngan kadangipun |
dahat asukarêna |
nayogyani pamboyonging akrabipun |
mandar yun mêtuk titihan |
kagêm Yakub anèng margi ||

31. Yusup angintuni rata |
titihannya kang rama anèng [a...]

[...nèng] margi |
myang pisungsung sanèsipun |
pra kadang gya pamitan |
sang dipati mêling mring pra kadangipun |
ywa tutuh-tinutuh samya |
wisata lir boyong manis ||

kinulawisudha gêdhe |
mangkya sun arsa pangguh |
mumpung isih ginanjar urip |
Yakub nulya budhalan |
mring Mêsir praja gung |
bêkta sabarang darbèknya |
saha para

Nabi Yakub dipun ondhongi dhatêng Mêsir.

18. Dhandhanggula

1. putrèng Yakub sawêlas winarni |
wusing prapta wismanya kang rama |
samya sora panguwuhe |
dhuh rama lamun Yusup |
taksih gêsang wontên ing Mêsir |
inggih sang adipatya |
putra Tuwan Yusup |
Yakub dahat tan pracaya |
pinaibên aturnya pra putra sami |
anging dupi uninga ||

2. kintunannya rata sang dipati |
sumawana ingaturan pirsu |
sakwèh Yusup andikane |
langkung asrêp tyasipun |
ing wusana ngandika aris |
sukur Yusup putrèngwang |
samêngko tinêmu |
sirèku mukti wibawa |
salagine isih urip rasèng ati |
sun bungah tan upama ||

3. môngka mêngko ananira kaki |
Kang Masuci karya luhurira |

putra wayahira sami |
suwidak nê m cacahnya ||

4. sumawana abdi jalu èstri |
langkung kathah Yakub abdinira |
datan winarna tindake |
prapta ing Gosèn sampun |
nulya ngagnya Yahuda dhingin |
sung wikan sang dipatya |
lamun Yakub rawuh |
wau ta sang adipatya |
dupi pirsu lamun ingkang rama prapti |
tyas amarwata suta ||

5. gurawalan amêthuk sudarmi |
dupi sampun cundhuk lan kang rama |
sami rangukulan kalihe |
dangu dènira muwun |
nulya Yakub ngandika aris |
dadia raganingwang |
pinundhut Hyang Agung |
samangkya wus lêga rila |
wit wus miyat marang sira isih urip |
dhuh nyawa putraningwang ||

6. sawusira paripurna sami |
sang dipati nambut ingkang rama |
sowan mring Pringon karsane |
prapta ngarsa sang prabu |
sasampunnya atata linggih |
alon nabda sang nata |
dhatêng Nabi Yakub |
pintên warsa yuswandika |
aturipun Nabi Yakub umur mami |
satus tri dasa warsa ||

7. sanadyana samantên sang aji |
nanging tansah ngumbara kewala |
saangga praptèng samangke |
wicalan umur ulun |

dèrèng pisan lamun nyamèni |
ngumur laluhur kula |
makatên sang prabu |
wusnya Nabi Yakub nulya |
mujèkakên kasugêngannya sang aji |
gya mundur sing ngarsanya ||

8. tan winarna

Yakub anèng Mêsir |
lama-lama praptanira masa |
andungkap puput yuswane |
nimbali Nabi Yusup |
andikanya dhuh anak mami |
kalamun sira nyata |
trêsna mring wak ingsun |
mara sira supataa |
aja nganti ngubur aku anèng Mêsir |
worna laluhur ingwang ||

9. Nabi Yusup sampun ananggupi |
aturira lêlandhêsan sumpah |
sandika yun ngestokake |
datan lami winuwus |
Nabi Yusup miyarsa warti |
lamun kang rama gêrah |
nulya Nabi Yusup |
têdhak sowan mring kang rama |
putranira Mênase miwah Eprayim |
binaktèng ngarsèng rama ||

10. Nabi Yakub tumuntên maringi |
kang pangèstu dhatêng wayahira |
putrèng Yusup sakalihe |
sinami kang pangèstu |
kadidene putra pribadi |
mangkana andikanya |
dhatêng Nabi Yusup |
wus waktu sun tinggal donya |
wruhanira Allah anunggal sirèki |
lan ngirid marang sira ||

11. ngulihake anggèr mring sirèki |
mring tanahe pra laluhurira |
antènana prasêtyane |
anulya Nabi Yakub |
ngêmpalakên sagung pra siwi |
dhatêng pasareannya |
sinungan pangèstu |
pininta sajuga-juga |

andikanya mring Yahuda lah sirèki |
lir pendah gogor singa ||

12. jungkatira kaprabon tan gingsir |
sing Yahuda lan jungkat [jungka...]

[...t] pangwasa |
saka sêlaning sikile |
saengga praptèng rawuh |
Sang Pamarta kang bakal dadi |
sajatining panutan |
pra jinis umèstu |
rampung dènnya paring barkah |
mring pra putra nulya mapan mungging
panti |
prataksya praptèng seda ||

13. Nabi Yusup nulya anyungkêmi |
pasuryannya kang rama karuna |
datansah ing pangarase |
ing solah tan winuwus |
tata cara ngadat Ngibrani |
wus sira paripurna |
layon gya kinubur |
dhatêng ing tanah Kanangan |
kang umiring para agung tanah Mêsir |
wahana rata kuda ||

14. Nabi Yakub sinarèkkên mungging |
astananya Ibrahim kang eyang |
guwa Makpelah wêngkone |
kawarna Nabi Yakub |
manggyanira nèng tanah Mêsir |
laminira ingetang |
pan pitulas taun |
dados Yakub praptèng seda |
yuswa satus kawan dasa pitu warsi |
gantya kang winursita ||

15. sakondurnya Yusup anèng Mêsir |
para kadang kuwatos ing nala |
rinasa-rasa jro tyase |
bokbilih Nabi Yusup |
sasedanya kang rama nuli |
karsa malês midana |
piawon kang sampun |
Yusup Risang Adipatya |

duk uninga pra kadang kang walangati |
nulya alon ngandika ||

16. aja padha angandhut kuwatir |
sanadyana sêdyanira ala |
mring wak ingwang ing maune |
wondene pialamu |

--- 76 ---

uwis dadi marganing bêcik |
Pangeran ingkang karya |
nguripi bôngsa gung |
lir pendah kang kanyataan |
sabanjure sun lastarèkake bêcik |
ring sira saturunnya ||

17. nênggih ingkang kawuwusa malih |
Nabi Yusup duk andungkap seda |
ngandika mring pra kadange |
Allah Inkang Maha Gung |
balèkake mring sira sami |
marang tanah prasêtyan |
prasapa rumuhun |
mring eyang Ibrahim Iskak |
rama Yakub mula besuk yèn sirèki |
bali marang Kanangan ||

18. pratignyaa yèn sira nanggupi |
besuk lamun sidaning prasêtyan |
Pangran karsa ngulihake |
marang sira saturun |
aja ora balungku masthi |
gawanên lakunira |
nunggal pra laluhur |
tan winarna sedanira |
Nabi Yusup yuswanira amarêngi |
satus sadasa warsa ||

Timuripun Nabi Musa.

19. Kinanthi

1. kinanthi liring pitutur |
mèngêti ing tanah Mêsir |
sasedanya Yusup miwah |
para kadangira sami |
sinêlan kang madêg raja |
liyan turas nata dhihin ||

2. datan wikan labêtipun |
Nabi Yusup duk ing nguni |
môngka Isrèl cacahira |
ngêmbêg pênuh anèng Mêsir |
karya uwas mring sang nata [na...]

[...ta] |
dumadya karsa sang aji ||

3. sakwèhning kang Bani Yakub |
siniya ing tanah Mêsir |
winrat karya langkung awrat |
kinèn damêl banon sami |
karya yasaning nagara |
ewadene Bani Srail ||

4. sanadyana luwih agung |
siya-siyanya sang aji |
saya mindhak cacahira |
nulya wontên karsèng aji |
karya undhanging parentah |
mring dhukuning tyang Ibrani ||

5. lamun dhukun nujwa tulung |
tyang Ngibrani gadhah bayi |
lamun jalêr wêdalira |
kinarsakkên amêjahi |
dene lamun lairira |
bayi èstri dèn gêsangi ||

6. anging para dhukun-dhukun |
datan wontên anglampahi |
samyajarih dhatêng Allah |
nglampahana kang duskarti |
têmah sami asung gêsang |
ing bêbayi nêmbelair ||

7. sang aprabu nulya dhawuh |
dhatêng sagung tiyang Mêsir |
sakwèh bayi lanang samya |
atmajane wong Ngibrani |
linarunga ing bangawan |
aja ana ingkang kèri ||

8. tyang sasemah kang winuwus |
sami têdhak saking Lèwi |
ingkang jalêr nama Amram |
lan Yokèbèt ingkang èstri |
sampun kalih patutannya |
sêpuh priya anèm èstri ||

9. ingkang sêpuh nama Arun |
kang nèm Miryam kang wêwangi |
kala undhangirèng raja |
sumarambah tanah Mêsir |
pan ambabar malih priya |
kang suwarna langkung [lang...]

[...kung] pêkik ||

10. kuwatosing rama ibu |
kang bêbayi gya siningid |
laminira tigang cōndra |
wus tan kenging yèn siningid |
kang ibu gya mèt kandhaga |
dipun dalit myang kinruwing ||

11. karya wadhah ingkang sunu |
pinarnah nèng banawi Nil |
sumangsang nèng paglagahan |
Miryam kinèn mêmanuki |
sing têbih ywa kawistara |
paran wusing kang bêbayi ||

12. datan dangu putranipun |
Prabu Pringon ingkang putri |
arsa siram ring bangawan |
paglagahan dèn tingali |
myat kandhaga kang sumangsang |
gya kandhaga kinèn ngambil ||

13. kandhaga dèn ambil sampun |
gya binuka isi bayi |
jalu pêkik warnanira |
putri wêlas aningali |
bayi nangis ngaruara |
iku anak wong Ngibrani ||

14. Miryam marêk sarwya matur |
punapamba ngupadosi |
tyang Ngibrani kang supadya |
nêsêpana dhatêng bayi |
lon sang putri angandika |
iya bêcik ngundanga glis ||

15. Miryam ngundang ingkang ibu |
datan dangu sampun prapti |
ngarsèng putri awotsêkar |
angandika risang putri |
sira ingsun karya inya |
nusonana bayi iki ||

16. klilan dipun bêkta mantuk |
dupi sampun dipun sapih |
pinundhut ring jro kadhatyan |
kinarsakkên dera putri |
dadya putra angkatira |
sinung nama de sang putri ||

17. nênggih [nêng...]

[...gih] Musa arum-arum |
jêr kaëntas saking warih |
timur mila nèng kadhatyan |
winulang ing kawruh Mêsir |
tan winarna laminira |
samana wus praptèng wanci ||

18. diwasanya risang bagus |
asring têdhak anuwèni |
ring Israil bangsanira |
ingkang anggung kawlas-asih |
anju ing ari juga |
wikan wontên tiyang Mêsir ||

19. ring Israil kumapurun |
dadya wau sang apêkik |
tatulung ring bangsanira |
pinisakit de tyang Mêsir |
gya tyang Mêsir pinarjaya |
kapisanan angêmasi ||

20. pinêndhêm nèng wêdhèn sampun |
panyananya risang pêkik |
tamtu Isrèl wikan samya |
lamun Inggang Maha Suci |
arsa tulung mring umatnya |
lumantar sing risang pêkik ||

21. nging Israil tangèh lamun |
ngwikanana kang pakarti |
nuju wanci enjangira |
risang pêkik aningali |
Isrèl samya kakêrêngan |
kinarsakkên rukun sami ||

22. ngandika lon wijilipun |
paranbaya kadang mami |
dene padha tatukaran |
apa baya kang dèn unghik |

bêcik padha arukuna |
tan paedah apradondi ||

23. kang sinapih saur sêndhu |
sapa baya kang ngidèni |
dadi lurah jêksaningwang |
apa sira yun matèni |
marang aku kaya sira |
matèni wong Mêsir wingi ||

24. Musa dahat ajrihipun |
osikira [o...]

[...sikira] kang panggali |
yèn mêngkono nalar ika |
sayêktine lamun uwis |
kawanguran ing sujanma |
karya maras ingkang ati ||

25. yêkti lamun sang aprabu |
sampun pirsu kang prakawis |
mila dhawah amikuta |
Musa arsa dèn pêjahi |
nulya Musa amiruda |
kesah saking tanah Mêsir ||

26. tan winarna lampahipun |
Musa saking tanah Mêsir |
mangkya praptèng tanah Midyan |
kawuwusa ing Mêdayin |
ngriku kathah darahira |
Nabi Brahim duk ing nguni ||

27. manggyan pinggir sagantên Sup |
Yitro ingkang angimami |
èstri pitu putranira |
samana yun ngambil warih |
myang ngombèni kewanira |
anging dahat dèn regoni ||

28. dening para rare jalu |
wau Musa kang lumaris |
kèndêl cêlak ing bêtikan |
duk uninga rare èstri |
gung siniya tan sarônta |
tatulung ring rare èstri ||

29. luwar saking kawlas-ayun |
Musa arsa angombèni |
sakwèh kewanira pisan |
dupi Yitro nguningani |
Musa nulya tinimbangan |

ing sasolah tan winarni ||

30. ngantya lami manggyanipun |
Musa wontên ing Mêdayin |
malah dhaup lan Siporah |
putra imam ing Mêdayin |
tan winarna dhaupira |
basukyarja kang pinanggih ||

31. pan wus dadya antêpipun |

putra angkat putri Mêsir |
sungkan lamun sinêbuta |
trah kêrandhah tanah Mêsir |
anglaluri laluhurnya |
tan eling nom anèng Mêsir ||

4. Musa nutup wadananya |
ajrih miyat Hyang Masuci |

Nabi Musa wontên ngarsaning Pringon.

20. Sinom

1. duk nalika lolosira |
Musa saking tanah Mêsir |
yuswanira apan lagya |
kawan dasa warsa nênggih |
manggyan anèng Médayin |
tunggil rama marasêpuh |
kawan dasa laminya |
mêngkêr Musa Bani Srail |
datan pègat kinaniaya kewala ||

2. kawuwusa ri sajuga |
Musa angèn nèng Médayin |
sacêlaking Korêb ardya |
dumadakan aningali |
kaelokan dumadi |
ana êrèn katon murub |
nanging datan kêbrangas |
Musa nulya marêpêki |
nulya ana swara nguwuh sing rên ika ||

3. dhawuh swara Musa Musa |
Musa alon anauri |
pangandikaning suwara |
aywa nyêdhaki sirèki |
panggonan iki suci |
glis copotên tarumpahmu |
dene Ingsun Pangeran |
Allahe laluhurnèki |

Pangran malih angandika |
Ingsun pan wus nguningani |
umat Ingsun nêng Mêsir |
sinangsara ngadhuh-adhuh |
sasambate sumêngka |
Ingsun arsa angluwari |
sing tangane wong Mêsir kang kaniaya ||

pêthit sarpa glis cêkêla |
Musa nulya nyêpêng pêthit |
sarpa malih kang warni |
dadya têtên lir suwau |
Allah dhawuh ring Musa |
kinèn ngêmpit astanèki |
sanalika asta kambah ing

5. Ingsun tuntun mênayang tanah |
panjang-punjung loh jinawi |
marma sira Ingsun duta |
mênayang Pringon tanah Mêsir |
ngêntasa Bani Srail |
luwara sing tangan mungsuh |
Musa alon turira |
dhuh Allah Kang Maha Suci |
sintên amba sowan dhatêng Pringon Raja ||

6. ngêntasêna umat Tuwan |
Bani Srail saking Mêsir |
Allah nulya angandika |
aywa pisan sira kwatir |
Ingsun jangkung sirèki |
Musa alon aturipun |
kadospundi Pangeran |
lamun-lamun Bani Srail |
tan ngandêla ring kawula duta Tuwan ||

7. pangandikanya Pangeran |
apa kang nêng tangannèki |
têtên aturira Musa |
Pangran nulya nabda malih |
sira buwanga aglis |
têtên iku sing tanganmu |
Musa nulya tumandang |
nut pitêdah Hyang Masuci |
sanalika punang têtên dadya sarpa ||

8. Musa gila gundam-gundam |
ngandika Hyang Maha Suci |

saraat ||

9. Allah malih angandika |
lah ta Musa tangannèki |
aglis sira slobokêna |
sinalobokkên tumuli |
waras kadya duk uni |
Kang Maluhur malih dhawuh |
dene yèn tan pracaya |
ring pratôndha roro iki |
lah ngapèka banyu saka ing bangawan ||

10. nulya sokna nèng dharatan |
kang we masthi dadi gêtih |
Musa munjuk ring Pangeran |
dhuh Pangeran Kang Masuci |
kawula sintên Gusti |
dede tiyang luwês muwus |
Pangeran angandika |
apa dudu Sun pribadi |
kang nitahna cangkême wong bisa kôndha ||

11. muwah bisu budhêg pisan |
picak mêlèk ring sujanmi |
apa dudu Ingsun Allah |
marma mangkata dèn aglis |
lan sira Sun wulangi |
sabarang kang prêlu-prêlu |
apa sira ucapna |
Ingsun kang ngrèh cangkêmnèki |
Musa matur dhumawaha lyan kawula ||

12. sintên Tuwan karsakêna |
amung sampun badan patik |
Pangran bêndu dhatêng Musa |
andikanya Kang Masuci |
Arun kakangirèki |
iku wasis ing pamuwus |
bakal mapag ring sira |
wurukana salwir kardi |

kang supaya mahyakna mring Pringon Raja
||

13. Nabi Musa nulya tindak |
kondur panggya ingkang rabi |
sajarwa ring rabinira |
arsa wangsul dhatêng Mêsir |
samangkya arsa pamit |
mring Yitro kang marasêpuh |
sajarwa gya bidhalan [bidha...]

[...lan] |
Musa lawan garwa siwi |
bidhalira sing Mèdayin tan winarna ||

14. dupi munggwèng madya marga |
Nabi Musa sampun panggih |
lawan Arun ingkang raka |
antuk wangsit Kang Masuci |
kinèn mapag ing margi |
dhatêng Musa arinipun |
Musa nulya pawarta |
sakwèh dhawuh Kang Masuci |
kang winahya duk anèng ing Korèb ardya ||

15. wusnya kalih pirêmbagan |
nulya sami angundhangi |
para sêpuh-sêpuhira |
Bani Srail sampun wradin |
ngalêmpak golong pipis |
anèng ngarsèng Musa Arun |
anulya winêdharan |
salwir karsèng Kang Masuci |
yèku lamun Pangeran yun angêntasna ||

16. Bani Srail umatira |
sinangsaya tiyang Mêsir |
duk Israil mirêng warta |
Pangran arsa angluwari |
bingah tanpa upami |
seka-kapti samya sujud |
Pangeran mêngku gêsang |
ginandhulan siyang ratri |
ênêngèna ingkang lagya mangun suka ||

17. kunêng gantya kawuwusa |
Musa miwah Arun sami |
arsa wiwit nambutkarya |
sowan ngarsèng Pringon Aji |
umatur dhuh sang aji |
pinarêngna amba matur |

karsanira Pangeran |
Allahipun Bani Srail |
Prabu Pringon mugi karsa nglilanana ||

18. wêdalira umat Allah |
saking ngarsa paduka ji |
sidhêkah mring ngara-ara |
konjuk Inggang Maha Suci |
sang raja

duk miyarsi |
mangsuli ring Musa Arun |
Pangeran iku sapa |
ingsun kinèn umèstuti |
nora bakal Israil sun lilanana ||

19. sun tan wanuh mring Pangeran |
Allah Inggang Maha Suci |
tangèh ingsun ngèstokêna |
dhawuh marang awak mami |
wiwit ing dina iki |
kawruhana mring bangsamu |
sun undhaki bubuhan |
ladèn bata kang wus masthi |
wit kènthèngên nyithak bata olèh mêtang ||

20. saiki tan olèh mêtang |
padha ulata pribadi |
ning sanggan tan kêna kurang |
kudu têtêp lir pinanci |
dhawuh ingundhang aglis |
sumêbar ing Bani Yakub |
akarya kuwuring tyas |
Bani Srail kontrang-kantring |
bêkah-bêkuh tumbuh-tumbuh kang sinêdya ||

21. ênêngêna kang sangsara |
Nabi Musa kang winarni |
sowan ngarsèng Pringon Raja |
ngêmban dhawuh Kang Masuci |
nanging Pringon Sang Aji |
têguh gupuh galihipun |
dumadya Nabi Musa |
mukjijatnya gya pinusthi |
têkênira gya binucal dadya naga ||

22. juru nujum Mêsir samya |
niru Musa kang pakarti |
mukjijatnya Nabi Musa |
dumadya tan dipun galih |

Pringon datan marduli |
rèh sinami para nujum |
nulya Allah Pangeran |
karya wêlak ganti-ganti |
anggirisi mring tyang Mêsir kang myat
samya ||

23. lantaran sing Arun Musa |
wêlak gêtih ingkang [ing...]

[...kang] dhihin |
têkênira Nabi Musa |
ingacung ring banawi Nil |
we inggil malih gêtih |
sapta ari laminipun |
tirta dadya ludira |
tan kêna dèn ombe janmi |
ulam-ulam myang isinya dadya pêjah ||

24. wawêlak ping kalihira |
kang tumêmpuh tanah Mêsir |
kwèh canthuka ting guladrah |
sumarambah tanah Mêsir |
manjing ring griya sami |
gumarayah sabèng kasur |
pawon myang panyithakan |
Pringon sambat mring jêng nabi |
lon ngandika sun dongakna mring Pangeran
||

25. kodhok iku dèn sirnakna |
ingsun masthi anglilani |
Bani Srail padha lunga |
saos bêkti Hyang Masuci |
nanuwun Musa aglis |
mring Pangeran Allahipun |
pêjah samya sakala |
canthuka kang nêmpuh Mêsir |
bathangira karya bacining nagara ||

26. wusing adhèng karubêdan |
kang tumrah ing tanah Mêsir |
nanging Pringon Naranata |
pangguh puguh kang panggalih |
datan pisan marêngi |
wijilira bani Yakub |
condhong sabdèng Pangeran |
kalamun Hyang Maha Suci |
karya gupuh mring galihe sri narendra ||

27. kaping tiga kang wawêlak |
sakwèh lêbu tanah Mêsir |
apan dadya lêmud samya |
janma kewan dèn cakoti |
ucaping juru sikir |
kwasèng Allah Kang Maluhur |
tumêmpuhe wawêlak |
midana

ring tanah Mêsir |
suprandene datan pègat gupuh nata ||

28. kang wawêlak ping sakawan |
coro nêmpuh tanah Mêsir |
nêmpuh Pringon saha wadya |
tuwin para kawula lit |
manjing wismèng tyang Mêsir |
coro-coro anggung nêmpuh |
Pangran karya prabeda |
tanah Gosèn miwah Mêsir |
tanah Gosèn luwar saking pangrêncana ||

29. wawêlak kang kaping gangsal |
pagêblug gêng kang gumilir |
manêmpuh ring rajakaya |
unta lêmbu menda kuldi |
kacundhuk ing pagêring |
rajakaya mawut-mawut |
kuda kathah kang pèjah |
kang wawêlak anggirisi |
mung kewannya Bani Srail tan kataman ||

30. kaping nêmnnya kang wawêlak |
ran bancana mala bêdhil |
manusa myang kewan-kewan |
tinêmpuhing mala bêdhil |
sumêbarnya waradin |
badan tinon samya mlênthung |
nadyan pra sikir pisan |
datan bangkit angoncati |
anglir pendah tiyang Mêsir tan prabeda ||

31. wawêlak kang kaping sapta |
udan woh wor gèlap thathit |
drêsing udan kliwat-liwat |
aliwêran gèlap thathit |
ngampar-ampar nyambêri |
tanah Mêsir kabarubuh |
dèrèng nate tumindak |

bancanèku anèng Mêsir |
kêkajêngan samya sêmpal kapêrapal ||

32. manusa myang kewan-kewan |
kang nèng sabin miwah têtgil |
kaprawasa [kaprawa...]

[...sa] drêsing jawah |
tinon dahat anggirisi |
Pringon gupuh nimbali |
Nabi Musa saha Arun |
nuwuna ring Pangeran |
sirnèng aral saka Mêsir |
nadyan sirna Pringon maksa tan gumiwang ||

33. wawêlak kang kawolunya |
walang ngêbyuk tanah Mêsir |
ngrampas godhong tatuwuhan |
uwit-uwit samya brindhil |
walang-walang nglimputi |
byuk-êbyukan sungsun timbun |
Pringon minta mring Musa |
nanuwun ring Kang Masuci |
sirêp walang gupuh Pringon tan amêndha ||

34. pêtêng dhêdhêt lalimêngan |
laminira tigang ari |
yèku wêlak kaping sanga |
tumêmpuh ring tanah Mêsir |
tan ana janma kang wrin |
dulu kônca-kancanipun |
jrih mênayat sing palunggyan |
ambagêgêg tigang ari |
bunêking tyas tiyang Mêsir tanpa pindha ||

35. marmèng Allah Inggang Mulya |
dhatêng umat Bani Srail |
tanah Gosèn sinung padhang |
bènèh lawan tanah Mêsir |
wondene Pringon Aji |
dhêdhawuh mring Musa Arun |
ywa manèh seba ringwang |
lamun seba sira mati |
Musa Arun mijil saking pagêlaran ||

Wêdalipun Bani Srail saking Mêsir.

21. Mijil

1. sabdèng Pangran dhatêng Musa Nabi |
mungguh Raja Pringon |
saya dadra dlarung piangkuhe |
wun tan kêna lamun [lamu...]

[...n] dèn sabari |
wêlak siji iki |
Pringon masthi kawus ||

2. nora srônata nglilani Israil |
malah Raja Pringon |
bakal nundhung marang sira kabèh |
sabab Ingsun têdhak wayah wêngi |
arsa mêmataèni |
sakwèhing pambayun ||

3. kang arupa wong lan kewan Mêsir |
datan ana tanggon |
marma sira hèh Israil kabèh |
rumantia budhal saka Mêsir |
lakonana iki |
pranata karsèngsun ||

4. karsèng Allah dhatêng Bani Srail |
mèstuti Hyang Manon |
pranatanya mring Isrèl umate |
Bani Srail kinèn amyambêlih |
cêmpenya satunggil |
tan cacad amulus ||

5. sabên griya wênang mung satunggil |
binukti sagrombol |
daging menda kinarya lawuhe |
nênggih roti ingkang tanpa ragi |
dinuduhan pait |
dene êrahipun ||

6. ingusarkên ing pipining kori |
mawi godhong esob |
têbêng kori wah kanan keringe |
wus warata ingusaran gêtih |
Pangran anglangkungi |
kori kênèng marus ||

7. pranatanya Israil ambukti |
Paskahe Hyang Manon |
samyang ngangge sabuk lèlambunge |
sukunira tarumpahan sami |
têkênnya cinangking |
kang sarwa kasusu ||

8. praptèng ari ingkang wus pinasthi |
gumuruh

pradandos |
Bani Srail samêkta samangke |
arsa bidhal saking tanah Mêsir |
duk ing madya ratri |
mlaekat Hyang Agung ||

9. kang ingutus mrawasa ing Mêsir |
prapta dumarojog |
ngidêri ring Mêsir sawratane |
gya anggêbag pambayun ing Mêsir |
pambayun sang aji |
myang kang para wadu ||

10. pambarêpnya rôndha miskin tapis |
swara pating glêmbor |
pambajênging kewan samya lèsèh |
tanah Mêsir pênuh swarèng tangis |
bingung sri bupati |
myang sajro kêdhatun ||

11. tan na kèri kataman pagiris |
ing tyas gung kalêson |
Raja Pringon nulya dhawuh age |
dhatêng Musa myang Arun marêngi |
ing puniku ratri |
mangkya dhawuh prabu ||

12. hèn ta Musa lan sabani Srail |
budhala samêngko |
sira miwah turunira kabèh |
kewanira kabèh ywa na kari |
winawaa aglis |
sujud mring Allahmu ||

13. anglir pendah kang sira karêpi |
rahayua ingong |
lah dèn kêbat ywa nganti kêsuwèn |
nora wurung uwong Mêsir tapis |
sakapti tyang Mêsir |

ring Israil nundhung ||

14. budhalira sagung Bani Srail |
saking ngarsèng Pringon |
samyanggawa rajabrana akèh |
pèni-pèni pisungsung tyang Mêsir |
kênaa kinardi |
sidhêkah ing besuk ||

15. Iyan puniku cithakan kang isi |
jladrèn [jla...]

[...drèn] tan ingadon |
wit kasusu gya ginawa age |
datan kobêr ngantya dèn ratêngi |
kang tan kêna kari |
balung Nabi Yusup ||

16. Gusti Allah ingkang tédah margi |
umatnya Hyang Manon |
Bani Srail sing Mêsir lampaha |
tugu mega siyang kang kinardi |
pitédah ing margi |
daluhugu latu ||

17. duk samana bidhal Bani Srail |
katur Raja Pringon |
dupi pirsu Israil samangke |
sampun bidhal antuk tigang ari |
Pringon Narapati |
kalangkung kèduwung ||

18. unggyanira karsa anglilani |
Israil sagolong |
nulya dhawuh amêpak balane |
wusnya samya kinèn anututi |
lampahing Israil |
praptèng sagantên Sup ||

19. kacandhak nèng sasêlaning wukir |
Isrèl andharodhog |
myat tyang Mêsir kalangkung kathahe |
nanging Musa tansah angayêmi |
mring sagung Israil |
pangandikanipun ||

20. hèn Israil aja padha wêdi |
ananing lèlakon |
kowe kabèh padha mênêng bae |
wit Pangeran nyarirani jurit |
nadyan luwih sungil |

binuru sing pungkur ||

21. nora bakal gèlare Israil |
kasora palugon |
Hyang Masuci angandika age |
maring Musa kang anggung prihatin |
sakwèh Bani Srail |
dhawuhana gupuh ||

22. Bani Srail lajua lumaris |
Musa awotsinom |
dhuh Pangeran dhatêng pundi Isrèl |
punapa yun ngambah ing jaladri |
dhawuh Hyang Masuci |
ngambah samodrèku ||

23. têtênira angkatên dèn aglis |
ywa nganti taledhor |
sagara Sup masthi piyak kang we |
Bani Srail malbèng jroning warih |
laku Isrèl kadi |
datan ngambah banyu ||

24. lah ing kono wong Mêsir mêruhi |
dumadine lakon |
lan sumurup Sun Pangran jatine |
nabi Musa ngacungakên aglis |
têtên ring jaladri |
saluhuring banyu ||

25. Allah nulya niyupakên angin |
sadalu tan pêdhot |
kang jaladri kapiyak ingkang we |
ngantya kandhas dhasar tinon gasik |
Israil lumaris |
ing dalu puniku ||

26. tugu mega ing ngarsèng Israil |
mumbul ngalih ênggon |
ngantawisi tyang Mêsir myang Isrèl |
Bani Srail kapadhangan sami |
dene bala Mêsir |
pêtêng nunak-nunuk ||

27. Raja Pringon gèpah anututi |
sawadya rarêmpon |
daya-daya tinungkaka age |
lampahira praptèng bangun enjing |

prapta madyèng jladri |
Bani Srail sampun ||

28. sami mêngtas saking jro jaladri |
ing dharat anggrombol |
Bani Srail samya lêga tyase |
Pangran nulya gêtêri tyang

Mêsir |
dumadya tyang Mêsir |
kandhêg lampahipun ||

29. samya gêtêr sarwi jêrit-jêrit |
tanbuh paraning don |
nguningani tindhihe jurite |
Bani Srail Pangran Kang Masuci |
pêrang nglawan Mêsir |
tyang Mêsir tan kiwul ||

30. angandika Hyang Kang Maha Suci |
ring nabi Hyang Manon |
Nabi Musa kinèn ngacungake |
astanira dhatêng ing jaladri |
Musa anglampahi |
dhawuh Hyang Maha Gung ||

31. bala Mêsir tinangkêb ing warih |
samodra dadya rob |
plajêngira anumbuk-numbuk we |
kasasaban dening ombak sami |
tumpês tapis gusis |
sajuga tan kantun ||

32. Bani Srail myat sangsarèng Mêsir |
wrin kwasèng Hyang Manon |
têmah ajrih dahat kumandêle |
mring Pangeran Allah Kang Masuci |
myang mring Musa Nabi |
kasmaran tyasipun ||

**Lampahipun Bani Srail dumugi
ing rêdi Sina.**

22. Asmaradana

1. kocapa pra Bani Srail |
antuk tulunging Pangeran |
anggung gunggung mring Allaha |
warna-warna solahira |
ana kang tatrêbangan |
ana ngrêpi miwah ngidung |
kunêng gantya kang winarna ||

2. margi ingkang saking Mêsir |
ingkang

dhatêng ing Kanangan |
tan na sawah myang kaline |
wujud ara-ara wiyar |
sungil ambahanira |
ngambah wêdhèn ngaluk-aluk |
datan ana sêndhang-sêndhang ||

3. parumputan awis-awis |
margi miwah wismèng janma |
ingkang tinon mung pawêdhèn |
kocap Isrèl lampahira |
wus antuk tigang arya |
wit bidhal sing sagara Sup |
Isrèl lagya manggih sêndhang ||

4. langkung suka Bani Srail |
cipta arsa ge ngombea |
ninging tan kenging we ingombe |
pait lêtih ingkang tirta |
Israil garundêlan |
maring Musa anggarumung |
unggyan iku karan Marah ||

5. Nabi Musa sambat aglis |
mring Pangeran Inggang Mulya |
Musa sinung kajêng age |
kinèn nyêmplungna ring toya |
kang toya dadya tawa |
dèn cêmplungkên kajêng sampun |
anètèsi sabdèng Pangran ||

6. Pangran nabda ring Israil |
Ingsun iki dhukunira |
lamun sira mêrlokake |
myang nglakoni kabênêran |
tumanggap ing pêpakyan |
lan nêtêpna pranatèngsun |
masthi sira tan sangkala ||

7. dupi Isrèl sampun prapti |
ngara-ara Sin lampahnya |
maring Musa grundêl manèh |
roti iwak datan ana |
apa ta kang tinadhah |
Pangran paring pêksi puyuh |
kumêbul nèng ngara-ara ||

8. natkala ing wanci [wa...]

[...nci] enjing |
tinon ana wawujudan |
cilik bundêr bun èmpêre |
Bani Srail duk uninga |
kalangkung kewranira |
dèrèng nate wrin maujud |
katêmbene Isrèl ninga ||

9. wujud sinung aran nuli |
iku êman aranira |
Nabi Musa nêrangake |
iku roti saka swarga |
paringe Allah Mulya |
môngka pangan mring sirèku |
lêgi anglir madu-tala ||

10. Nabi Musa amalêri |
hèh Israil wruhanira |
nora kêna sira ngèngèh |
lamun sira angèngèha |
turahan êman ika |
singgatên ing wayah esuk |
buthuk bacin tan kêpangan ||

11. yèn Jumungah iku kêni |
Allah karsa paring êman |
marang sira tikêl kèhe |
iku sira angèngèhna |
wit dina Sabat Pangran |
tan maringi mring sirèku |
pituhunên karsèng Pangran ||

12. laminipun Bani Srail |
etang kawan dasa warsa |
engga praptèng Kanangane |
unggyanira nampèni man |
kang môngka rêjêkinya |
kwèh pranata tan winuwus |
kawarnaa critèng ngarsa ||

13. duk Israil nèng Rapidim |
ara-ara sêpên tirta |
Israil gung panggrundêle |
Nabi Musa asêsambat |
mring Pangran Ingkang Mulya |
Nabi Musa tampi dhawuh |
têkênira dèn jojhna ||

14. maring parang mijil warih |
wus dèn jojoh [jo...]

[...joh] kang pêparang |
langkung wêning wijiling we |
kêna lamun ingombea |
Israil langkung suka |
kunêng gantya kang winuwus |
wontên bônghsa salah karya ||

15. ambegal ring Bani Srail |
nèng Rapidim ara-ara |
Isrèl pêrang lan Amalèk |
Bani Srail mapag pêrang |
Yusak manggalèng yuda |
tan winarna ing apupuh |
Musa minggah luhur ardy a ||

16. tumênga ring Hyang Masuci |
nuwun unggulirèng yuda |
astanya dèn ulukake |
sajro umbule kang asta |
Israil unggul yuda |
sèlèh kasor yudanipun |
Amalèk kang unggul aprang ||

17. kocap Arun anitèni |
Isrèl unggul wah kandhapnya |
anut solahe astane |
nulya Arun myang Kur samya |
anyanggi asta Musa |
Bani Srail dadya unggul |
tyang Amalèk kudhangdhang an ||

Dhumawuhing anggêr-anggêr.

23. Dhandhanggula

1. tan winarna kang kasor ing jurit |
tyang Amalèk sasesaning pêjah |
samya angungsi gêsange |
ing mangke Bani Yakub |
lampahira dwi côntra lêwih |
prapta ing ardi Sina |
lêrêbnya sataun |
para pancêr kulawôngsa |
tata-tata [tata-...]

[...tata] cacah kang priya nêrn kêthi |
sadaya tigang yuta ||

2. wontên ngriku sami dèn paringi |
anggêr-anggêr pranataning Pangran |
Israil dadya umate |
Pangran Kang Maha Luhur |
wus ngêntaskên sing tanah Mêsir |
wus sira tata Musa |
sumêngka ring gunung |
Pangeran nulya ngandika |
sira Musa nataa ring Bani Srail |
ing ari katêlunya ||

3. Ingsun arsa mring Sina nêdhaki |
gunung ika yoga sinêngkêra |
ywa ingambah saubênge |
kang ngambah gunung iku |
nora kêna amasthi mati |
praptèng tri arinira |
kang tinon nèng gunung |
gêlap thathit laliwêran |
mega kandêl kalasôngka anggiris |
ardi tan kasatmata ||

4. Nabi Musa marêk Hyang Masuci |
Bani Srail sadaya ing ngandhap |
suci-suci kang pangangge |
dahat ing ajrihipun |
myang gumêtêr sanggya Israil |
Pangran nulya ngandika |
mangkya sabdanipun |
Ingsun Pangran Allahira |
mêtokake sira saka tanah Mêsir |
omahing pangawulan ||

5. aywa sira samya andarbèni |
Allah liyan anèng Ngarsaningwang |
gawe rêca ukirane |
kang anèng langit dhuwur |

bumi ngisor myang jroning warih |
sangisoring bantala |
sira aywa sujud |
myang ngabêkti marang ika |
awit dene Ingsun bêtèr ing panggali |
niksa mring wong duraka ||

6. nganti têtan turune kaping tri |
myang kaping pat lan gung palimarma |
marang ewoning turune |
wong trêсна marang Ingsun |
lan nêtêpi pêpakwan mami |
sira aywa nyawiyah |
asmèng Hyang Maluhur |
Pangran datan ngaranana |
sadhengah wong nyeda asmèng Kang
Masuci |
iku tan kaluputan ||

7. amulyakna mring Sabat kang ari |
jro nêм dina anambuta karya |
garapên pakaryan kabèh |
dene dina kapitu |
iku dina Sabat kang suci |
ywa sira nambutkarya |
ri kapitu iku |
sira lan anakira |
[\[1\]](#) lanang wadon batur miwah liyan janmi |
kang nèng jro wêngkonira ||

8. kewanira iya datan kêni |
jro nêм dina bumi lan akasa |
sagara myang saisine |
kinarya de Hyang Agung |
ri kapitu ingkang Masuci |
kèndêl dèn ta akarya |
mula Kang Maluhur |
ambarkahi dina Sabat |
lan kinarya dina iku dadi suci |
iku Sabating Pangran ||

9. ngajènana marang yayah bibi |
kang supaya dawa umurira |
anèng tanah pêparinge |
Pangran Allahirèku |
sira aywa amêmatèni |
sira ywa laku bedhang |
ywa nyolong sirèku |

aywa dadi saksi cidra |
lan maninge aywa sira dhêmên melik |
darbèke padhanira ||

10. sadangunya Pangran Kang Masuci |
dhawuhakên parentah sadaya |

1. Kurang satu suku kata: sira lan sanakira.

kang tumrap ring umat Isrèl |
Isrèl saya jrihipun |
aningali gèlap lan thathit |
datansah aliwêran |
gya samya lumayu |
umatur ring Nabi Musa |
kang dèn pinta Musa kewala dhawuhi |
ywa Pangeran pribadya ||

14. mugi-mugi paduka akardi |
dewa môngka ngirid lampah kula |
wit [wi...]

11. sami ajrih lamun angêmasi |
sadhawuhnya Pangran dhatêng Musa |
Israil yun ngestokake |
rampung prasapanipun |
Bani Srail sanggup nêtêpi |
gya Musa saos kurban |
konjuk Hyang Maluhur |
Bani Srail sawratanya |
siniratan ludira kurban jêng nabi |
mangkana andikanya ||

12. iku gêtih môngka mracihnani |
prasêtyanya Pangran marang sira |
lan turunira ing tèmbe |
Musa gya munggah gunung |
kawan dasa ari myang ratri |
laminya nêng aldaka |
ing sadangunipun |
nampi dhawuhing Pangeran |
ingkang arsa dhinawuhkên ring Israil |
umat papilihannya ||

13. wusing rampung dhawuhirèng Widhi |
Nabi Musa pinaringan papan |
sela kêkalih cacahé |
mot anggêr-anggêr luhung |
kang kasêrat astèng Hyang Widhi |
Bani Isral^[2] winarna |
duk wrin dangunipun |
Nabi Musa tan tumêdhak |
saking ardi dera marêk Hyang Masuci |

2. Isrèl.

[...t] dene Musa samangke |
paran ing wêkasipun |
kula sami datan udani |
Arun nulya ngandika |
ywa ngono karêpmu |
anting-anting sampun pinta |
gon-anggone anak myang rabinirèki |
sun karya dewanira ||

18. papan sela kalih kang cinangking |
gya binanting sangandhaping ardya |
kang papan rêmu [rêmu...]

15. Bani Srail datan angrawati |
suka lila pinundhut darbèknya |
katur ing Arun sanggyane |
tinampi dening Arun |
gya cinithak apan wus dadi |
rêca pêdhèt kancana |
Isrèl sukèng kalbu |
sora wijiling wacana |
hèh ta kônca iki kang ngirid sing Mêsir |
iyèku dewanira ||

16. enjingira Israil rumanti |
karya kurban katur pêdhèt êmas |
gambirèng tyas mring dewane |
Pangeran Kang Maluhur |
nulya dhawuh mring Musa Nabi |
aglis sira mudhuna |
saka luhur gunung |
wruhanira umat Ingwang |
Bani Srail lakune rusuh sayêkti |
nyêbal pituduh Ingwang ||

17. Nabi Musa mêdhak saking ardi |
sarwi mandhi punang papan sela |
kêkalih munggwèng astane |
dahat ing dukanipun |
Nabi Musa duk aningali |
Bani Srail jogedan |
sindhèn swara umyung |
angêpung pêdhèt kancana |
nèng barisan binarung gôngsa dumêling |

[...k] kalihe |
rêca cinandhak sampun |
dèn jur-êjur nulya dèn bêsmi |
lêbur tanpa kukupan |
kang rêca malêdug |
sinawur-sawur ring tirta |
Nabi Musa dhawuh ring Israil sami |
kinèn ngombe kang tirta ||

22. kaya dene papan karo dhihin |
sesuk esuk sira saosêna [sao...]

19. enjingira Musa ngandika ris |
ingsun arsa munjuk ring Pangeran |
dèn ta gawe dosa gêdhe |
lamun kaparêng ingsun |
sira olèh aksamèng Widhi |
nulya marêk Pangeran |
alon aturipun |
dhuh Pangeran umat Tuwan |
Bani Sraïl sampun sami anglampahi |
dosa gêng ngarsa Tuwan ||

20. dene sampun karya dewa rukmi |
ing samangkya mugi karsa Tuwan |
ngaksama ring Bani Srael |
ing gênging dosanipun |
lamun datan antuk aksami |
suka lila kawula |
linêbur Hyang Agung |
mangkya dhawuhira Pangran |
janma kang wus gawe dosa ngarsèng Widhi
|
linêbur sing tulisan ||

21. mêngko sira ngirida Israil |
marang ungyan Sun karya prasêtya |
marang sira myang Israèl |
lan malaekat Ingsun |
andhingini sira lumaris |
besuk praptèng mangsanya |
sun siksa wong iku |
samêngko sira karya |
papan watu loro padha lan kang dhihin |

--- 102 ---

[...sêna] |
iya anèng gunung kene |
Musa gya munggah gunung |
kawan dasa ari myang ratri |
sowan ngarsèng Pangeran |
tan dhahar myang ngunjuk |
papan sela kang winawa |
sinêratan pêpakèn Hyang Maha Suci |
Pangran nganthi mring Musa ||

wiyarira sadasasta |
inggilira apan sami |
lawan miyar^[3] sadasasta |
pagêrira kang kinardi ||

5. blabag lapisan mas murub |
pêpayon wacucal pèni |
salêbêting

**Pasucianing Allah, para imam,
lan dintên agêng.**

24. Kinanthi

1. kawuwusa Hyang Maluhur |
dhawuh dhatêng Musa Nabi |
kinèn karya pasucian |
padalêman ingkang suci |
padalêman asmèng Pangran |
kang pinuja Bani Srail ||

2. Bani Srail golong rêmbug |
ngaturakên pèni-pèni |
rajabrana myang sasotya |
kajêng pelag aprayogi |
bêbadhening kang yêyasan |
katur ngarsèng Musa Nabi ||

3. sadaya ingatur sampun |
pakaryan kang mandhegani |
nênggih kêkalih sarjana |
manut pola Hyang Masuci |
kang sinung ring Nabi Musa |
duk ana ing Sina wukir ||

4. asta karya ukuripun |
panjangira tiganing dèsi |

3. wiyar.

pasucian |
pan ginubah dadya kalih |
kang nèng ngarsa ingaranan |
sana suci wus prayogi ||

6. dene ingkang munggwèng pungkur |
aran sucining asuci |
mubêng sinung palataran |
ginêbêran aprêmati |
kêkalih kang papan sela |
munggwèng sucining asuci ||

7. pêthi êmas wadhahipun |
nginggilira tutup pêthi |
sinung pratima kancana |
rekan malaekat kalih |
samyâ lênggah jêng-ajêngan |
sarwi babar kang suwiwi ||

8. jro sasana suci ngriku |
pan wontên padupan rukmi |
myang wontên meja kancana |
wadhah roti kang sumaji |
jug-ajug mas êpang sapta |
sinung clupak mas nyawiji ||

9. ing plataran ngarsa sinung |
misbyah obaran têmbagi |
miwah padasan têmbaga |
datansah ngisenan warih |
karya wulu para imam |
kang arsa nglampahi kardi ||

10. duk rampung panggarapipun |
pasucian Hyang Masuci |
Pangran mahyakkên mulyanya |
prabanya Hyang Maha Suci |
anèng sajro pasucian |

tinon lir mega nêlahi ||

11. sasanèng Hyang Maha Agung |
pinatah kang ambakoni |
pinèt sing Lèwi kang darah |
turun Arun angimami |
Arun madêg ulu imam |
lêstari sing darah Lèwi ||

12. kang jumênêng imam agung |
malbèng sucining asuci |
ping sajuga ing sawarsa |
yèku ari amarêngi [ama...]

[...rêngi] |
riaya panglêbur dosa |
de pra imam anglanggati ||

13. kajating janma sawêgung |
saos kurban mring Hyang Widhi |
kang ngladosi para imam |
yèku para darah Lèwi |
wusing rampung sing pakaryan |
bubaran dipun barkahi ||

14. mangkana andikanipun |
muga Pangran Kang Masuci |
barkahana marang sira |
ngrêksaa marang sirèki |
madhangana marang sira |
muraha Hyang Maha Suci ||

15. tumrapa marang sirèku |
muga-muga Hyang Masuci |
manisa wadananira |
sarta angganjar basuki |
iya marang jênêngira |
luwaran sanggya prajanmi ||

16. kang dadya ari pinunjul |
kang dèn mamule Israil |
para priya kuwajiban |
malbèng pasucian ping tri |
punika dalêm sawarsa |
sarambahan sapta ari ||

17. anging mênggah kèndêlipun |
dènira anambutkardi |
ing ri purwa myang wasana |
juga Paskah kang riadi |
kalih ari Pêntekosta |
kaping tri kang ariadi ||

18. karan ri tancêbing tarub |
yèku môngka amèngêti |
duk wisata ring Kanangan |
munggwèng ngara-ara sami |
môngsa lêbaring wowohan |
saos sukur mring Hyang Widhi ||

19. pônca ri sadèrèngipun |
dumugi ingkang riadi |
ran ri panglêburing dosa |
Bani Srail anglampahi |

analôngsa mring Pangeran |
sami siyam Bani Srail ||

20. saos kurban imam agung |
yèku kurban kang kinardi |
môngka pangruwating dosa |
dosanya imam pribadi |
myang pangruwat dosanira |
sanggya para Bani Srail ||

21. ri raya Paskah winuwus |
yèku karya ngeling-eling |
duk ing nguni wijilira |
Bani Srail saking Mêsir |
juwawut tanêmanira |
kang wus tinon tuwa dhingin ||

22. ring pasucyan iku konjuk |
bakda Paskah nulya wiwit |
juwawutnya ingênenan |
Pêntekosta kang winarni |
mèngêti ring kabingahan |
undhuh-undhuh Bani Srail ||

23. ngiras karya ngemut-emut |
dhumawuhing anggêr nguni |
natkala nèng ardi Sina |
Bani Srail amarêngi |
angênèni gandumira |
samyamucung Bani Srail ||

Pakuburanipun tiyang luwamah.

25. Pocung

1. unggyanipun Isrèl lèrêb mèh sataun |
ngandhap ardi Sina |
anuju sajuga ari |
tugu mega muluk saking pasucian ||

2. Bani Yakub gya samêkta bidhalipun |
samyasuka-suka |
panyanèng tyas nulya prapti |
anèng tanah lir kang dadya sêdyèng lampah
||

3. lampahipun [la...]

--- 106 ---

[...mpahipun] kathah pêpangkalanipun |
lagya tigang arya |
gya kalêson Bani Srail |
tiyang rucah prasami yun nêdya ulam ||

4. samya muwus nangis sambat ngadhuh-
adhuh |
paran polah ingwang |
sapa baya sun jaluki |
dene dahat kêpengin ngong mangan iwak ||

5. angur aku anèng Mêsir mangan timun |
iwak lan sêmôngka |
brambang bawang lan kucai |
apa manèh kabèh sarwa lêlahanan ||

6. tanpa tuku ing saikine awakku |
apa dak pangana |
mari mati êman iki |
jêlèh têmên mangan tan liyan kajaba man ||

7. Hyang Maha Gung maring Musa nulya
dhawuh |
sira dhawuhana |
marang sakwèh Bani Srail |
sesuk esuk bakal padha mangan iwak ||

8. sabudimu saengga sasami muput |
mlukèk-mlukèk sira |
sabab sira nyênjampahi |
mring Pangeran kang ana ing têngahira ||

9. de kaduwung ênggonmu wus padha mêtu
|
saka pangawulan |
iya iku tanah Mêsir |
aturira Nabi Musa mring Pangeran ||

10. dhuh Hyang Agung kadospundi Tuwan
dhawuh |
karsa paring ulam |
dhatêng umat Bani Srail |
laminipun ngantos muput ing sawulan ||

11. dhuh Hyang Agung umat Tuwan Bani
Yakub |
jalêrnya kewala |
udakawis ênêm kêthi |
angandika [anga...]

[...ndika] Pangeran mring Nabi Musa ||

12. kwasaningsun yakti tan kuciwèng sêmu |
mula dèn pracaya |
Nabi Musa anulya glis |
nglêmpakakên sasêpuhing Isrèl samya ||

13. tan adangu samirana bêkta puyuh |
saka ing sagara |
sinêbar nèng têngah baris |
mubêng kupêng tumpang tindhih yêl-uyêlan
||

14. inggilipun kalih asta tumpuk undhung |
Bani Srail nulya |
kaul dènnya andêkêpi |
dhatêng puyuh kalih dintên laminira ||

15. dèrèng sampun panêdhaning ulamipun |
Israil kataman |
sapu-dhêndhaning Hyang Widhi |
tan apanggih kang surakah têtah pêjah ||

16. kuburipun tyang luwamah wontên
ngriku |
kaloking kuburan |
lêstari dipun wastani |
pakuburan para tiyang kang luwamah ||

Para têlik.

26. Pangkur

1. kapungkur pra kang luwamah |
kawarnaa dèn ta Isrèl lumaris |
sampun laju lampahipun |
praptèng ra-ara Paran |
Nabi Musa nuding maring Bani Yakub |
anêlika ring Kanangan |
sabên pancêr pinèt niji ||

2. ing marga tan winursita |
lampahira praptèng gyan kang tinêlik |
lèr kidul [ki...]

[...dul] apan wus kêmut |
samana nuju môngsa |
ngundhuh anggur dadya têlik nyêmpal
anggur |
dahat agêng kang dhompson |
rinêmbat ing tiyang kalih ||

3. miwah ngambil woh dalima |
kurma-kurma myang Iyan woh amêpaki |
dupi laku wus kacukup |
ing patang puluh dina |
para têlik nulya aglis sami wangsul |
tur uning ring Nabi Musa |
ing sasolahe tinuding ||

4. tuhu lamun tanah ika |
tanah ingkang saklangkung loh jinawi |
pasir wukir panjang-punjung |
kacihna sing ananya |
anggur kurma dalima myang sanèsipun |
kang winawa pra utusan |
karya eram kang ningali ||

5. janma ingkang samya manggyan |
sami gagah prakosa sura-sakti |
yèn tinandhinga lan ulun |
kula prasasat walang |
bakuh kukuh santosa gêng kithanipun |
Bani Sraïl kawuwusa |
myarsa turing para têlik ||

6. dahat girise kang manah |
ting carêblung gumuruh swaranèki |
nguman-uman Musa Arun |
mangkana wuwusira |
luhung kula anèng Mêsir têtah layu |
utawi nèng ngara-ara |
anèng ngrika baya kardi ||

7. sun binêkta ing Pangeran |
nora wurung kula têkèng ngêmasi |
dadi pangewaning mungsuh |
anak bojo tinawan |
angur kula wangsul ring Mêsir sadarum |
nulya karya lurah enggal [engga...]

--- 109 ---

[...I] |
gilig rêmbag wangsul Mêsir ||

8. têtik Kalèb miwah Yusak |
angrêrapu mring para Bani Srail |
mangkana andikanipun |
tanah ika prayoga |
bokmanawa Pangran sudi marang aku |
pinaringan tanah ika |
sok uga aywa baribin ||

9. ambalela mring Pangeran |
aja wêdi mring bônsga kang ngênggoni |
asantosa pangungsênku |
tinimbang bônsga ika |
pangungsène wong ika sayêkti suwung |
bènèh lawan jênêng ingwang |
jinangkung ing Hyang Masuci ||

10. pangrêrapunira Yusak |
miwah Kalèb tan tinampi Israil |
kwèh pitutur tanpa kusur |
mandar tiyang sadaya |
alok-alok Yusak Kalèb yun linampus |
saksana mulyaning Hyang |
^[4] ngatingali Bani Srail ||

11. Allah asru angandika |
wus ping pira Bani Srail ngayoni |
nyampahi mring asmaningsun |
miwah sakwèh pratôndha |
kang Sun karya nèng ngarêpe Bani Yakub |
sira arsa Ingsun karya |
lir pendah ucapirèki ||

12. ucap kang wus sun piyarsa |
anakira iku kang andarbèni |
kang wus padha sira sêngguh |
bakal dadi tawanan |

iku bakal Sun paringi tanah iku |
tanah têtampikanira |
dene sira kabèh mati ||

13. anakira bakal nglambrang |
ngulandara nèng

4. Kurang satu suku kata: saksana kamulyaning Hyang.

--- 110 ---

ngara-ara iki |
nganti patang puluh taun |
sira kabèh palastra |
kang umur ta luwih sing rong puluh taun |
winilang sing wijilira |
mêntas saka tanah Mêsir ||

14. amung Kalèb tuwin Yusak |
sinung gêsang dening Hyang Maha Suci |
kang dwi dasa taun langkung |
sirna samya palastra |
dahat dènnya balela mring Kang Maluhur |
andadra karya piala |
datan arsa angunduri ||

Balelaning Bani Srail.

27. Durma

1. kawuwusa Israil darbe manggala |
dwi atus sèkêt janmi |
kathahing manggala |
gêcul kumpul manglawan |
dhatêng Arun Musa Nabi |
Musa tinarka |
angêgungakên dhiri ||

2. ingkang môngka cucuking para manggala
|
kang arsa karya juti |
tatiga namanya |
Korah Datan Abiram |
pangangkahnya tiyang katri |
sanggya pakaryan |
mangrèh myang angimami ||

3. para kraman tan kenging lamun kantuna |
dahat dènira mèri |

Nabi Musa nabda |
sesuk padha sebaa |
nèng ngarsèng Pangran Masuci |
padupanira |
gawanên aywa kèri ||

4. ana kono sayêkti bakal katara |
sapa ingkang pinilih |
piniji Pangeran |
pakaryan kang mangkana |
Korah [Ko...]

[...rah] nulya angundhangi |
Isrèl rowangnya |
ngarsa sasanèng Widhi ||

5. duk samana Pangeran nulya ngandika |
sumingkira Israil |
sing tarube Korah |
Datan miwah Abiram |
sabab uwong iku pasthi |
Sun tumpês sakal |
dèn awas Bani Srail ||

6. bumi ingkang dèn ênciki tyang tatiga |
anulya bêngkah aglis |
nguntal pra tyang tiga |
dalah sadarbèkira |
miwah pra manggala sami |
sinambêr gèlap |
kabèh samya ngêmasi ||

7. sanadyana wus kalakyan kang kadyèka |
tan kèndhat Bani Srail |
malah sayandadra |
dènira nguman-uman |
maring Arun Musa Nabi |
ingaran dadya |
dêdalane bilai ||

8. duk samana mulat bramantyaning Allah |
wawêlakira mijil |
nêmpuh tyang salêksa |
kawan èwu kalawan |
pitung atus sirna gusis |
padha sakala |
tan ana kèri urip ||

9. wontên malih panggrundêlnya maring
Musa |
wit saking kirang warih |

nèng Kadèsbarnea |
Pangran nulya ngandika |
dhawuh dhatêng Musa Nabi |
kinèn ngalapa |
lantaranira aglis ||

10. myang ngumpulkên para Bani Srail
samya |
Arun lan Musa Nabi |
kinèn ngaruhana |
parang nèng ngarêpannya |
parang masthi mijil warih |
wus sira pêpak |
Musa ngandika

aris ||

11. hèn wong wangkot kabèh padha
anrungokna |
apa wijiling warih |
saka parang ika |
aku kang mêtokêna |
kumlawe astanirèki |
anjojoh parang |
ngantya rambah ping kalih ||

12. sanalika parang mijil tirta kathah |
sadya Bani Srail |
dalah kewanira |
nulya ingombèn samya |
Pangran nulya dhawuh maring |
Arun lan Musa |
rèhne mêngko sirèki ||

13. nglirwakake kang dadi prentahing
Pangran |
sarta datan ngajèni |
marang asmèng Allah |
ana ing pasamuhan |
marmane gonira ngirid |
Israil umat |
datan bisa nguwisi ||

14. bakal ora kongsi tumêkèng Kanangan |
gya sêndhang dèn arani |
Mariba têngsnya |
toya apa pabênan |
duk warsa Isrèl lumaris |
wus kawan dasa |
Bani Israil prapti ||

15. tanahipun tiyang Edom turun Esap |
Iskak ingkang sasiwi |
tyang Edom tan suka |

lamun dèn langkungana |
dumadya Israil sami |
nyimpang lampahnya |
sing Edom murang margi ||

16. wontên margi Israil angundhamana |
kene tan ana roti |
miwah tan na tirta |
bosên tèmên wak ingwang |
mangan êman nora salin |
saksana Pangran |
bêndu mring Bani Srail ||

17. Bani Srail kenging wêlak sarpa kathah |
kalangkung [ka...]

--- 113 ---

[...langkung] mandi-mandi |
Isrèl kawasesa |
kathah samya pralena |
sakathah tyang nulya sami |
marèk ring Musa |
sarwi umatur aris ||

18. kula sampun sami rumaos klêpatan |
mugi dongakna mami |
ing ngarsèng Pangeran |
birata ingkang sarpa |
Musa nulya anglampahi |
donga mring Pangran |
Musa gya kinèn kardi ||

19. rarekanya kang sarpa badhe têmbaga |
rekan pinanjêr aglis |
minôngka pratôndha |
singa cinakot ula |
yèn mawas rarekan masthi |
nulya waluya |
mangkana karsèng Widhi ||

20. sawarnanya umat kang wus kaprawasa |
cinakot ula mandi |
samasa umiyat |
rekan ula tambaga |
satêmah waluya jati |
girang sukèng tyas |
lir taru kênèng riris ||

Pandhita Balhum.

28. Sinom

1. kawuwusa lampahira |
Isrèl wusnya anglangkungi |
tanah Edom gya ngutara |

anyabrang Arnon kang kali |
wasana dupi prapti |
ing Amori tlatahipun |
nulya manggya pangkalan |
kang darbèni ing Amori |
Sang Araja Sion datan marêngêna ||

2. kalamun talatahira |
dèn ambaha Bani Srail |
dumadya rarêmpon aprang |

Sang Raja Sion kalindhîh |
têmah Amori nagri |
dinarbe ing Bani Yakub |
mangkana dupi prapta |
laladan Basan nagari |
Sang Prabu Og kang jumênêng naradipa ||

anduta punggawa malih |
pangkat kapara inggil |
mikat sih Pandhita Balhum |
dumadya arsa sowan |
kèrid salampah duta ji |
kawarnaa [kawarna...]

3. dahat dènnya mambêngana |
lampahira Bani Srail |
kalakwan pinukul ing prang |
ing Basan kasor ing jurit |
tumulya Bani Srail |
lêrêb Lêbak Moab mungguh |
têpi Yardèn bangawan |
ngajêngkên Yereka nagri |
kawuwusa sang aprabu nagri Moab ||

4. jajuluk Narendra Balak |
sang aprabu animbali |
juru pamêca ing Aram |
Pandhita Balhum sasilih |
dhawuh sri narapati |
kaêmbaran cundakèng prabu |
yèn Balhum tinimbangan |
supadya ngipat-ipati |
mring Israil kang dadya klilip narendra ||

5. sri narendra kuwalahan |
kalamun umagut jurit |
yèn ta sêpi sabdanira |
Pandhita Balhum tyang sidik |
nging Allah andhawuhi |
dhumatêng Pandhita Balhum |
tan parêng ngêmbulana |
miwah angipat-ipati |
mring Israil karena wus binarkahan ||

6. marma Balhum Sang Pandhita |
tan arsa sowan sang aji |
suprandene Raja Balak |

[...a] dupi anèng têngah margi ||

7. malaekating Pangeran |
ambegal ngadhang-adhangi |
sarwa sikêp pêdhang ligan |
Balhum tan pisan udani |
ananging punang kuldi |
titihan Pandhita Balhum |
wikan mring malaekat |
dumadya nyimpang ing margi |
krudha mangkrak pandhita mêlak kuldinya ||

8. kuldi anjêrum sakala |
wimbuh sangsaya tinitir |
Pangeran nulya ambuka |
dhumatêng cangkêming kuldi |
kuldi micarèng janmi |
lan paran dosa wak ulun |
dene tinitir gêbag |
saksana Pangran marêngi |
maring Balhum wikan dhatêng malaekat ||

9. andikanira Pangeran |
lah mara bacuta aglis |
nanging poma aja sira |
ngucap lyan wisik Hyang Widhi |
tan winursitèng margi |
wus prapta Pandhita Balhum |
ngarsèng Sang Raja Balak |
anulya sinambut aglis |
mring pêpunthuk dera Balak Sri Narendra ||

10. kang supaya uningaa |
gêlar barising Israil |
mojar Balhum ngarsèng nata |
tuwin para agung sami |
kadya paran sang aji |
pangêsot kawula prabu |
dhumatêng tyang punika |
tan ingêsot Hyang Masuci |

11. nupata tyang binarkahan |
dening Pangran Kang Masuci |
praptamba ngriki punika |
tan lyan amba ambarkahi [ambarkah...]

--- 116 ---

[...i] |
dhumatêng Bani Srail |
mangkya karsa Hyang Maha Gung |
Raja Balak ngandika |
têkan ta ingsun timbali |
kang supaya Israil supatanana ||

12. môngka sira andum barkah |
iya marang Bani Srail |
nganti kaping tri rambahan |
kawruhana mring sirèki |
gon sun arsa ngurmati |
mring sira Pandhita Balhum |
pinêgat Allahira |
tan kawarna Bani Srail |
gêcak Moab pindha mèt madu sarkara ||

Sedanipun Nabi Musa.

29. Dhandhanggula

1. duk samana sakwèh kang kairid |
Nabi Musa sing Mêsir wus sirna |
mung kantun Yusak lan Kalèb |
punapadene Arun |
apan sampun tumêkèng jangji |
kawarna Nabi Musa |
darbya tur panuwun |
mring Pangeran Allahira |
amarêngi lèrêbira Bani Srail |
ana ing Lèbak Moab ||

2. aturira mring Hyang Maha Suci |
mugi-mugi kawula klilana |
ngalami nyabrang ing Yardèn |
wikana tanahipun |
ingkang Tuwan karya prajangji |

Pangeran tan marêngna |
kabuling panyuwun |
andikèng Allah mring Musa |
wis ywa matur sira marang Hyang Masuci |
ing bab iku prakara ||

3. muhung sira munggaha dèn aglis |

datan ana nabi pindha Musa Nabi |
kapêraknya mring Allah ||

gunung Nêbo anèng kono sira |
Sun tuduhake tanahe |
kasusra loh pinunjul |
Sun janjèkke mring Bani Srail |
sira bakal tumingal |
nging sira tan mlêbu |
Nabi Musa duk miyarsa |
gya pamitan dhumatêng Bani Israil |
miwah papèngêt kathah ||

4. samukawis sih marmaning Widhi |
atanapi ngaping kalih prentah |
kang dhumawuh sing Allahe |
Isrèl sinung pituduh |
ipat-ipat lan barkah suci |
pinaringan prasapa |
lamun Hyang Maluhur |
arsa karya nabi juga |
kang piniji saka antaranirèki |
pindha aku èstokna ||

5. Nabi Musa sawusira paring |
kang pangèstu mring Isrèl sadaya |
nulya minggah ardi age |
seda wontèn ing ngriku |
layonira Musa tumuli |
pinêtak dening Allah |
tan na janma wêruh |
dupi Israil wus wikan |
lamun Musa pinundhut dening Hyang Widhi
|
anulya tinangisan ||

6. laminira tigang dasa ari |
kawuwusa seda Nabi Musa |
apan marêngi yuswane |
duk rikala pinundhut |
satus langkung dwi dasa warsi |
karosan datan suda |
netra datan lamur |
sasedanya Nabi Musa |

Nabi Yusak.

7. sasedanya Musa kang piniji |
dening Allah supaya ngirida |
maring laku Bani Srael |
iyèku Yusak bin Nun |
Pangran jangkung mring Yusak Nabi |
pindha jangkung ring Musa |
Nabi Hyang Maluhur |
Nabi Musa kang nyabrangna |
Bani Srail wontên ing sagantên Abrit |
ing Yardèn Nabi Yusak ||

8. toyanira ing Yardèn banawi |
dadya piyak pindha pagêr bata |
yèku ing luhur katone |
ingkang ngandhap lêstantun |
sengga asat ilining warih |
engga têlasing nyabrang |
Israil sadarum |
wusing mêntas dènnya nyabrang |
lampahira Bani Srail sampun prapti |
cêlak nagri Yereka ||

9. Bani Srail sami anêtêpi |
dintên agêng Paskah kang riaya |
anèng Kanangan katêmbèn |
nuju panèn juwawut |
Bani Srail nulya abukti |
juwawut panenannya |
kang môngka kalintu |
têdhanira kang warni man |
ing samangkya datan piningan malih |
têdha ingkang warni man ||

10. kawuwusa Yereka nagari |
sakalangkung santosa kang praja |
anggênggêng baluwartine |
Pangeran Kang Maha Gung |
wus prajangji Yereka nagri |

piningkên ring Yusak |
mangkya dhawhipun |
ngidêrana ing nagara |
iya sira lan [la...]

--- 119 ---

[...n] sakwèhe pra prajurit |
sapisan ing sadina ||

11. midêrira lawase nêmi ari |
sarta imam papitu padhaa |
anggawa tangara slomprèt |
lakune imam pitu |
dèn iringa sakwèhning janmi |
ngarsèng pêthi prasêtyan |
de ari kapitu |
mubênga pitung rambahan |
para imam padha ngunèkna piri^[5] |
Isrèl surak-suraka ||

12. tan kawarna lampahnya Israil |
anêtêpi dhawuhing Allahnya |
sadaya pan datan mlèsèd |
baluwarti gêng jugrug |
duk ramening surak Israil |
bala malêbèng kitha |
tyang ing nagri larut |
sanggya sami pinêjahan |
griya-griya sadaya sami binêsmi |
mangkya pitulung Allah ||

13. maring Yusak anguwisi kardi |
ratu alit-alit sanèsira |
tinêlukakên sanggyane |
bèh ji cacahing ratu |
nèng Kanangan samya ngratoni |
wontên ingkang winarna |
duk campuh ing pupuh |
ana ing Ayalon jurang |
duk ngrabasèng dhumatêng tiyang Amori |
surya tuwin rêmbulan ||

14. samya kandhêg lampahira sami |
margi saking dhawuh Nabi Yusak |
ing kono Allah karsane |
tyang Amori sawêgung |

tumpês tapis aywana kari |
jawah woh miwah gèlap |
sarayèng apupuh |
kwèh kitha Kanangan rusak |
bosah-basih datan [data...]

5. Kurang satu suku kata: para imam
padha ngunèkna napiri.

[...n] ana môngga pulih |
bumi tinêkêm Yusak ||

Bani Srail sinung papeling |
kamirahaning Allah |
wah sinung dhêdhawuh |
kinèn mantêp ring Pangeran |
sarta sami dhinawuhan [dhi...]

15. Nabi Yusak saksana ambagi |
bumi ingkang tinêkêm sadaya |
dhatêng pancêring Israel |
wradin sajuru-juru |
turuning Gad lan turun Rubin |
trah Mênase sabêlah |
dinuman sawêgung |
banawi Yardèn bang wetan |
dene Isrèl sanèsipun dèn bagèhi |
tanah kang dunungira ||

16. antarnya ing Yardèn banawi |
myang jladri gung iku watêsira |
wondene Lèwi turune |
duman tanah tan antuk |
nanging sami dipun paringi |
dede tanah nging kitha |
kawan dasa wolu |
pinèt saking dumanira |
Bani Srail liyan saking turun Lèwi |
wau ta pasucian ||

17. dèn dègakên nèng Silo nagari |
Bani Srail antuk katêntreman |
tan ana kakurangane |
kamirahan Hyang Agung |
kang wus dadya ubayèng nguni |
mring Bani Srail samya |
gantya kang winuwus |
amarêngi Nabi Yusak |
duk yuswanya wus satus sadasa warsi |
miwah sasampunira ||

18. ngrampungakên ayahan Hyang Widhi |
gya nglêmpakkên sakathahing tiyang |
Bani Srail anèng Sikèm |
pamitan karsanipun |

[...nawuhan] anêtêpi |
anggêr-anggêrnya Musa ||

19. myang ngabêkti mring Allah sajati |
datan kening lamun ngabêktia |
dhumatêng Allah sanèse |
mung mantêp ring Hyang Agung |
dene lamun arsa mbêktèni |
kang pinunjul sing Pangran |
pinilih rumuhun |
anging mênggah Nabi Yusak |
sabrayatnya tan liyan kang dèn bêktèni |
amung Pangeran Allah ||

20. Bani Srail samya saur-pêksi |
datan pisan-pisan kang kadyèka |
tan nêdya nilar Pangrane |
sujud ring sanèsipun |
Nabi Yusak nulya nêngêri |
minôngka tôndha saksya |
ngêdêgkên sela gung |
cêlak dalêm pasucian |
nèng soring wit supaya Isrèl ywa mungkir- |
mungkar maring kanoman ||

Gidyon.

30. Sinom

1. sasedanya Nabi Yusak |
kawuwusa Bani Srail |
tan nêtêpi prajangjian |
brahala kang dèn bêktèni |
nilar Ingkang Masuci |
sinrah maring mêngsahipun |
yèn tobat mring Pangeran |
anulya dèn pitulungi |
srana tiyang kang pinatah ing Pangeran ||

2. para tiyang kang pinatah |
sinêbut ing aran kakim |
prasamya ngrèh kang pakaryan [pakarya...]

[...n] |
pancêr juga miwah lêwih |
duk samana Mêdayin |
ngêbroki tanah bêk rusuh |
ambradhat rajakaya |
angrêsahi sabin-sabin |
pêndhak warsa lami ngantya pitung warsa ||

sami yasa dhèrèk amba |
kawula ênèm pribadi |
Pangran ngandika malih |
Ingsun jangkung mring sirèku |
siranggitik wong Midyan |
wis kaya mungsuh wong siji |
sarta malih [ma...]

3. tan ana kang malangana |
nulya Allah karsa miji |
matah tyang neman sajuga |
prawira Gidyon wêwangi |
Mênase pancêrnèki |
antuk dhawuhing Hyang Agung |
lumantar malaekat |
malaekat ngandika ris |
hèh prawira Pangran jangkung jênêng sira ||

4. Gidyon anauri sabda |
yèn èstua Kang Masuci |
anjangkunga mring kawula |
paranbaya kula sami |
tansah dipun limputi |
ing bêbaya sangsara nglud |
lah ta pundi mukjijat |
kinocap laluhur nguni |
Hyang Mamulya anulya alon ngandika ||

5. hèh Gidyon dèn kêbat sira |
ngluwarana Bani Srail |
saka tangane wong Midyan |
kalawan karosannèki |
Ingsun ngutus sirèki |
Gidyon munjuk Hyang Maluhur |
punapa kang sarana |
anggèn kawula ngluwari |
umat Tuwan Bani Srail kasangsara ||

6. môngka kawula punika |
trah Mênase lit pribadi |

[...lih] wira Gidyon dhinawuhan ||

7. kinèn angrusak brahala |
sêmbahane kang sudarmi |
dalah panggenannya pisan |
saksana dipun lampahi |
wira Gidyon bék wani |
kang brahala amalêdug |
sigra Gidyon ginugat |
pininta yun dèn pêjahi |
kang sudarma mangsuli mring pra
panggugat ||

8. yagene prakarèng Baal |
têka sira kang ngêmbani |
lamun Baal iku allah |
cikbène malês pribadi |
marang kang salah kardi |
papane Baal dèn lêbur |
datan antara lama |
kwèh mungsuh kang anêkani |
mring Kanangan cacahnya kathah kalintang
||

9. udakara cacahira |
tiga wêlas lêksa lêwih |
gangsal èwu kwèhing bala |
kang kathah bôngsa Mêdayin |
Gidyon yun mapak jurit |
nging sadèrèngira pagut |
minta cihna mring Allah |
unjuknya mring Hyang Masuci |
kawula yun nyèlèhakên wulu menda ||

10. gumêlar wontên ing latar |
manawi ing benjing enjing |
wulu menda kaêbunan |
kanan keringipun garing |
ngriku kawula masthi |
wikan lamun Hyang Maluhur |

ngluwari umat Tuwan |
Bani Srail sing Mêdayin |
srayèng Allah wit saking tangan kawula ||

11. tan kawarna wus kalakyan |
Gidyon tangi wanci enjing |
wulu têtês pinêrêsan [pinê...]

[...rêsan] |
kanan kering tuhu garing |
sabokor angêbaki |
kwèhing êbun kang nêng wulu |
Gidyon malih maminta |
marang Hyang Kang Maha Suci |
aturira wulu punika garinga ||

winadhahan guci samya |
miwah salomprètnya tunggil |
dupi ing madya ratri |
sasingidan lampahipun |
dhatêng barisan Midyan |
mara-tiga ajêngnèki |
Bani Srail nulya [nu...]

12. kang latar kaêbunana |
Allah inggih amarêngi |
panyuwunnya sang prawira |
ing ratri kang wulu garing |
dene ing kanan kering |
latar têtês kenging êbun |
Gidyon gya mêpak bala |
karsa dèn adu ing jurit |
tigang lêksa kalih èwu kwèhing bala ||

13. Allah nulya angandika |
dhumatêng prawirèng jurit |
balanta iku kakehan |
mundhak gumunggung Israil |
rumasa angêntasi |
liyan saka karsaningsun |
mula ge undhangana |
sapa jirih kêna mulih |
aja nganti nanulari kancanira ||

14. kalih likur èwu samya |
kinèn mantuk jrih ing jurit |
dupi kantun tyang salêksa |
Pangeran ngandika malih |
kakehan wadyanèki |
kang padha umagut pupuh |
nulya dèn long kang wadya |
tigang atus wani jurit |
Senapati Gidyon nulya môntha wadya ||

15. kinarya tigang pêpanthan |
dèn cêkêli obor niji |

[...lya] samya surak-surak ||

16. mangkana swaraning surak |
mawurahan wanti-wanti |
pêdhanging Gidyon myang Pangran |
angumbulkên obor sami |
binarung slomprèt muni |
pangrêmuking gucinipun |
karya kapitèng mêngsah |
ingkang lagya eca guling |
wong Madayin samya gègèr mawurahan ||

17. tanbuh mêngsah lawan rowang |
rame dènya silih-ungkih |
duk-sinuduk dhang-pinêdhang |
samya rowang kèh kang mati |
pakuwon banjir gêtih |
wong Madayin mawut-mawut |
wêwah kang anglud mêngsah |
bala saking ing Epraim |
wong Madayin kèh kapupu tinawanan ||

18. sakondurnya sang jayèng prang |
pan arsa kinarya aji |
dening Bani Srail samya |
de karya unggul ing jurit |
Gidyon ngandika aris |
aja karya ratu aku |
Yêhuwah Allahira |
iku ratune Israil |
dene Allah datan pègat nganthi sira ||

Bok Rut.

31. Kinanthi

1. wontên malih kang winuwus |
duk jamannya para kakim |
tanah kambah ing pailan |
kocap tyang Bètlèkèm nagri |
Elimèlèh namanira |
miwah somah ran Naomi ||

2. jalu kalih atmanipun |
prasami atilar panti |
wisata [wisa...]

[...ta] ring tanah Moab |
ngungsi sandhang miwah bukti |
putra kalih samya ngalap |
larèstri ing Moab nagri ||

3. nama Arpah tanapi Rut |
kocap tan antarèng lami |
Elimèlèh myang atmaja |
kêkalih samya ngêmasi |
Naomi myang mantunira |
katiga warôndha sami ||

4. Naomi pan arsa mantuk |
dhatêng tanahira nguni |
tanah wutah êrahira |
mantu kalih atut wuri |
dupi anèng têngah marga |
mantu samya kinèn mulih ||

5. mantu Arpah nulya wangsul |
datan sida atut wuri |
Rut tan pêngat atut wuntat |
lon umaturing Naomi |
sampun balak dhatêng kula |
ing sapurug sun umiring ||

6. botên sagêd kula kantun |
bôngsandika bôngsa mami |
Allah dika Allah kula |
pêjah gêsang sun umiring |
ing pundia purug dika |
manira tan bisa kari ||

7. Naomi Rut atut runtut |
kêkalih agilig kapti |
tan winarna lampahira |
wus praptèng Bètlékèm nagri |
kalis tan na kara-kara |

basukyarja kang pinanggih ||

8. tyang Bètlékèm samya pandung |
duk umiyat mring Naomi |
alon wijiling wacana |
baya ta sira Naomi |
kang wisata duk ing kuna |
Naomi alon mangsuli ||

9. aywa nyêbut jênêng ingsun |
Naomi lir duk ing

uni |
wit Naomi ngêmu rasa |
ayêm têntrem kang pinanggih |
mungguh aku sinêbuta |
marah bae wus mantêsi ||

10. têngêse wong gung mangun kung |
sêdhih kingkin wah prihatin |
duk sun lunga sugih brana |
mulih mlaratku kêpati |
mangkya karsèng Hyang Mamulya |
karya lakon mring wak mami ||

11. kunêng ingkang gunêm rêmbug |
duk samana amarêngi |
môngsa panèn kawuwusa |
bok Rut ngangsg dhatêng sabin |
kapanujon sabin Boas |
punika kang dèn angsagi ||

12. Boas sugih klangkung-langkung |
mila datan walangati |
taksih klêbêt wangsanira |
Elimèlèk kang wus lalis |
duk praptèng Rut ing angsagan |
Boas tanya tyang ni-ani ||

13. uwong wadon ngêndi iku |
tyang ni-ani lon nauri |
tiyang èstri saking Moab |
bok Rut mantunya Naomi |
suka Boas amiyarsa |
sru wacana kaduk manis ||

14. hèn Rut aku wus sumurup |
lêlabuh ta kabèh bécik |
marang maratuwanira |
saka Moab praptèng mangkin |
Allahe Israil muga |

ya Allah kang kobêktèni ||

15. malêsa mring lêlabuhmu |
kabêcikan ngui-uni |
wusnya nulya Boas prentah |
ngagnya mring kang para abdi |
padha ngrêngkuha prayoga |
mring wanudya Moab iki ||

16. kaparak wèhna juwawut |
kang supaya dèn angsagi |
para abdi tan langgana |
miturut rèhirèng Gusti |
dumadya Rut antuk kathah |
dènnya ngangzag saking sabin ||

17. wusing rampung gya Rut mantuk |
praptèng wisma awèwarti |
dhatèng marasèpuhira |
sanggya warta wus kawarti |
sadaya tan kinirangan |
karya hascaryèng Naomi ||

18. lon wijiling wacana rum |
kawruhana mring sirèki |
iku isih sanak ingwang |
munggantuka^[6] mirmèng Widhi |
wit wèlase mring kang gèsang |
sumawana kang wus lalis ||

19. nahan ingkang ginêm wuwus |
anggêr Isrèl kang kawarni |
anggêr tiyang sasemahan |
lamun jalu angêmasi |
môngka datan tilar yoga |
akrab cêlak kang majibi ||

20. ngarang ulu randhanipun |
samana Rut dèn wulangi |
dening marasèpuhira |
sakwèh anggêring Israil |
bok Rut marêk dhatèng Boas |
pindha adat tyang Ibrani ||

21. akrab cêlak datan sarju |
dadya Boas kang dèn unghih |
dhasar trêsnanira Boas |
tuwuh ing tyas sampun lami |

dalêm panèn laminira |
awas dènnya anilingi ||

22. dahat kapanujwèng kalbu |
dumadya Rut dipun rabi |
ing sacara tan kawarna |
lami-lami Rut garbini |
dupi sampun praptèng masa |
mijil priya kang bêtayai ||

23. Obèd sinung arum-arum [a...]

6. mugantuka.

--- 129 ---

[...rum-arum] |
dene Obèd asasiwi |
yèku Isai namanya |
môngka Isai sasiwi |
ratu agung binathara |
yèku Dawud brantèng Widhi ||

tan lyan sinung yoga priya |
de lami tan yayoga |
duk Èli wrin kang panuwun |
nulya alon angandika ||

5. wus muliha sira aglis |
kanthi suka myang raharja |
masthi Allahe [Allah...]

Èli lan Nabi Sêmuèl.

32. Asmaradana

1. Kakim Èli kang winarni |
ugi panguluning imam |
adèdalêm anèng Silo |
yèku sasanèng Pangeran |
papaning tiyang samya |
kakêmpalan samya sujud |
mring Pangeran Allahira ||

2. sajuga ri Imam Èli |
ningali tyang èstri juga |
dahat gantêr pandongane |
nèng lataring pasucian |
èstri Kanah kang nama |
pandonganya drêng kalangkung |
lambe ngantya calumikan ||

3. nging suwara tan kawijil |
sinuksmèng jroning wardaya |
wit kapêtêk mudah tyase |
Imam Èli anggraita |
tyang èstri ingaranan |
wanudyaku baya wuru |
tangèh lamun mangkonoa ||

4. jro manungku datan gingsir |
kang pininta mring Pangeran |
kinabulna panuwune |

[...e] Israel |
anjurungi panuwun ta |
aywa was lan sumêlang |
suka ing tyas Kanah mantuk |
kang manah lir arga suta ||

6. awit dene Hyang Masuci |
karsa nrimah pandonganya |
panuwun dèn kabulake |
datan lama Kanah babar |
putra priya tinêngran |
ran Sêmuèl artosipun |
kang kasuwun maring Allah ||

7. dupi sampun praptèng wanci |
amarêngi ari raya |
Kannah nambut mring putrane |
kang putra dèn bêkta minggah |
mring Silo pasucian |
pinasrahkên sutanipun |
nênggih dhatèng Èli Imam ||

8. aturnya mring Imam Èli |
atma paringing Pangeran |
ngong sumôngga ing samangke |
wontên ngarsa Kang Mamulya |
salamipun gêsang |
sinrah ngarsa sang pukulun |
pan wus dadya nadar kula ||

9. Imam Èli anampèni |
tan kawarna dangunira |
myang satata satindake |
ing samangkya pan kalakwan |
Sêmuèl nambutkarya |
nèng sasana Hyang Maluhur |
lêladi nèng pasucian ||

10. pêndhak warsa ing riyadi |
Sêmuèl tyasira girang |
dene yayah rena tinjo |
nging jatine yayah rena |
minggah ring pasucian |
ngiras pantês tuwi sunu |
kadya paran atmajanya ||

11. yayah rena sukèng ati |
antuk warta kang prayoga |
mungguh wartèng atmajane |
datan lama antaranya |
Sêmuèl [Sêmu...]

--- 131 ---

[...èl] dhinawuhan |
pangandika Hyang Maluhur |
tinampi jro pagulingan ||

12. kinarsakkên dadya nabi |
kawuwusa putrèng imam |
Kopni Pinkas sakalihe |
sami murang tata arja |
diksura myang durjana |
putra kalih dipun ugung |
dèn la-êla de sudarma ||

13. nadyan asring dèn tuturi |
dosanira mring Pangeran |
nging mung tutur tan kapêthès |
sanadyana marang janma |
iya amung kêkôndha |
para putra luput ngêdur |
andalurung sayandadra ||

14. kawuwusa nuju ratri |
duk Sêmuèl eca nendra |
tinimbangan ing Hyang Manon |
anèng dalêm pasucian |
Sêmuèl sabdèng Allah |
sigra wungu nendranipun |
gurawalan matur kula ||

15. nyana Èli kang nimbali |
nging sanyata tan mangkana |
ambal tiga timbalane |
dupi wus ping tri rambahan |
Imam Èli grahita |
iku masthi Hyang Maluhur |
kang nimbali bocah ika ||

16. Imam Èli ngandika ris |
hèh Sêmuèl mêngko sira |
lamun ana swara manèh |

alon sira wangsulana |
Pangran mugè ngandika |
sawusira kang kadyèku |
èstu lajèng wontên swara ||

17. sabdèng Allah Kang Masuci |
animbali wantya-wantya |
hèh Sêmuèl hèh Sêmuèl |
lon Sêmuèl aturira |
Pangran mugè ngandika [nga...]

[...ndika] |
gya ngandika Hyang Maluhur |
Ingsun karya tatêngêran ||

18. nêng antarèng Bani Srail |
kang akarya sumruwêngnya |
kupinge wong ngrungokake |
Ingsun Allah arsa niksa |
mring Èli saanaknya |
tunggal dina karsaningsun |
awit dene Èli wikan ||

19. klakuane anak kadwi |
têka nora malangana |
dèn ugung ing sakarêpe |
dupi enjing Èli tanya |
paran ingkang pawarta |
mring Sêmuèl duk ing dalu |
Allah dhawuh apa baya ||

20. sira aywa angikibi |
sabarang mring awak ingwang |
sabda apa marang kowe |
duk Sêmuèl yun pratela |
sêmu jrih kawistara |
langkung kogêl galihipun |
ing wasana tur prasaja ||

21. sadaya tan dèn kikibi |
Imam Èli angandika |
mung sumarah sakarsane |
tan antara kalampahan |
sadhawuhirèng Pangran |
tyang Pilistim arsa nêmpuh |
Isrèl arsa dèn gitik prang ||

22. ngasorakên Bani Srail |
Senapati Isrèl nulya |
mijilakên papundhène |

nambut pêthi prajangjian |
winawa pabarisan |
karya gugah surèng kalbu |
anênangi tyasing bala ||

23. karêmbat de putrèng Èli |
Kopni Pinkas kalihira |
karya giyak surak Isrèl |
kawuwusa Èli Imam |
sadanguning paprangan |
nêng sakèthèng [sakè...] ||

[...thèng] ngantu-antu |
paranbaya wartaning prang ||

24. duk samana yuswa Èli |
sangang dasa wolu warsa |
sampun sêpuh yuswa mangke |
mirsa wontên duta prapta |
saking ing pabarisan |
rowak-rawèk sandhangipun |
dipun dangu wartaning prang ||

25. duta alon anauri |
Bani Srail sor kang yuda |
putrandika kalih layon |
pêthi Allah dipun bandhang |
tinawan dera mêngsah |
Èli tyasnya langkung kuwur |
gêblag saking palênggahan ||

26. angêmasi Imam Èli |
githok kitha rêmuk-rêmak |
Imam Èli seda ngênggèn |
kocap pêthi prajangjian |
karêbut wus binandhang |
mring Pilistim jujukipun |
winor tunggal lan brahala ||

27. kang brahala duk ing enjing |
tinon guling anèng kisma |
wus tan gôntha srêmpal-srêmpèl |
yèku Asdod dewanira |
pêthi nulya pinindhah |
dhatêng Ekron purugipun |
tiyang Ekron kening walat ||

28. antarèng wus pitung sasi |
datan tahan marang walat |
anulya dèn pulihake |
nging Pilistim wisesanya |

mring Isrèl tan gumiwang |
ngantos kalih dasa taun |
Isrèl tansah karibêdan ||

29. sasedanya Imam Èli |
Sêmuèl kang gumantia |
madêg kakim tanah Isrèl |
nulya ngimpun sakwèh bala |
gumêrah anèng

Mispah |
Sêmuèl sru sabdanipun |
Bani Srail lamun sira ||

30. padha tobat trusing batin |
mring Pangran kang mêngku gêsang |
masthi tulung marang kowe |
linuwaran sing tangannya |
Pilistim pamisesa |
lamun sira samyandarung |
darunanta awigêna ||

31. tumanggap pra Bani Srail |
sami tobat mring Pangeran |
umire sing brahalane |
dadya unggul yudanira |
Pilistim datan bôngga |
wus kacakup angalumpruk |
ngalêmprêk tan darbe daya ||

32. kang rinayut tyang Pilistim |
ing samangkya wus karêbat |
wangsul dadya darbèk Isrèl |
dupi sampun kalampahan |
sadaya lèlampahan |
Sêmuèl gya karya tugu |
kang tumancêb kikis tanah ||

33. rangkah Isrèl lan Pilistim |
tugu sinung tatêngêran |
mangkya unining tulise |
Èbên Èsêr artinira |
Pangeran tulung kita |
praptèng kene karsa tulung |
Pilistim sor andon raras ||

33. Mijil

1. sèstu adil pangastanya kakim |
Sêmuèl tan ewoh |
angungkuli para kakim kabèh |
kautamèn tan wontên nyamèni |
jêr Sêmuèl Nabi |
sumungkêm Hyang

Agung ||

2. sarêng sampun Sêmuèl Jêng Nabi |
ngangkat sêpuh repot |
putranipun kabêbahan angrèh |
dhatêng para umat Bani Srail |
nanging datan kadi |
Sêmuèl puniku ||

3. para putra tan niru sudarmi |
kumêd melik dhokoh |
mring raruba kalangkung kèrême |
kawuwusa nuju sajuga ri |
sasêpuh Israil |
prasamya ngalumpuk ||

4. samya marêk mring Sêmuèl Nabi |
nèng Ramah gumolong |
samya minta ywa ngantos kaêrèh |
dening para kakim malih-malih |
kaêrèha aji |
lir tyang sanèsipun ||

5. nging Sêmuèl botên nujwèng galih |
kalangkung rudatos |
nanging Allah dhawuh mring Sêmuèl |
turutana karêpe Israil |
lyan sira tinampik |
anjaba mung Ingsun ||

6. pan lênggana Isrèl Sun ratoni |
milih padhaning wong |
tan kaduga manut Roh Allahe |
kawuwusa wontên tyang nama Kis |
kalbèng trah Bunyamin |
ical kuldinipun ||

7. atmajanya jalu Saul nami |
anulya kinongkon |
tuwin rencang kang môngka kanthine |
kinèn nglacak kuldi kang kêcicir |
duk andungkap prapti |
nagri Ramah Saul ||

8. dèn aturi rêmbag dening abdi |
supadya pitakon |
mring tyang sidik prakawis anise |
kuldinira wau [wa...]

[...u] wontên pundi |
Saul nayogyani |
turing abdinipun ||

9. nulya marêk mring Sêmuèl Nabi |
aminta pitudoh |
bab ilanging kuldi sudarmane |
ninging Sêmuèl apan wus winangsit |
dening Kang Masuci |
anjêbadi Saul ||

10. kang supadya ngratoni Israil |
umate Hyang Manon |
tan kawarna Saul lan abdine |
sampun panggih lan Sêmuèl Nabi |
ingkang dèn ulati |
Sêmuèl nabda rum ||

11. lah mlêbua ing gêdhong lan bukti |
kêmbul lawan ingong |
bab prakara ilanging kuldine |
sudarmanta wis aywa pinikir |
sayêktine kuldi |
iku wus kêtêmu ||

12. kawruhana sira andarbèni |
mubarang kinaot |
dèn sênêngi ing Israil kabèh |
datan pisan-pisan Saul ngarti |
andika puniki |
sarêng enjingipun ||

13. Saul wangsul Sêmuèl umiring |
nèng marga sêpi wong |
gya Sêmuèl ngrogoh cupu age |
kang cacupu isi lisah wangi |
dèn sokakên maring |
sirahipun Saul ||

14. lawan malih Saul dèn arasi |
andikanya alon |
Saul sira dadi jêbadane |
Pangran Allah ngratoni Israil |
dupi sampun titi |
Saul nulya mantuk ||

15. lampahira Saul wontên margi |
nulya Roh Hyang Manon |
manjing maring Saul jêbadane [jê...]

[...badane] |

ewadene Saul tan wêwarti |
marang liyan janmi |
praptèng ri gyanipun ||

16. kinêpyakkên de Sêmuèl Nabi |
Saul madêg katong |
kawuwusa tan lami Sêmuèl |
ngêmpalakên para Bani Srail |
nèng Mispah sinung wrin |
nênggih ratunipun ||

17. tuhu bagus dèdêgira inggil |
pinunjul sakèh wong |
Sang Aprabu Saul jajuluke |
Bani Srail surak santi-santi |
tan antawis lami |
Saul Sang Aprabu ||

18. anindhihi pêranging Israil |
mêngsah bani Amon |
unggul jurit ngrêbat kitha Yabès |
Raja Saul prawira nglangkungi |
dèn papuji dening |
Israil sadarum ||

19. Raja Saul nulya anampèni |
dhêdhawuh Hyang Manon |
kinsarsakkên numpês tyang Amalèk |
rajakaya datan kêna kari |
binengkasa sami |
barang darbèkipun ||

20. Prabu Saul nulya mangsah jurit |
unggul ing palugon |
nanging lajêng nglirwakkên dhawuhe |
Pangran Allah Inkgang Mahasuci |
ngeman tyang tanapi |

rajakayanipun ||

21. ingkang sae sangadi kinardi |
kurban mring Hyang Manon |
nging karsanya pinambêng Sêmuèl |
sabdanira Sêmuèl punapi |
pangraos sang aji |
Allah Kang Maluhur ||

22. rêna dhatêng kurban anglangkungi |
umèstu Hyang Manon |
datan pisan makatên [makatê...]

[...n] sang rajèng |
mung pamanut dhatêng Hyang Masuci |
ingkang angungkuli |
kurban sang aprabu ||

23. tyang ambangkang dhatêng Kang
Masuci |
binêndon Hyang Manon |
dosanira sami panêmbahe |
mring brahala miwah juru sikir |
marmanta sang aji |
rèh nyingkur Hyang Agung ||

24. mila Pangran têmah anyampahi |
madêgirèng katong |
Raja Saul tan ana mênthane |
sayandarung tumindak rèh juti |
rèh Allah ngoncati |
kudhangdhang an prabu ||

Dawud jinêbadan.

34. Dhandhinggula

1. kawuwusa nuju sajuaga ri |
Kangjêng Nabi Sêmuèl kinarsan |
kesah mring nagri Bètlêkèm |
dening Allah Maha Gung |
dhatêng griyanira Isai |
ujêr wontên putranya |
pinilih Hyang Agung |
kinarsakna madêg nata |
ngratonana marang bônghsa Bani Srail |
Sêmuèl nulya bidhal ||

2. sapraptanya nèng Bètlêkèm nagri |
gya Sêmuèl ngajak sidhêkahan |
Isai myang saputrane |
Sêmuèl ngantu-antu |
pitédahnya Kang Maha Suci |
pundi ingkang kinarsan |
umadêga ratu |
Isai anulya sowan |
lan putranya jalu papitu umiring |
ana juga kinira ||

3. dening Nabi Sêmuèl [Sêmuè...]

[...] kang masthi |
kinarsakna umadêg narendra |
ngratoni mring bôngsa Isrèl |
anging sayaktosipun |
datan wontên kinarsèng Widhi |
pangandikanya Allah |
aywa mawang sêmu |
pamawang cara manuswa |
iku amung pamawang kang ana lair |
batine yakti dora ||

4. sun pribadi ngudanèni batin |
gya Sêmuèl mring Isai tanya |
atmanta apa mung kiye |
Isai lon umatur |
taksih wontên juga wuragil |
nênggih Dawud namanya |
lagya angon wêdhus |
Dawud nulya tinimbalan |
kinarsakkên sowan dhatêng ngarsèng nabi |
tan dangu Dawud prapta ||

5. dhasar bagus wuragil Isai |
bang-bang awak alindri netranya |
arja pidêksa dèdège |
dhawuh Allah Maha Gung |
mring Sêmuèl iku Sun pilih |
dèn aglis jêbadana |
ingadêgna ratu |
Dawud nulya jinêbadan |
ri punika Dawud pênuh Roh Hyang Widhi |
lêstantun salaminya ||

6. kawuwusa Saul Risang Aji |
duk koncatan Roh Hyang Maha Mulya |
uru-ara panggalihe |
ngulari tukang nylêmpung |
bangkit nylêmpung wasis patitis |
karya pangenggar driya |
ing tyas lagya kuwur |
kasusra wêntaring warta |

lamun Dawud wuragil Isai wasis |
nyalêmpung tan na madha ||

7. dhasar bagus pasmon marak ati |
wicaksana [wica...]

[...ksana] guna tur prawira |
jatmika ing sasolahe |
anulya karsèng prabu |
animbali atmèng Isai |
Dawud kinèn ngabdèkna |
wontèn ngarsèng prabu |
samasa ruharèng nata |
Dawud kinèn nyalêmpung ngarsa sang aji |
dadya lipur ruhara ||

11. duk samana barising Israil |
masanggahan nèng pucaking [pu...]

8. tan kawarna Dawud nambutkardi |
kala-kala angot ruharendra |
nyalêmpung dadya lipure |
gantya ingkang winuwus |
tyang Pilistim nglurugi malih |
mring Bani Srail bôngsa |
samyak akêkuwu |
anèng sapucak aldaka |
kang minôngka dadya gul-aguling jurit |
Senapati Goliat ||

9. dèdèg agêng inggil anglangkungi |
akêkêre tatopong têtmbaga |
apindha sisik kêrene |
tanapi garêsipun |
tinapêlan mawi têtmbagi |
prakosa prawirèng prang |
mandhi towok mungguh |
têtmbaga landheyanira |
nguwuh-uwuh sasumbar aminta tandhing |
mangkana wuwusira ||

10. hèh Israil payo tandhing jurit |
amiliha juga prawirèng prang |
papagêna payo ènjèr |
ngadu atosing balung |
lan wulêde ingkang kêkulit |
padha takêr ludira |
sapa kang sor pupuh |
ngawula kang unggul ing prang |
aywa ana sawiji-wiji kang kèri |

[...caking] arga |
jêng-ajêngan lan kuwune |
baris gêlaring mungsuh |
giri-giri lir rob jaladri |
Israil duk miyarsa |
sêsumbaring mungsuh |
pindha gêlap ngampar-ampar |
Raja Saul sawadyabala Israil |
samya tintrim tyasira ||

15. nanging Dawud tan pisan angincih |
gêganjaran lan kabêgjanira |
namung dening rudatine |

12. kacarita pra putra Isai |
samya tumut wontên pabarisan |
Dawud mantuk mring Bètlêkèm |
lêstantun karyanipun |
angèn menda pakaryèng nguni |
duk nalika samana |
Dawud dipun utus |
têtinjo mring sadhèrèknya |
kang lagya nèng pabarisaning Israil |
samana praptanira ||

13. anglêrêsi gul-agul Pilistim |
mijil saking barisan sasumbar |
ngerang-erang baris Isrèl |
rêngu tyasira Dawud |
pitakèn mring Bani Israil |
Pilistim iku sapa |
samono bêkipun |
wani-wani nyampahana |
mring barise Pangeran Kang Maha Luwih |
apa ganjaran nata ||

14. lamun ana uwong kang nanggupi |
nyirnakake gul-agul mangkana |
kang tinanya wangsulane |
sayêmbara sang prabu |
sapa bisa ngêntasi kardi |
tinriman putri nata |
lan ganjaran prabu |
pinaringan kasugihan |
duk miyarsa Dawud nulya anyagahi |

dene Israil suwung |
datan ana Israil siji |
kang sinung kapracayan |
marang Hyang Maluhur |
wani mêtônana pêrang |
mapagake prajurit Pilistim iki |
Dawud katur sang nata ||

16. lamun sagah nyirnakna prajurit |
agul-agul kang nama Goliat |
Pilistim Senapatine |
andikanirèng prabu |
Dawud sira pan maksih cilik |
Goliat prawirèng prang |
prajurit pinunjul |
Dawud munjuk mring sang nata |
duk kawula angèn mendaning sudarmi |
nate mrawasa singa ||

17. atanapi bruwang dhuh sang aji |
Allah ingkang luwari kawula |
saking singa myang bruwange |
masthi ngluwari ulun |
sing tangannya tiyang Pilistim |
Raja Saul parentah |
manganggeni Dawud |
agêm-agêman¹⁷¹ ngayuda |
agêm dalêm Sang Prabu Saul pribadi |
kêkêrèn lan topongan ||

18. nanging Dawud nulya angrucati |
agêming prang rumangsèng tyasira |
mandar mung ngribêdi bae |
pêdhang pisan tan ngrasuk |
kang pangangge lir lare alit |
kala ngêngèn mendanya |
atatêkên patut |
nyangking bandhil nyangklong kasang |
sruwal jigrang klambi kotang amantêsi |
tan môntra mapag ing prang ||

19. gya wisata Dawud marang kali |
milih sela kang kalimis gangsal |
dêdamêling lare angèn |
winrat [wi...]

[...nrat] ing krêganipun |
arja nyangking têtên lan bandhil |
marpêki mring Goliat |
gul-aguling mungsuh |
prawira sambada ing prang |
angajrihi senapatining Pilistim |
Dawud datan mirisa ||

20. cingak sagung kang samya ningali |
dene ana prajurit mapag prang |
tan siwah lan lare angèn |
patute nasak grumbul |
tan nguwisi mrawasèng gênjik |
kumarosambêg aprang |
baya bosên idhup |
Sang Senapati Goliat |
duk uninga senapatining Israil |
kang arsa tandhing yuda ||

21. anglir pendah lare angèn kambing |
sru ambêkuh gul-agul Goliat |
bocah angon mapagake |
sun Goliat pinunjul |
wudhu jurit apilih tandhing |
prawira môndraguna |
sudirèng apupuh |
apan aku dudu sona |
pokalira anglir pendah mapag anjing |
lah dikêparèng ngarsa ||

22. baya sira uwus bosên urip |
sun pakakke gagak ngawang-awang |
bancakane dhandhang akèh |
Dawud mangsuli wuwus |
nora gampang hèn senapati |
dupèh sira mapag prang |
sudira ing kewuh |
gaman tumbak tamèng pêdhang |
aja age sira baribin nyampahi |
baris asmaning Pangran ||

23. gêgamanku ampuhe ngungkuli |
lêlandhêpe pêdhang miwah tumbak |
kwèh candrasa

tanpa gawe |
aja tambah gul-agul |
gêgamanku mapag ajurit |
asmèng Allah Pangeran |
Allah Kang Maluhur |
yèku kang sira cêcamah |
wruhanira patimu ing dina iki |
kagêgêm nèng astèngwang ||

27. tyang Israil amburu Pilistim |
ngantya praptèng Ekron tuwin ing Gat |
abangêt kinasorake |

24. awit dene Allah Kang Masuci |
maringake sira sabalanta |
kasrah mring tanganku kabèh |
supaya manusa wruh |
yèn Israil nyatanduwèni |
Allah kang tanpa timbang |
asmane aluhur |
mirsani salir tumitah |
mobah-mosik kabèh tan ana kêcicir |
mula kawêruhana ||

25. tan sarônta Goliat miyarsi |
nulya maju ambapang mangsah prang |
Dawud trangginas tandange |
bandhil linêpas sampun |
pan sumiyut sela ngengingi |
bathukira Goliat |
krungkêb ambrukipun |
gulangsaran anèng kisma |
nulya Dawud ngrêbat pêdhangnya wus kêni |
tinigas jangganira ||

26. tyang Pilistim sakalangkung giris |
miyat lamun gul-agul pralaya |
lumayu dhadhal barise |
gègèr arêbut dhucung |
bilunglungan akontrang-kantring |
wênèh gumlundhung jurang |
binuru ing mungsuh |
Bani Srail surak sora |
giyak-giyak kêploknya mawanti-wanti |

Yonatan putrèng prabu |
maring Dawud dahat trêсна sih |
pindha srira priyôngga |
sinung agêmipun |
paningsêt miwah rasukan |
pêdhang panah miwah gandhewanya sami |
mangkya sri naranata ||

28. dahat trêсна mring sang jayèng jurit |
tan parênga yèn Dawud mantuka |
dhatêng nagari Bètlêkèm |
karsanira sang prabu |
Dawud arsa jinunjung linggih |
kaangkat dadya lurah |
pra prajuritipun |
tan lama Dawud kinarya |
atma mantu antuk Mikal putri aji |
boja-krama kawuntat ||

Dawud kinuya-kuya.

35. Pangkur

1. kala Dawud jaya ing prang |
amêjahi gul-agul tyang Pilistim |
kathah tyang kang samyanggunggung |
sasindhèn sêsauran |
Saul sampun mukul ewon nanging Dawud |
malah sampun gitik lêksan |
karya runtik galih aji ||

2. Saul Raja angandika |
yèn mangkono Dawud cêcalon aji |
wiwit ing ari puniku |
Saul tansah murina |
maring Dawud arsa ngangkah risakipun |
kawuwusa ri sajuga |
Dawud nylêmpung ngarsèng aji ||

3. nujwa angot ruharanta |
nulya Dawud tinlorong waos aji |
tuna dening indhèng Dawud [Da...]

[...wud] |
Dawud mantuk mring wisma |
sang aprabu utusan anyidra Dawud |
sinung marga dening garwa |
dadya tuna cidrèng aji ||

4. Dawud lolos ing jandhela |
dhatêng Ramah ngungsi Sêmuèl Nabi |
wikan tinututan prabu |
nulya wangsul ring Gibya |
yun bêdhami lan Yonatan kasihipun |
Yonatan yun nglilihêna |
dadukaji wus tan bangkit ||

5. mandar dhawuhirèng nata |
Dawud masthi pêpacangane pati |
makatên andikèng prabu |
Yonatan asung rêmbag |
angrêmbagi dhatêng Dawud ngungsi gupuh |
Dawud nulya mangkat kesah |
dupi lampahira prapti ||

6. nagari Nob panggih Imam |
Akimèlèh Dawud wus sinung roti |
pêdhang Goliat rumuhun |
sinimpên dening imam |
datan kantun ugi sinungkên ring Dawud |
dupi sang raja miyarsa |
Akimèlèh dèn têlasi ||

7. lan golongan para imam |
wolung dasa sakawan dèn pêjahi |
tyang sakitha Nob sadarum |
sadaya tinêlasan |
dene ingkang sagêd ngrêbat nyawanipun |
myang sajuga putrèng Imam |
Akimèlèh kang wus lalis ||

8. ingkang nama Abiyatar |
ngungsi maring Dawud sabaya pati |
sasingidanira Dawud |
ing parêdèn Yahuda |
wontên ngriku antuk bala kwèh nêmu atus |
gagah-gagah wah prakosa [prako...]

[...sa] |
sami kêndêl ing ajurit ||

9. tiyang sêpuh lan wanita |
lare-lare samya umiring ngungsi |
kalêbèng wangsaning Dawud |
wit ajrih mring sang raja |
sadangunya Dawud lolos ing kêdhatun |
Yonatan Sang Rajaputra |
dènnya mitran tan gumingsir ||

10. Dawud tulus tuhu sêtya |
mring sang prabu tan mawi sôngga runggi |
datan supe yèn sang prabu |
ratu marsêpuhira |
lawan malih sudarmaning mitranipun |
kawuwusa Saul Raja |
dupi sampun amêjahi ||

11. sakathahing para imam |
datan lami sigra mijil sang aji |
ngirid bala tigang èwu |
sadaya papilihan |
karsèng raja arsa nyêpêng dhatêng Dawud |
sang araja malbèng guwa |
arsa ngaso Saul Aji ||

12. môngka Dawud sabalanya |
sasingidan dalêm guwa puniki |
balèng Dawud sami matur |
ing mangke Allah Pangran |
ngulungakên mêngsah ring asta pukulun |
Dawud alon nambung sabda |
gustiku tan sun sedani ||

13. iku jêbadane Allah |
Dawud nulya umangsah ririh-ririh |
mring ungyannya sare prabu |
angiris poncot jubah |

duk sang raja mijil nulya Dawud matur |
dhuh gusti kula sang nata |
kawuningana sang aji ||

14. Allah ingkang mêngku gêsang |
ngulungakên srira dalêm mring patik |
ninging kawula dahat lumuh |
mrajaya padukendra [paduke...]

[...ndra] |
aduh rama paduka priksani gupuh |
poncot jubah sri narendra |
katêkêm ing tangan patik ||

15. Raja Saul akaruna |
myang ngandika mring Dawud anak mami |
saikine ingsun wus wruh |
susêtyanta maringwang |
dhasar nyata ingsun priyôngga kang luput |
Saul kondur kalingsêman |
tan lami miyosi malih ||

16. anuju ing ri sajuga |
wanci dalu Dawud lan kanthi manjing |
pabarisanngya sang prabu |
mundhut waosing nata |
myang lantingan pangunjukannya sang
prabu |
kang nêng ulon-ulon nata |
wusnya nulya Dawud mijil ||

17. praptèng jaba nguwh sora |
Abnèr Abnèr Senapati Israil |
Abnèr kagyat nulya wungu |
tanya sirèku sapa |
wani-wani amisiki Sang Aprabu |
Dawud nabda Abnèr sira |
lêlancure Bani Srail ||

18. saba apa nora bisa |
ngrêksa marang ratunira sang aji |
ana uwong kang lumêbu |
arsa nyidra sang nata |
waspadkna lantingan lan waos prabu |
sun jupuk sing lon-ulonnya |
aja tanbuh senapati ||

19. Raja Saul angandika |
apa iku dudu swaranirèki |
tan pangling putrèngsun Dawud |
Dawud munjuk pratela |
nuwun inggih dhuh gusti kula sang prabu |
punikèstu swara kula |
punapaa karsèng

aji ||

20. nguya-uya mring kawula |
paran ingkang dadya klêpatan patik |
dene gusti sang aprabu |
miyos sêsikêp bala |
kathahipun samantên sumêktèng pupuh |
ambêbujêng ayam wana |
nusup-nusup wontên ardi ||

21. Raja Saul angandika |
hèh anakku Dawud wruhanirèki |
ingsun dhewe tibèng luput |
muliha putraningwang |
nora manèh sun ngalani mring sirèku |
nanging Dawud tan pracaya |
ring andika Saul Aji ||

22. Dawud minta tyang sajuga |
murugana lantingan waos aji |
gya wisata saha wadu |
mring Pilistim karsanya |
tan kawarna tindak Dawud saha wadu |
miwah kadang wrêsni wôngsa |
ing Pilistim sampun prapti ||

23. sowan ngarsèng Akis Raja |
tan winarna sasolah ngarsèng aji |
Dawud miwah balanipun |
samyang sinung panggenan |
kitha Siklak kawuwusa Raja Saul |
duk miyarsa kang wêwarta |
sigra kondur èsmu kingkin ||

**Sedanipun Raja Saul, Dawud
jumênêng ratu.**

36. Asmaradana

1. Dawud manggyan ing Pilistim |
sampun antuk madya warsa |
tan uninga tanah Isrèl |
duk samana kewran ing tyas |
awit pra raja-raja |
ing Pilistim sabiyantu [sa...]

--- 150 ---

[...biyantu] |
nglurug prang mring Isrèl bôngsa ||

2. Dawud dahat gung wiyadi |
makatêna Saul Raja |
dupi myarsa lamun Isrèl |
mangkya arsa linurugan |
kalangkung giris ing tyas |
kuwuring tyas Raja Saul |
tan kêconggah mapag mêngsah ||

3. arsa minta têdah nabi |
nging Sêmuèl sampun seda |
Saul nêgês mring Hyang Manon |
nging Pangeran datan karsa |
mangsuli panêgêsnya |
mêngsah saya ngangsgêg nêmpuh |
campuh pêrang nêng Gilbuwah ||

4. Bani Srail kèh ngêmasi |
katitih ing yudanira |
myang Yonatan têtah layon |
sumawana kadangira |
kêkalih samya lena |
datan dangu Prabu Saul |
gung kinêpang dening mêngsah ||

5. saking sangêt putêk galih |
têtah dhawuh mring kêparak |
nglarihana mring sang katong |
nging kêparak alênggana |
mopo mring karsèng nata |
wasananya sang aprabu |
suduk jiwa praptèng lena ||

6. dupi sampun tigang ari |
wontên juga tiyang Siklag |
warta soring bôngsa Isrèl |
myang sedanya Saul Raja |

tanapi putra tiga |
Dawun^[1] myarsa langkung giyuh |
kathah-kathah pasambatnya ||

7. dhuh-dhuh adhuh Saul Aji |
myang Yonatan mitraningwang |
duk sugênge sakarone |
dahat dênnya sih-sinihan |
trus sarêng praptèng seda |
dhuh Yonatan sadulurku |

1. Dawud (dan di tempat lain).

trêsnanta mring awak ingwang ||

8. gunge trêсна amunjuli |
sih trêsnanta mring wanita |
dhuh Yonatan mitraningong |
ing samêngko praptèng lena |
barêng lawan sudarma |
miwah kadwi sadulurmu |
dhuh Yonatan kang gung trêсна ||

9. ing sasolah tan kawarni |
mangkya Dawud saha bala |
kondur manggyan kitha Kebron |
Dawud nulya madêg nata |
rinatu trah Yahuda |
dene Abnèr mangkyanujung |
Isbosèt trah Saul Raja ||

10. madêg nata angratoni |
Bani Sraïl Iyan Yahuda |
dadya Isrèl dwi ratune |
nanging dupi wus nêm côndra |
Isbosèt sinedanan |
dening para abdinipun |
dadya Dawud madêg nata ||

11. ngratoni mring Isrèl sami |
nulya prang lan Yêbus bônghsa |
ngrêbat nagri Yêrusalèm |
inggih Sion kithanira |
tyang Yêbus kasor yuda |
kutha Karan kuthèng Dawud |
yèku kraton sri narendra ||

12. nata mindhah Sana Suci |
miwah pêthi prajangjian |
pinindha mring kitha Sion |
langkung rame kang samuan |
Israïl suka-suka |

lawan malih Prabu Dawud |
ngêkahakên srengat Musa ||

13. slama Dawud madêg aji |
datan pègat andon pèrang |
para mungsuh kasor kabèh |
samodra gung kikisira |
tumêkèng bangawan Prat |
lawan saka ing Damaskus [Dama...]

[...skus] |
praptèng Mêsir jajahannya ||

14. nadyan kêrêp andon jurit |
suprandene wadyabala |
yuwanarja sakabèhe |
gung ngungkuli arjèng wadya |
duk para kakim kuna |
Prabu Dawud mêngku wadu |
adil jêjêg para marta ||

15. dupi têntrem ingkang nagri |
nata nabda maring Natan |
kadhatyèndah wismaningong |
môngka pêthi prajangjian |
pêthining Pangran Allah |
taksih manggyan wontên tarub |
karya saking tyas manira ||

16. Nabi Natan matur aris |
sumôngga ing karsa nata |
rèh kaidèn ing Hyang Manon |
juga ratri winursita |
Pangran dhawuh mring Natan |
mênggak karsèng sang aprabu |
arsa karyasa nèng Allah ||

17. Natan marêk ngarsèng aji |
dhawuhakên sabdèng Allah |
unjuk Natan ngarsèng katong |
sang aprabu tan rinilan |
wiyasa sasanèng Hyang |
wit paduka sang aprabu |
mijilkên rah langkung kathah ||

18. datan pègat andon jurit |
nadyan praptèng ri punika |
dèrèng têntrem prajèng katong |
anging benjang yèn paduka |

sampun praptèng samaya |
atmajendra sang pukulun |
ingkang wiyasa sasanèng Hyang ||

19. dene dhampar kraton aji |
dèn kêkakhên asantosa |
lêstantun ing salamine |
Pangran Allah môngka bapa |
atmendra môngka putra |
atanapi turunipun [turuni...]

[...pun] |
lulus langgêng kratonira ||

20. dupi Dawud sampun tampi |
ing sadaya dhawuh Pangran |
Nabi Natan lantaranane |
sigra wau sri narendra |
umarêk ngarsèng Pangran |
ngunjukakên suka sukur |
rinoban sih Inkgang Mulya ||

21. unjukira mring Hyang Widhi |
dhuh Pangeran sintên amba |
dene antuk sih Hyang Manon |
agênging sih tanpa timbang |
lêstantun praptèng mangkya |
ewadene Hyang Maha Gung |
tansah paring wêwahira ||

22. dhuh Pangeran Hyang Masuci |
Tuwan karsa paring wikan |
mênggah turun amba têmebe |
mugi-mugi karsa Tuwan |
sadaya kalêksanan |
asma Tuwan ingkang luhur |
datan pègat linuhurna ||

**Prabu Dawun manggih lêpat,
lajêng nalôngsa.**

37. Mêgatrüh

1. datan pègat Prabu Dawud magut pupuh |
lamun wontên mêngsah prapti |
anindhii para wadu |
^[2] para wadu sukèng kapti |
datan ajrih ing palugon ||

2. duk samana Bani Srail aprang pupuh |
bôngsa Amon tandhing jurit |
tan miyosi sang aprabu |
ing prang kasrah senapati |
Yoab andêl ing palugon ||

3. kawuwusa sajuga ri Prabu Dawud |
mungwing payon nguningani |
wanudya yu lagya

2. Kurang satu suku kata: anindhihi
para wadu.

--- 154 ---

adus |
ran Batsebah endah warni |
laki lagya nèng palugon ||

4. Prabu Dawud kasmaran mring
wanudyèku |
gya mring Yoab paring tulis |
Orya laki wanudyèku |
linorobna ing ajurit |
dimèn Orya praptèng layon ||

5. kalêksanan ing sakarsa sang aprabu |
Orya tiwas ing ajurit |
Senapati Yoab gupuh |
tur udani mring sang aji |
lamun Orya praptèng layon ||

6. sang aprabu dupi myarsa wartosipun |
lamun Orya sampun lalis |
sang aprabu nulya nambut |
mring Batsebah manjing puri |
lulus dadya garwa katong ||

7. prakarèku binêndonan ing Hyang Agung |
Allah ngutus Natan Nabi |
umarêka mring sang prabu |
mêlèhakên tindak silib |
Nabi Natan sowan katong ||

8. Nabi Natan munjuk wontên ngarsèng
prabu |
lamun wontên tyang kêkalih |
tunggil nagri manggyanipun |
juga miskin juga sugih |
rajakayangipun^[3] ewon ||

9. ingkang miskin barang-barang datan
sinung |

amung juga cêmpe alit |
tumul nêdha pulukipun |
tumul ngombe mungging cangkir |
tilêmira mungging pangkon ||

10. kawuwusa ingkang sugih darbe tamu |
arsa nyêgah dhatêng tami |
menda lêmbe darbèkipun |
owêl lamun dèn sambêlih |
dipun olah

3. rajakayanipun.

môngka lados ||

11. lampu ngrêbat cêmpenya tyang miskin
wau |
karyamboja tamunèki |
tilas Natan unjukipun |
panyananya sri bupati |
Natan minta adil katong ||

12. Sang Aprabu Dawud sangêt dukanipun |
angandika sri bupati |
dêmi Allah Kang Maha Gung |
tiyang sugih dèn pêjahi |
Natan munjuk mring sang katong ||

13. dhuh sang prabu pan paduka tiyangipun |
sabdèng Allah Kang Masuci |
sira Ingsun karya ratu |
lan sira wus Sun luwari |
saka Saul sira mêngko ||

14. lah yagene nglirwakake sabdaningsun |
gawe ala dèn lakoni |
matèni wong srana apus |
Orya klorob madyèng jurit |
mati dening pêdhang Amon ||

15. lan bojone Oriya kang uwis lampus |
sira alap dadi rabi |
kawruhana mring sirèku |
bilai gung kang nêkani |
sing batih ta dudu lyan wong ||

16. Prabu Dawud rumaos mring lêpatipun |
ngakên dosa ngarsèng Widhi |
lon turipun Prabu Dawud |
dhuh Pangeran mugi mlasi |

dosa amba mring Hyang Manon ||

17. lun ngakêni dosa amba mring Hyang
Agung |
jêr dosamba tansah kengis |
dhuh Pangeran Hyang Makudus |
nitahakên manah rêsik |
budi suci dalêm batos ||

18. maringana mring kawula Êroh Kudus |

--- 156 ---

nuntun mangrèh budi suci |
Nabi Natan gya sumambung |
Pangran Allah ngapuntêni |
sang nata tan têtah layon ||

19. nging sarèhning sri paduka sang aprabu |
apan sampun tédah margi |
dhatêng mêngsah Hyang Maha Gung |
putrendra kang nêmbè mijil |
sing Batsebah masthi layon ||

20. sasampunnya Nabi Natan nulya mundur
|
sapêngkêrnya Natan Nabi |
bayi sangêt sakitipun |
Dawud tansah amuwuni |
nalôngsa ing dalêm batos ||

21. anyênyuwun wilujêngnya bayi wau |
nging Pangeran tan marêngi |
dupi bayi sampun murut |
Prabu Dawud mupus galih |
nulya suryan sang akatong ||

22. agagônda jêjêbad kang sarwa arum |
nulya malbèng Sana Suci |
andadonga muji sukur |
konjuk mring Hyang Maha Suci |
mangkya osik galih katong ||

23. hèh nyawaku angluhurna Hyang Maha
Gung |
lan mangkono batin mami |
ngluhurna mring asma kudus |
lan nyawaku aja lali |
kabêcikan sing Hyang Manon ||

24. marang kowe angapura gung dosamu |
marasake mring sirèki |
sakabèhe mêmalamu |
uripira dèn luwari |
sing krusakan de Hyang Manon ||

25. lan maringi sih piwêlas mring sirèku |
pindha sukêt wong ngaurip |
mêkar pindha puspita rum |
dèn tiyup ing angin anis |
janma

datan wikan kang gon ||

26. sih piwlase Pangran Allah mring sirèku |
datan pègat slami-lami |
mring wong wêdi asmanipun |
adil mring wong kang nêtêpi |
jangji prentahirèng Manon ||

27. sang aprabu mring Batsebah anglalipur |
Batsebah gya amêdali |
miyos kakung putranipun |
Suleman kang wangi-wangi |
mijil saking sih Hyang Manon ||

4. ing Israel tan wontên nyamèni |
baguse Absalom |
dahat dadya alêman baguse |
wiwit saking talapakan [tala...]

Prabu Dawud kalihan Absalom.

38. Mijil

1. sungkawanya sang prabu ngranuhi |
wit putendra Amnon |
Kirdasmara lan Tamar arine |
tunggil yayah nanging sanès bibi |
duk warti kapyarsi |
Absalom sang bagus ||

2. gya ngulari dhadhakaning margi |
mêjahi mring Amnon |
dupi sampun klêrêsan margine |
tan talompe nulya dèn pêjahi |
Absalom lolos glis |
ngantya gangsal taun ||

3. sang aprabu sawêg anglilani |
sowannya Absalom |
ngarsèng rama sagung klêpatane |
sampun antuk aksamèng rama ji |
nging tekadnya apti |

[...pakan] sêpi |
cacadnya sang pêkik |
ngantya praptèng êmbun ||

5. nitih rata rênanya sang pêkik |
titihan Absalom |
jinajaran tyang sèkêt kathahe |
sabên enjing ngadêg pinggir margi |
jog sakèthèng nagri |
nyêgat tiyang langkung ||

6. sagung tiyang kang darbya prakawis |
minta adil katong |
nulya sami dèn andhêg lampahè |
tinakenan tiyang saking pundi |
paran kang prakawis |
minta adil prabu ||

7. sasampunnya têtiyang mangsuli |
ngandika Absalom |
prakaramu bènêr satêmêne |
nging tan ana kang bakal ngarani |
bènêr turirèki |
nèng ngarsa sang prabu ||

8. yèn ta aku kang nyêkêla adil |
masthi datan dhoyong |
sapa bènêr masthi dak mênangke |
nora bakal bot sih tibèng adil |
noramba ukapi |
tan mawang mring sêmu ||

9. lamun wontên tiyang amarpêki |
sujud mring Absalom |
sigra-sigra Absalom anampèl |
saha nyandhak nulya ngaras aglis |
yèku pamikat sih |
mring Isrèl sêdarum ||

10. datan lami Absalom kesah mring |
nagari ing Kebron |
saha bala dwi atus kathahe |
sapraptanya ing Kebron nagari |
anduta mangsiti |
mring Isrèl sêdarum ||

11. lamun mirêng suwarèng napiri |
kinèn sami alok [a...]

[...lok] |

lah Absalom madêg nata loke |
balelanya Absalom dèn byungi |
kathah kang baluhi |
pambalelanipun ||

12. sang aprabu duk katuran uning |
pangraman Absalom |
nulya kasok sang prabu galihe |
angandika payo mlayu aglis |
kêsompok wak mami |
tan na pangungsèn sun ||

13. sang aprabu nulya jêngkar aglis |
nyabrang lèpèn Kidron |
samyang nangis sagung kang andhèrèk |
nata minggah mring Jaitun ardi |
tindakira aji |
samargi amuwun ||

14. duk samana sang prabu nglangkungi |
gêngira wirangrong |
malah-malah kêpranggul samangke |
wangsaniira Saul nama Simi |
punikwambalangi |
ngwus-uwus sang prabu ||

15. Abisai abadinya sang aji |
kumidah mrih layon |
maring Simi datan lêga tyase |
nanging agung sang aji mambêngi |
ngandika sang aji |
karêbèn wong iku ||

16. wus mangkono karsane Hyang Widhi |
tumêmpuh maringong |
sang aprabu laju ing tindake |
saha bala malbèng Mahanaim |
jro kitha sang aji |

dahat amangun kung ||

17. ênêngêna kang manggung prihatin |
wau ta Absalom |
sigra dènnya bédhah Yêrusalèm |
angêbroki kédhaton sang aji |
tan antawis lami |
mêpak balanipun ||

18. nulyambujêng mring rama

--- 160 ---

sang aji |
kang agung wirangrong |
pinêthukkên dening bala rajèng |
sang aprabu mring bala wêwêling |
datan anglilani |
nyia putranipun ||

19. duk têmpuh prang nèng wana Epraim |
bala kraman kasor |
gya Absalom mlajêng sakuldine |
dumadakan murda kêcanthol wit |
miwah remanèki |
ginubêd pangipun ||

20. kuldi maksih ambandhang kêpati |
wasana Absalom |
gumandhul nèng êpang ingkang nyanthèl |
wontên juga prajurit udani |
nulya atur uning |
mring Yoab dibyanung ||

21. angandika Yoab Senapati |
pagene Absalom |
nora sira babar pisakake |
aturira wau kang prajurit |
nadyan kula tampi |
wang salaka sèwu ||

22. kula botên purun anêlasi |
putra sang akatong |
sabab kula mirêng andikane |
sang aprabu tan pisan marêngi |
lamun putra aji |
siya sedanipun ||

23. Senapati Yoab ngandika ris |
aku tan mangkono |
apa baya kang sun anti manèh |
tan sarônta Yoab anulya glis |

ngambil waosnya tri |
ngêtap kuda mamprung ||

24. datan dangu Yoab sampun prapti |
unggyannya Absalom |
katon ngegla Absalom kêcanthèl |
pinrajaya ingkang pulung ati [a...]

--- 161 ---

[...ti] |
Absalom ngêmasi |
Yoab sukèng kalbu ||

25. sang aprabu dupi wus miyarsi |
putra têkèng layon |
sakalangkung sungkawèng galihe |
ngadhuh-adhuh dhuh anakku mati |
anakku ngêmasi |
Absalom anakku ||

26. angur aku bae mati dhingin |
anakku Absalom |
dhuh anakku gèr Absalom kowe |
têka bisa dhisiki wak mami |
dhuh anakku lalis |
Absalom anakku ||

27. sang aprabu duk kundur mring nagri |
Yrusalèm kadhaton |
pinêthukkên dening tyang Israel |
trah Yahuda rumêsêp karsèng ji |
lyanira Israil |
lir mas kentar ranu ||

Wêkasaning panjênênganipun Prabu Dawud.

39. Maskumambang

1. sakondurnya Prabu Dawud ing Israil |
dèrèng karta arja |
awit wontên kraman malih |
andêl kraman nama Seba ||

2. Seba ika kalbèng têdhak sing Bunyamin |
ika binaluhan |
Israil kang sami mèri |
duk kondurnya sri narendra ||

3. kraman wau Yoab ingkang anglurugi |
ingêsor yudanya |
Seba malah dèn pêjahi |
dening para bala kraman ||

4. Adonia putrèng Dawud Sri

--- 162 ---

Bupati |
ugi ambalela |
pangangkah yun madêg aji |
anggêntosi ingkang rama ||

5. karsanira Adonia wuk tan dadi |
Suleman putrendra |
karsanira sri bupati |
dèn wisudha prabu mudha ||

6. jinêbadan ingèstrenan kèh pra janmi |
jêr rumiyin mila |
pan wus dadya karsèng aji |
Suleman kang gumantia ||

7. Prabu Dawud nacahakên kwèh Israil |
nadyan senapatya |
nyulayani karsèng aji |
lamun nata kenging godha ||

8. labêt saking kêncêng karsèng sang narpati
|
panacah kalakyan |
antarantuk sangang sasi |
Yoab mantuk gyan nacahna ||

9. kang panacah gunggung cacah Bani Srail |
liyan trah Yahuda |
tyang prakosa wolung kêthi |
gangsal kêthi trah Yahuda ||

10. kang pratelan dupi katur sri bupati |
nata tarataban |
ngrasèng lêpat risang aji |
analôngsa mring Pangeran ||

11. Allah Pangran nulya ngutus mring Gad
Nabi |
kinèn dhawuhana |
maring Dawud Narapati |
paukuman tri prakara ||

12. kang sapisan larang pangan têtung warsi
|
kapindhone sira |
kêlud mungsuh têtung sasi |
tri pagêblug têtung dina ||

13. tri prakara sira pilih salah siji |
unjuknya sang nata |
sangêt ribêd manah mami |
luhung kula kasiksaa ||

14. awit dene kula

--- 163 ---

sampun rinoban sih |
Pangeran priyôngga |
niksaa mring jasad mami |
aywa niksa liyan janma ||

15. paukuman pagêblug karsèng Hyang
Widhi |
sumrambah mring janma |
pitung lêksa kèh kang lalis |
Pangran luntur wêlasira ||

16. duk pagêblug mèh praptèng Yrusalèm
nagri |
kêparêng karsèng Hyang |
kang pagêblug dèn kèndêli |
sri narendra myat mlaekat ||

17. malaekat jumênêng nèng Sion ardi |
parêk panutonnya |
aruna tyang ing Yêbusi |
ngriku nata saos kurban ||

18. miwah kurban panuwun konjuk Hyang
Widhi |
wêlak sirêp nulya |
sakala tan anglimputi |
maring sagung para janma ||

19. sang aprabu karya lurah ing Israil |
nêm èwu cacahnya |
pilihan sing tiyang Lèwi |
tiyang Lèwi kantunira ||

20. kang pinatah garap karya anèng masjid |
nyèwu cacahira |
saprakawan likurnèki |
lawan malih sri narendra ||

21. karya para niyaga myang kang
nyindhèni |
kawan èwu kwèhnya |
dene ingkang anglurahi |
Yêdutun lan Asap Eman ||

22. nata ngraos sampun dungkap praptèng
jangji |
anulya sang nata |
nimbali pra agung sami |
sumiwi nèng ngarsa nata ||

23. sang aprabu sewaka lan Rajasiwi |
Suleman atmendra [atme...]

[...ndra] |
ginagadhang madêg aji |
gumantia rama nata ||

24. sarêng sampun sami pêpak ingkang
nangkil |
ngarsa sang anata |
tuwin ngarsa rajasiwi |
anulya sri naranata ||

25. nglungsurakên karaton ring narpatiwi |
kwèh wawêling nata |
dhatêng risang rajasiwi |
kinèn yasa Sana Mulya ||

26. sang aprabu maringakên pola aglis |
miwah rajabrana |
êmas slaka myang têngbahi |
tosan tandhon langkung kathah ||

27. abrag êmas salaka kwèh kang wus dadi |
wah cêndhani sela |
kang tinandho ing sang aji |
langkung kathah neka warna ||

28. sang aprabu dhawuh dhatêng narpatiwi |
kinèn ngantêpana |
wah tumêmên anglampahi |
ing sadhawuh rêhing Pangran ||

29. lawan malih Suleman Sang Narpatiwi |
kinèn panggah rosa |
nglampahi ing rêh Hyang Widhi |
tan rinilan jrih myang maras ||

30. wit Pangeran Allah Inggang Maha Suci |
Allahirêng nata |

anjangkungi narpatiwi |
tan nilar ing narpatiwi ||

31. sang aprabu anggung dènyaya amêmuji |
mujèkkên putrendra |
Suleman kang madêg aji |
mangkya karsa sri narendra ||

32. para tiyang dhinawuhan ing sang aji |
kinèn masamuan |
ngluhurakên Hyang Masuci |
ngiras karya buja nendra ||

--- 165 ---

33. kawuwusa sampun prapta ing ubanggi |
Prabu Dawud seda |
sinarèkkên kunarpa ji |
mungging makam sang sri nata ||

4. Pangran Allah gya ngandika |
rèh mangkono karêpnèki |
datan milih umur dawa |
unggul saka mungsuhnèki |
tanapi ngincih

Kaprabonipun Raja Suleman.

40. Sinom

1. wuwusên Dawud Sri Nata |
lami dènnya madêg aji |
anratoni Isrèl bôngsa |
kawan dasa warsa mangkin |
pupus^[4] yuswa sang aji |
gumantya sang narpasunu |
Suleman madêg nata |
amêngku bôngsa Israil |
mema rama sinihan ing Hyang Suksmana ||

2. sajuga ri sri narendra |
têdhak dhatêng Gibyon nagri |
karsanira saos kurban |
konjuk ing Hyang Maha Suci |
praptèng Gibyon nagari |
kêtingalan Hyang Makudus |
mudya ratri wancinya |
jro supênan paring wangsit |
nyanyuwuna masthi sira pinaringan ||

3. sang aprabu lon turira |
kawulèstu maksih alit |
kawula Tuwan karsakna |
mangrèh dhatêng Bani Srail |
umat Tuwan Israil |
pindha lêbu kathahipun |
sinungana kawula |
wicaksana budi suci |
manah jujur bangkit mêngku umat Tuwan ||

4. puput.

--- 166 ---

sugih |
Sun jurungi prakarèku |
aliya kang kadyèka |
kasugihan lan kamuktin |
Sun jurungi punjul saka sakèh raja ||

5. lamun sira nêtêpana |
prentah Ingsun mring sirèki |
anglir pendah bapakira |
Sun dawakke umurnèki |
datan lami sang aji |
anduta ring nagri Tirus |
nênggih Sang Raja Khiram |
mitrèng swargi rama aji |
minta sumbang arsa karya Sana Mulya ||

6. warni kajêng êrês miwah |
kajêng borês karsèng aji |
dahat dhangang Rajèng Khiram |
marma dhawuh dhatêng abdi |
abdi kônca undhagi |
kinèn sami ambiyantu |
dènira nêgorana |
kajêng ingkang dèn karsani |
sing Libanon saha natahira pisan ||

7. pitung warsa laminira |
pambangunnya Sana Suci |
wontên ing rêdi Muriah |
rampung ingkang Sana Suci |
sagung para Israil |
lurah miwah bêtêlipun |
panuju ari mulya |
tancêb tarub kang riyadi |
suka-suka anganyari Sana Mulya ||

8. nênggih pêthi prajangjian |
jinunjung pra imam sami |
manjing ring betal mukadas |
mungging sucinig asuci |

duk wijilipun pêthi |
wontên mega angêndhanu |
nglimput betal mukadas |
pan punika nyasmitani |
kamulyaning Pangran Allah Kang Mamulya
||

9. gya sang prabu paring puja |
dhatêng para Bani Srail |
sumawana andadonga [anda...]

[...donga] |
dhuh Pangran Allah Israil |
swarganing suwarga di |
tan kamot asma pukulun |
langkung-langkung sasana |
yêyasan amba puniki |
ewadene pamintamba kinabulna ||

10. mugi-mugi ri punika |
padukarsa ngudanèni |
rintên dalu kaidena |
umat Tuwan Bani Srail |
marêg ngarsèng Hyang Widhi |
sumawana sanèsipun |
nênggih tiyang ngamônca |
marêk ngarsèng Hyang Masuci |
malbêt dhatêng Sana Mulya wisma Tuwan ||

11. sang aprabu saos kurban |
miwah sagung Bani Srail |
kurban nata lêmbu menda |
ngalih èwu kang wêwilis |
bakda patbêlas ari |
bibaran gya nata kondur |
Isrèl sowang-sowangan |
sukèng tyas lir arga siwi |
labêt saking kawêlasan Hyang Suksmana ||

12. kalokèng rat naradipa |
wicaksana sugih mukti |
datan wontên ratu nyama |
sugih palwa sri bupati |
layar mring Indi Tarsis |
angambah ing sagantên Sup |
winratan rajabrana |
sasotya di miwah gadhing |
kajêng arêng saking tanah ing Aprika ||

13. salaminya madêg nata |
mangrèh mêngku mring wadya lit |

adhêdhasar wicaksana |
sinêmbuh limpading budi |
karta arja kang nagri |
gêmah ripah panjang-punjung |
nata nganggit saloka |
karya wulang mring tyang pingging |
têntrem ayêm janma antuk lukitarja ||

14. kathah [ka...]

[...thah] para raja mônca |
kang nêksèni sri bupati |
tuhu ratu wicaksana |
sajagad tan ana tandhing |
sadaya ingkang prapti |
atur-atur katur prabu |
wontên ikang^[5] kocapa |
ing Sêba^[6] Sang Pramèsuari |
dupi pirsawicaksana sang mulyèndra ||

15. pramèsuari nyundhul kata |
duk wontên ing nagri mami |
myarsa warta tan andungkap |
mangkya têtês kang pawarti |
mandar tikêl munjuli |
wartos lawan yêktosipun |
kula wikan priyôngga |
kamulyèndra sêpên tandhing |
wicaksana sugih bala sugih brana ||

16. nadyan punjul ing sajagad |
wicaksananirèng aji |
parandene tibèng dosa |
nrak prasapa Hyang Masuci |
kêlimput sri bupati |
mundhut garwa matus-atus |
putri saking Kanangan |
Sidon ing Sur miwah Mêsir |
lawan malih putri saking liyan praja ||

17. sagung putri kang ginarwa |
brahala kang dèn bêktèni |
brahalanya binêktanan |
dhatêng ing Yrusalèm nagri |
angglewang galih aji |
kêtungkul ring garwanipun |
dadya nata manêmbah |
brahala satru Hyang Widhi |
ngasmarani badhe gugal kraton nata ||

5. ingkang.

6. Seba.

Gêmpaling kraton.

41. Asmaradana

1. sabdèng Allah Hyang Masuci |
mahyèng tèmbe kraton gêmpal |
sapêngkêrnnya sang akatong |
têtês sabda Hyang Suksmana |
Sang Aprabu Suleman |
madêg kawan dasa taun |
nulya seda sri narendra ||

2. sasedanya sri bupati |
Bani Srail sapêpaknya |
kakêmpalan wontên Sikèm |
ngwisudha ring Rêkabêam |
putra sri naranata |
jinunjung umadêg ratu |
gumantia rama nata ||

3. pêpak sagung Bani Srail |
darbe atur mring Rêkabam |
swargi ingkang rama katong |
angawrati ring kawula |
panuwun amba mangkya |
sudaning rêmbatan ulun |
abdi dalêm dèn ènthèngna ||

4. lêstantun kawula ngabdi |
seka-praya ananggêpa |
mring paduka madêg katong |
para sêpuh tunggil praya |
jumurung mring paminta |
para neman gangsul rêmbug |
rasaning tyas tan kaduga ||

5. wau ta sang narpatiwi |
tan andhahar para wrêdha |

kang dhinahar pra nèm-anèm |
nulya dhawuh yèn paminta |
yêkti tan sinêmbadan |
malah-malah sanggènipun |
dèn wêwahi langkung awrat ||

6. ing sêdya sang narpatiwi |
anggagiro para bônghsa |
pra bônghsa gambira tyase |
dumadya [du...]

[...madya] liyan trah Yahuda |
Bunjamin kêkalihnya |
pan milalah karya ratu |
Senapati Yêrobêam ||

7. Rêkabêam duk miyarsi |
nulya arsa mukul ing prang |
dhumatêng pra Bani Srael |
pinambêng ing karsèng Allah |
Pangran ngutus nabinya |
mênggak karsanirèng prabu |
myang Israil ingkang umat ||

8. mangkya sabda Hyang Masuci |
ywa sira prang padha kadang |
wis padha muliha bae |
prakarèku karsaningwang |
tan kêna widurungna^[71] |
Bani Srail samya mantuk |
ngestokakên karsèng Allah ||

9. têtah wontên kraton kalih |
juga kraton trah Yahuda |
kithanipun Yêrusalèm |
Rêkabêam rajanira |
dene ingkang sajuga |
kraton Isrèl namanipun |
Yêrobêam madêg raja ||

10. rinatu ing Bani Srail |
liyan saking trah Yahuda |
kithanira wontên Sikèm |
nulya pindhah dhatêng Tirsa |
anulya Samaria |
Yêrobêam madêg ratu |
botên mantêp ibadahnya ||

11. wondene kang anjalari |
sumlanging tyas sri narendra |

yèn kawula Bani Srael |
rinilana asêmbahyang |
minggah betal mukadas |
balik dhatêng têtah Dawud |
marmanira nata karya ||

12. arca pêdhèt mas kêkalih |
arca môngka sasêmbahan |
juga prênah kikiis èlèr |
kang

7. winurungna.

sajuga ing rak sira |
sang nata nulya dhawah |
manêmbah ring arca wau |
aywa maring Sana Mulya ||

13. Allah maoni sang aji |
nging nata tan arsa tobat |
marma nata gung binêndon |
têmah kraton mung tumêdhak |
dhatêng putra kewala |
tan têtihak turun-tumurun |
pinungkasan kang sarkara ||

Nabi Elia.

42. Dhandhanggula

1. kawursita sarkara winangsit |
Raja Isrèl kèh kang murang sarak |
Raja Akab punjul dhewe |
Isêbèl garwèng prabu |
putri saking Sidon nagari |
wontên ing Samaria |
kathah pundhènipun |
kabuyutanira Baal |
myang Astarot samya dèn yasakkên candhi |
yèku Sidon brahala ||

2. saha yasa imam kang ngimami |
klima bêlah ngimami ring Baal |
patang atus Astarote |
kinuya-kuya sagung |
kang manêmbah Allah Israil |
para nabining Allah |
sadaya linampus |
kocapa ari sajuga |
Nabi Elya sowan mring Akab Sang Aji |

mangkana aturira ||

3. dêmi Pangran Allahnya Israil |
ingkang kula sungkêmi sanyata |
taun punika sang rajèng |
myang taun lajêngipun |
datan [data...]

[...n] wontên bun miwah riris |
alya panyuwun amba |
dhumawahing jawuh |
ing Israil kêlampahan |
botên jawah samya ngêrak ingkang siti |
satêmah awis tédha ||

4. Nabi Elya tuk wangsiting Widhi |
dhinawuhan ring Kêrit singidan |
wondene toyaning lèpèn |
dadya unjukanipun |
dene dhaharira jêng nabi |
roti marmaning Pangran |
sabên ri dèn kintun |
kang minôngka cundakèng Hyang |
pêksi dhandhang mawa ulam miwah roti |
ngrukti mring Nabi Elya ||

5. sarêng lèpèn asat ingkang warih |
Nabi Elya kesah dhatêng Sarpat |
umèstu dhawuh Allahe |
margi ing Sarpat ngriku |
wontên rônnda kinarsèng Widhi |
pinataha nyanggia |
dhatêng dhaharipun |
wisata Nabi Elia |
tan winarna ing margi wau jêng nabi |
sakèthèng praja prapta ||

6. Nabi Elya myat rônnda raripik |
Elya minta roti miwah tirta |
warônnda alon dêlinge |
dhuh-adhuh mugi sampun |
dadya rêngat pinggêting galih |
dêmi Allah agêsang |
kula amung sinung |
glêpung sagêgêm kewala |
wontên cuwo miwah lisah mung sakêdhik |
wontên gëndul punika ||

7. jagi tédha kula miwah siwi |
sakêpyakan mangke lamun têlas |
tamtu kula pêjah kluwèn |
kadospundi pukulun |

anggèn kula sagêd nyaosi |
mring pamundhut paduka |
tyas kawula bingung |
Nabi Elya angandika |
ywa kuwatir muliha olahna roti |
supaya bisa mangan ||

8. sawusira lumadi mring mami |
gya ngolaha butuhmu priyôngga |
wit andika Allah Isrèl |
glêpung ing cuwo iku |
tan kênantèk lêstari isih |
tan kêna yèn kalonga |
lênga gêndul iku |
kongsi praptèng ing mangsanya |
tibèng udan nyarambahi ing Israil |
mangkono sabdèng Allah ||

9. bok warôndha saksana nglampahi |
sapitêdah wau Nabi Elya |
nabi Allah ing Israel |
salajêng manggyanipun |
Nabi Elya ing Sarpas nagri |
mondhok wismèng bok rôndha |
laminya sataun |
sagung sabda kayaktosan |
glêpung cuwo datan têlas tansah taksih |
lisah datan kalonga ||

10. kawuwusa wus antarèng ari |
anakira bok warôndha lara |
dadya butul ing patine |
dahat ing susahipun |
dadya matur ring Elya Nabi |
dhuh tiyangipun Allah |
paran krananipun |
praptèng paduka wismamba |
anjalari anak kawula ngêmasi |
ukuming dosa amba ||

11. Nabi Elya datanpa mangsuli |
sanalika kang jisim cinandhak |
binêkta ring pondhokane [po...]

[...ndhokane] |
anulya jisim wau |
sinungkêman rambah kaping tri |
dahat panyuwunira |
mring Allah Hyang Agung |
mugi lare ginêsangna |
Pangran Allah inggih karsa anjurungi |
sakala jisim gêsang ||

15. sinarêngan para imam sami |
kang ngimami Astarot myang Baal |
pêpak sagung Bani Srael |
Elia ngandika [ngandi...]

12. winangsulkên ring biyungirèki |
bok warôndha manêksi ring Elya |
nabining Allah èstune |
sarta angêmban dhawuh |
timbangane Hyang Maha Suci |
kunêng kang suka bingah |
gantya kang winuwus |
duk tanah kêndhat tan jawah |
laminipun sampun kawan têngah warsi |
anulya Pangran Allah ||

13. andhawahi mring Elia Nabi |
ing samêngko ngatona mring Akab |
bakal ana udan manèh |
Elia nulya gupuh |
sowan ngarsa Akab Sang Aji |
duk praptanya Elia |
ngarsa sang aprabu |
sang raja nulya ngandika |
êlo sira karya bilai Israil |
samêngko katon sira ||

14. Nabi Elya nulya amangsuli |
dene kula kang karya sangsara |
aliya paduka rajêng |
sakulawôngsa prabu |
samyâ nilar prentah Hyang Widhi |
manut rêhing brahala |
punika witipun |
Elya matur mring sang nata |
linêmpakna sakathahing Bani Srail |

[...ka] sru |
maring sagung Bani Israil |
kapan ta marinira |
amaro tingalmu |
yèn Pangeran iku Allah |
pituhunên dene lamun Baal iki |
Allah ya bêktènana ||

16. tyang golongan tan sagêd mangsuli |
Nabi Elya nulya angandika |
gonku dadi nabi ijèn |
imaming Baal iku |
klima bêlah padha ngimami |
kowe padha nêkakna |
sapi loro mring sun |
siji marang para imam |
lan sijine tinampakna mring wak mami |
barêngan karya kurban ||

17. nging ywa ana kang cêcawis gêni |
amung sira nêbuta dewanta |
mungguh aku apa dene |
dak nêbut mring Allahku |
dene êndi ingkang mangsuli |
kalawan gêni nyata |
Allah kang satuhu |
para tyang saur kukila |
imam Baal nulya murak lêmibunèki |
dinèkèk pakurbanan ||

18. para imam midêr angidêri |
pakurbanan sarwi sambat Baal |
nganti-anti wangsulane |
wit enjing praptèng luhur |
nanging Baal datan mangsuli |
Elia ngerang-erang |
mring pra imam sagung |
mangkana andikanira |
kurang sêru bantêrêna kang dumêling |
mêngko awèh wangsulan ||

19. bokmanawa dewanira lagi |
ngangên-angên yèn ora pêpara |
miwah lagi nyambutgawe |
êmbuh yèn lagi turu |
sêronana cikbèn ngalisik |
para [pa...]

[...ra] imam sangsaya |
sru panguwuhipun |
sarwi nyublêsi kang angga |
nanging mêksa tan na swara kang nauri |
kadya paran pra imam ||

20. sarêng sampun sontên ingkang wanci |
Nabi Elya yasa pakurbanan |
kinubêng ing kalèn-kalèn |
kajêng myang kurbanipun |
sami dipun grujugi warih |
nulya Nabi Elia |
nyanyuwun Hyang Agung |
dhuh Pangeran Allahira |
pra laluhur anênggih Allah Ibraim |
wêlasa ing pasambat ||

21. ri punika mugi Hyang Masuci |
nguningakna kalamun paduka |
Allahipun Bani Srael |
amba abdi pukulun |
dhuh Pangeran mugi mêlasi |
nulya wontên sakala |
nênggih gêlap latu |
amamôngsa punang kurban |
myang andilat ring sakathahirèng warih |
kang ngubêng pakurbanan ||

22. tyang golongan gya sumungkêm sami |
surak-surak munggwèng ngarsèng Allah |
Pangeran Allah jatine |
Elia nulya dhawuh |
imam Baal cêkêlên aglis |
padha pinatênana |
ywa ana kang mrucut |
Elya nuwun antuk jawah |
dahat dènnya nanuwun mring Hyang Masuci
|
ngantya rambah ping sapta ||

23. sampunipun andonga jêng nabi |
nulya ngagnya mawas ring samodra |
samodra apa katone |
kang kinèn nulya matur |
tur uninga myat mênthung alit |
mumbul saking samodra |
gêngira kang mênthung |

sami èpèk-èpèk tangan |
Nabi Elya sigra ngutus tur udani |
dhumatêng Raja Akab ||

24. sang aprabu kondura dèn aglis |
sampun ngantos kêbêthêngên jawah |
wit badhe jawah ing mangke |
tan dangu têdhak prabu |
pêtêng dhêdhêt ingkang wiyati |
dening mêngdung limêngan |
udan lir pinusus |
kondur nata praptèng pura |
awêwarta mring garwa salwir dumadi |
purwa madya wusana ||

25. Pramèsuari Isêbèl duk myarsi |
pêjahira sagung imam Baal |
dening Elya pakaryane |
kalangkung dukanipun |
kêdah malês ukum mêjahi |
dhatêng Nabi Elia |
nêtêr karsanipun |
ananging Nabi Elia |
sigra-sigra angungsi saklangkung têbih |
kèndêl soring kêkaywan ||

26. sakalangkung sêkêlirèng galih |
gya nyanyuwun dhumatêng Pangeran |
pinundhuta dipun age |
datan antarèng dangu |
Nabi Elya kapati guling |
ginugah malaekat |
kang supadya wungu |
kinèn ngunjuk miwah dhahar |
duk anglilir manggya roti miwah warih |
cumawis nèng ngarsanya ||

27. Nabi Elya ngunjuk sarta bukti |
sing sawabnya roti miwah tirta |
karya lêjar mring anggane |

bangkat nrus tindakipun |
kawan dasa ari myang ratri |
duk praptèng Korêb ardya |
singidan ing ngriku |
umanjing ing dalêm guwa |
Pangran Allah

--- 178 ---

anulya mangandikani |
lah apa karyanira ||

Raja Akajyah kang sasilih |
pindha rama tan siwah |
murang sarakipun |
sajuga ri raja gêrah |
nêgês maring Baalsêbub [Baalsê...]

28. anèng guwa sirèku andhêlik |
Nabi Elya alon unjukira |
dhuh Pangeran amba mangke |
ngêkahi Hyang Maha Gung |
Allahipun langit myang bumi |
sanadyan umat Tuwan |
Bani Srail sampun |
nyingkur prasapa paduka |
myang nêlasi sanggya nabi Hyang Masuci |
kantun amba priyôngga ||

29. môngka amba inggih dipun unghih |
sêdyanipun pinêjahan pisan |
dening sagung Bani Srael |
Pangeran nulya dhawuh |
lah mêtua sira dèn aglis |
Sun anèng ngarêpira |
nulya angin ribut |
lindhu thathit laliwêran |
gêlap ngampar nging Pangeran èstu sêpi |
sawusira kadyèka ||

30. nulya wontên samirana milir |
Nabi Elya ngrasèng nèng ngarsanya |
Yêhuwah Pangran Allahe |
andikanya Hyang Agung |
hèh Elia wêruhanèki |
Sun isih ngèngèh janma |
kwèhe pitung èwu |
tan manut nêmbah brahala |
lah Elisa sira jêbadana aglis |
gumantya jênêngira ||

31. Raja Akab tan antarèng lami |
kenging laknat seda ing paprangan |
dening saraning mêngsahe |
putra gumantyèng ratu |

[...bub] ing Pilistim |
Dewa Pilistim praja ||

32. kadya paran mênggah gêrah aji |
waluyanya tanapi botênnya |
kocapa wau dutane |
wontên margi kêpêthuk |
dening Elya gya dèn aruhi |
apa Isrèl tan ana |
Allah Kang Maluhur |
dene sira têka dadak |
nêgês marang dewane wong ing Pilistim |
rungokna sabdèng Allah ||

33. sang aprabu gêrahe tan mari |
malah dadi jalarane seda |
lah uwis balia bae |
duta anulya wangsul |
prapta matur ngarsa sang aji |
amba kêpêthuk tiyang |
ing madyaning ênu |
panganggenira wacucal |
ngagnya amba wangsul matur ngarsèng aji |
sang raja praptèng seda ||

34. sang aprabu anggarjitèng galih |
namtokakên punika Elia |
kang tan pègat salah gawe |
sang prabu nulya ngutus |
kang tatindhah sinung prajurit |
tyang sèkêt kathahira |
dhinawuhan mikut |
ambêsta Nabi Elia |
tan kawarna lampahira duta prapti |
cundhuk lan Nabi Elya ||

35. sang têtindhah nulya nabda aglis |
hèh Elia sira wonge Allah |
parentahku marang kowe |
trang saka dhawuh prabu |

lah mudhuna Elya dèn aglis |
Elia nambung sabda |
duta wruhanamu |
lamun aku wonge Allah |
lah anaa gêni tumrun saka langit |

--- 180 ---

môngsaa marang sira ||

36. apa manèh kang sèkêt prajurit |
sanalika tumrun saking wiyat |
môngsa tindhih sakanthine |
sang prabu nulya ngutus |
sanèsipun tatindhih malih |
jurit sèkêt kanthinya |
sirna tan na ngukup |
tan siwah duta kapisan |
dipun môngsa latu saking ing wiyati |
cabar duta sang raja ||

37. sang aprabu gya anduta katri |
kathahira sinami ing ngarsa |
subasita duta bènèh |
duta wus sira cundhuk |
lan Elia sumungkêm aglis |
lir konjêm mukanira |
pan sarwi umatur |
adhuh tiyangipun Allah |
mugi-mugi wêlasa mring tiyang mami |
myang sèkêt kanthiningwang ||

38. Nabi Elya gya tumurun aglis |
kerid sowan dhatêng ngarsèng nata |
wus prapta ngarsa sang rajèng |
mangkana aturipun |
sabdèng Allah Hyang Maha Suci |
rèh sira wus kongkonan |
nêgês Baalsêbub |
kaya Isrèl tan na Allah |
marma sira masthi lamun têkèng lalis |
tan kongsi nganthi wêka ||

Nabi Elisa.

43. Kinanthi

1. duk Elia tampi dhawuh |
sabdèng Allah Kang Masuci |
anjêbadi ring Elisa |
gumantia dadya

--- 181 ---

nabi |
Nabi Elya sampuninga |
sampun dungkap praptèng jangji ||

2. juga ri Elisa nuju |
umiring mring Elya Nabi |
dupi lampahira prapta |
imbar Yardèn kang banawi |
Elya ngrucut jubahira |
kinarya anggitik warih ||

3. tirtèng Yardèn duk ginêbug |
sakala piyak kang warih |
piyak asisih-sisihan |
dadya tindak risang kalih |
angambah mungging asatan |
praptèng sabranging banawi ||

4. samya laju lampahipun |
imbal raos turut margi |
sakala Nabi Elisa |
pinulung Hyang Maha Suci |
umumbul dhatèng suwarga |
anitih wimana agni ||

5. apangirid kuda murub |
amisahi sang kêkalih |
Elisa awas tumingal |
sakala Elya tan kèksi |
Elisa gya tinêdhakan |
roh kasêktèn Elya Nabi ||

6. ing mangke ingkang winuwus |
Elisa mring Bètèl nagri |
papan unggyan pêdhèt êmas |
yasan raja ing Israil |
swargi Raja Yêrobêam |
karyambidhung Bani Srail ||

7. Elisa wontên ing ngriku |
anggung dipun papoyoki |
dening pra lare andhugal |
mangkana wicaranèki |
hèh hèh gundhul sumingkira |
hèh gundhul sira sumingkir ||

8. pra lare dèn sotkên gupuh |
atas asma Hyang Masuci |
sanalika wontên bruwang |
saking wana [wa...]

--- 182 ---

[...na] kalih iji |
sigra bruwang nyêmpal-nyêmpal |
lare kawan dasa kalih ||

9. ing mangkya ingkang winuwus |
wontên juga rôndha nabi |
asêsambat mring Elisa |
laki kula sampun lalis |
môngka tilar sêsambatan |
mangkya ingkang potang prapti ||

10. nagih dhatêng raganingsun |
mêndhêt anak kula kalih |
pinèt karya tatumbasan |
kadya paran solah mami |
Elisa gya angandika |
apa katon ing sirèki ||

11. rôndha matur kula sinung |
amung lisah kwèh saguci |
Elisa gya angandika |
ngulatana sira aglis |
wadhah kothong pira-pira |
aywa kongsi nguciwani ||

12. banjur mlêbua omahmu |
lan anakmu aywa kèri |
kancingana lawangira |
wadhah-wadhah kang sumaji |
sanggya wadhah kêbakana |
lênga saka guci kuwi ||

13. punapa sadhawuhipun |
bok warôndha anglampahi |
sanggya wadhah kinêbakana |
sinade karya nyauri |
tirahannya sêsauran |
pan kinarya sambung urip ||

14. kunêng gantya kang winuwus |
Senapati Aram nagri |
Naaman ingkang minulya |
wau ta sang senapati |
kataman ing Malabarah |
wiyoga sang senapati ||

15. Naaman kala rumuhun |
nawan larèstri Ngibrani |
mawongan garwèng Naaman [Na...]

[...aman] |
myat bandara kawlasasih |
cumanthaka tur uninga |
wontên nabi ing Israil ||

16. nabi Allah Kang Maluhur |
kwasambirat salwir sakit |
engga paduka bandara |
wontêna ing Bani Srail |
tartamtu nulya binirat |
rampung sampurna kang najis ||

17. Elisa Nabi Hyang Agung |
lênggah Samaria nagri |
prayogi paduka têdhak |
dhatêng Samaria nagri |
kang supadya binirata |
dening nabi punang najis ||

18. Naaman anulya gupuh |
têdhak ring tanah Israil |
bêkta kapal miwah rata |
barang kathah pèni-pèni |
anjujug wismèng Elisa |
kèndêl mungging jawi panti ||

19. Elisa anulya dhawuh |
mring Naaman Senapati |
kinèn slulup kaping sapta |
wontên ing Yardèn banawi |
amasthi lamun waluya |
sakala birat kang najis ||

20. Naaman saklangkung rêngu |
dhinawuhan dening nabi |
môngka pangajaping karsa |
Naaman dipun panggih |
ingusapa kang mêmala |

dinonga puji sêsanti ||

21. Naaman ngandika asru |
kali-kali tanah mami |
apa ana kang kungkulan |
karo kali ing Israil |
dene sun kinèn slulupa |
ping pitu ing kali iki ||

22. punang abdi lon umatur |
nadyan nabi andhawuhi |
pakaryan linangkung awrat [a...]

[...wrat] |
punapa tan dèn lampahi |
langkung bêgja dhinawuhan |
slulup birat ingkang najis ||

23. saksana Naaman tumrun |
ping sapta slulup banawi |
saka lagya kawistara |
pulihan kadi nguni-uni |
kalangkung sukèng tyasira |
kang kulit lir kulit bayi ||

24. Naaman anulya wangsul |
kusung-kusung ngarsèng nabi |
atur gunging panuwunnya |
wali-wali anèksèni |
tan na Allah tumimbanga |
liyan Allah ing Israil ||

25. Naaman sung atur-atur |
rajabrana pèni-pèni |
Nabi Elisa langgana |
datan pisan arsa tampi |
mandar paring barkat arja |
Naaman gya kondur aglis ||

26. ing mangkya ingkang winuwus |
Gegasi abdi jêng nabi |
kapencutira kalintang |
umèksi rajabrana di |
mas salaka myang panganggya |
kang tinampik dening nabi ||

27. marma ing sapêngkêripun |
Gegasi age nututi |
aturira ring Naaman |
bandara tamuan nabi |
kula dinuta bandara |

anungka paduka aglis ||

28. nabi kalih tamunipun |
kêkalihnya sami miskin |
bandara minta sakala |
satalênta wawratnèki |
dwi pangadêg kang busana |
arsa sinung tamu nabi ||

29. sinungan pamintanipun |
Gegasi gya wangsul aglis |
sowan ngarsèng bandaranya |
Elisa têtanya

aglis |
saka ngêndi baya sira |
lah tutura hèn Gegasi ||

30. Gegasi alon umatur |
datan kesah kula nabi |
Elisa malih manabda |
dening roh sun wus udani |
sira nampani sandhangan |
sing Naaman Senapati ||

31. tingkah iku apa patut |
lah rasakna e Gegasi |
sara atmala Naaman |
sandhangên slawas ta urip |
Gegasi anulya mêdal |
sakala kataman najis ||

32. rikala jumênêngipun |
Prabu Yoram ing Israil |
paprangan mêngsah lan Aram |
Elisa matur sang aji |
sagêlar kridhaning mêngsah |
dadya baris nguciwani ||

33. Raja Aram langkung bêndu |
dhumatêng Elisa Nabi |
gya prentah ngêpang ing Dotan |
unggyannya Elisa Nabi |
daluh praptanya ing Dotan |
wadya Aram ingkang kaping ||

34. ing Dotan kinêpung wakul |
kawarnaa abdi nabi |
duk tangi ing wanci enjang |
myat kitha kinêpang baris |
tur wikan maring bandara |
dhuh bandara kadospundi ||

35. kang kitha kinêpang mungsuh |
kadya paran solah mami |
Elisa nauri sabda |
aywa sira was kuwatir |
jêr kang jangkung marang ingwang |
angungkuli mungsuh iki ||

36. Pangran bikak netranipun |
abdi nabi gya udani |
lamun ing rêdi punika |
kêbak rata turanggagni |
ngayap mring Nabi

--- 186 ---

Elisa |
sukèng tyas abdi tan sipi ||

37. bala mêngsah samya lamur |
nunak-nunuk tan wrin margi |
pandongga Nabi Elisa |
mêngsah datan miyatani |
anulya mêngsah sadaya |
dipun irit dening nabi ||

38. dhatêng ngarsèng Yoram Prabu |
duk prapta dalêm capuri |
Nabi Elisa andonga |
nanuwun mring Hyang Masuci |
netrèng mêngsah ingawasna |
têmah samya ngudanèni ||

39. dene kadadosanipun |
mêngsah datan dèn pêjahi |
sinugata bujakrama |
dening Yoram Sang Aaji |
wusing bukti wadya Aram |
samya mantuk èsmu kingkin ||

Nabi Yunus.

44. Asmaradana

1. nênggih mangkya kang winarni |
Yêrobêam kang kadwinya |
yèku ratu ing Israel |
amarêngi madêgira |
wontên nabi sajuga |
asmanira Nabi Yunus |
yèku nabi Hyang Mamulya ||

2. kawuwusa wau nabi |
dinuta dening Pangeran |
dhatêng nagri ing Ninêwe |
tanah Asur kêng kaliwat |
kathah isining janma |
kalangkung durakanipun |
mangkya Yunus gya dinuta ||

3. kinèn dhawuh mring pra janmi |
lamun para janma arsa |
kataman bêndu Hyang Manon |
nging Nabi Yunus langgana [langga...]

[...na] |
dadya Yunus miruda |
lampahira mêdal laut |
nagri Tarsis kang sinêdya ||

4. praptèng madyaning jaladri |
palwa tinêmpuh prahara |
para janma maras tyase |
lamun palwa rêmuk-rêmak |
kathah sambating janma |
mring Allahnya juru-juru |
kwèh bêkakas binuwangan ||

5. ring madyaning jalanidhi |
pangarahnya para janma |
punang palwa dadya ènthèng |
Nabi Yunus eca nendra |
wontên lêbêt baita |
lurah palwa gugah Yunus |
sira têka enak nendra ||

6. tangia ywa enak guling |
nêbuta ring Allahira |
luwih gêdhe sangsayane |
tyang ing palwa seka-praya |
angundhi yun wikana |
sintên dadya marginipun |
dhinatêngan gung rubeda ||

7. Nabi Yunus kênèng undhi |
Nabi Yunus gya ngandika |
cêmplungna sagara ingong |
masthi sirêp kang prakara |
sabab aku rumôngsa |
margane pakewuh iku |
anêkani marang sira ||

8. tyang ing palwa nulya sami |
anyanyuwun maring Allah |

aywa ana rubedane |
de kalakyan anyêmplungna |
maring dhasar samodra |
aywa nganti kênèng têtèmpuh |
wawêlak kang nèng samodra ||

9. Yunus dèn cêmplungkên aglis |
maring dhasaring samodra |
nulya sirêp praharane |
sampunira kêlampahan |
Yunus anèng samodra [samo...]

[...dra] |
para janma suka sukur |
samyā kurban saha nadar ||

10. Nabi Yunus kang kawarni |
saking karsaning Pangeran |
Yunus kuntal iwak gêdhe |
nanging datan praptèng lena |
anèng jro wêtêng mina |
tigang dintèn tigang dalu |
sakalangkung sungkawèng tyas ||

11. nalôngsa mring Hyang Masuci |
salêbêting kasrakatan |
jinurungan ing Hyang Manon |
sigra mina dhinawuhan |
ngutahna mring dharatan |
Pangran dhawuh maring Yunus |
ring Ninêwe awêwarta ||

12. ring pra janma dalêm nagri |
sadhengaha sabdèng Allah |
nulya Yunus mring Ninêwe |
nguwuh-nguwuh turut marga |
karsèng Allah Pangeran |
Ninêwe arsa ginêmpur |
kurang patang puluh dina ||

13. para janma dalêm nagri |
sadaya samya pracaya |
mring Nabi Yunus wêcane |
dahat sami ajrihira |
prasamya analôngsa |
sumawana sang aprabu |
angrucat kaprabonira ||

14. dhawuh undhang-undhang aji |
janma miwah kewanira |
samyā kinèn pwasa kabèh |

janma dahat unggyanira |
nanuwun maring Allah |
mantuni durakanipun |
sandeya praptèng sangsara ||

15. Pangran ngowêl maring nagri |
tan tamtu praptèng bancana |
ingkang nêmpuh ing Ninêwe |
Nabi Yunus sêrik tyasnya |
nacad sabaring Allah |
Nabi Yunus nulya muwus |
luwih bêcik sun [su...]

--- 189 ---

[...n] matia ||

16. nulya mijil jawi nagri |
karya gubug arsa wikan |
kadadosan ing Ninêwe |
juga ratri Pangran Allah |
nukulkên kang kêkaywan |
ngaubi mring Nabi Yunus |
sukèng tyas dene kauban ||

17. marêngi ing ratri malih |
Allah ngrèh praptanya ama |
ulêr môngsa wit kayone |
dupi bêtèrèng surya |
godhong aking sadaya |
kabêtèran Nabi Yunus |
sambat-sambat minta pêjah ||

18. angandika Hyang Masuci |
apêpantês napsunira |
Yunus munjuk mring Hyang Manon |
klangkung pantês dhuh Pangeran |
Pangeran angandika |
sira ngowêl uwit iku |
dudu sira kang nandura ||

19. thukule barêng sawêngi |
rusake padha saratya |
Ingsun ngowêl mring Ninêwe |
nagara gung kèh isinya |
janma myang kewan-kewan |
beda kanan kering tan wruh |
nora gampang pinêgata ||

1. lir pinêgat sihira Hyang Maha Agung |
kang tumrah mring Bani Srail |
duk Yêrobam Sang Aprabu |
kang kapisan praptèng jangji |
praptèng kraman gantos-gantos ||

2. tumaruntun dhamparipun dipun lungsur |
yèn wontên kang madêg aji |

Wêkasaning karaton Israil.

45. Mêgatrüh

sinedanan gupuh-gupuh |
sawangsanya dèn têtasi |
kang gumantya langkung awon ||

3. datan wontên kang manêmbah mring
Hyang Agung |
tan ngamungkên pêdhèt rukmi |
manêmbah mring dewanipun |
myang brahalèng para jinis |
lir duk nguni Akab Katong ||

4. kurban-kurban ring kanisthan galur-sêlur |
witing risak Bani Srail |
para nabi nyruwe anggung |
tindak nlisir rèh Hyang Widhi |
nging tan tobat ring Hyang Manon ||

5. Bani Srail linurugan Ratu Asur |
tanah wontên kang dèn bèki |
duk Hosea Sang Aprabu |
madêg aji ing Israil |
prajangjian risang katong ||

6. lan Sang Prabu Salmanèsêr Rajèng Asur |
nging tan lami Hosea ji |
manrak maring jangjinipun |
krudha Salmanèsêr Aji |
saha wadya ararêmpon ||

7. Samaria kinupêng ing wadyèng Asur |
binarisan tigang warsi |
Samaria kabarubuh |
ing ajurit tan ngudhili |
Isrèl sami dipun boyong ||

8. binêkta ring tanah Mèdi myang lyanipun |
tanah ingkang têtih-têtih |
mung sakêdhik ingkang kantun |

tanah-tanah kwèh kang sêpi |
karsanira Asur Katong ||

9. bônghsa kapid kang sinung ring tanah
suwung |
kawêkas kraton Israil |
umur kraton kalih atus |
langkung sèkêt tiga warsi |
sangalac cacahing [ca...]

[...cahing] katong ||

10. kawuwusa rubeda tyang kapid timbul |
ingkang manggèn ing Israil |
tan wrin cara-caranipun |
manêmbah Allah Israil |
dadya nalar katur katong ||

11. sang aprabu ing Asur anulya nuduh |
juga imam tyang Israil |
ngiguhakên caranipun |
manêmbah Allah Israil |
rinararas jroning batos ||

Para ratu ing karaton Yahuda.

46. Mijil

1. duk sirnanya karaton Israil |
Yahuda karaton |
apan maksih lêstari adêge |
kalih dasa cacahirèng aji |
sami têdhak aji |
Risang Prabu Dawud ||

2. kwèh kang datan manêmbah Hyang
Widhi |
brahala sinarjon |
pan sakêdhik ratu ingkang salèh |
umur kraton tigang atus warsi |
wolung dasa warsi |
langkung pitung taun ||

3. pan ing mangke Akas Risang Aji |
ingkang winiraos |
karya panti Baal kang kapundhèn |
turut margi ing Yrusalèm nagri |

padalêman suci |
korinya tinutup ||

4. Yêrusalèm tan sinaba janmi |
umèstu Hyang Manon |
duk kaprabon gumingsir putrane |
Sang Aprabu Kiskiya winarni |
salèh kang panggali [pangga...]

[...lih] |
marma Sana Kudus ||

5. karsèng aji binuka kang kori |
sasana Hyang Manon |
gya binengkas dewa nèng Yrusalèm |
amêmulih kang pancêr sadèsi |
puluh angèngêti |
Allah Kang Maluhur ||

6. saha kinèn tumut angrênggani |
paskahing Hyang Manon |
duk madêgnya wau sang pamase |
pan sadasa pancêring Israil |
binoyongan sami |
dhatêng kraton Asur ||

7. tiyang-tiyang ing kraton Israil |
kathahira ewon |
dhatêng kraton Yahuda ngungsine |
amimbuhi arjanirèng nagri |
karaton sang aji |
Kiskiya Sang Prabu ||

8. datan lami Sang Raja Sankèrib |
ing Asur Sang Katong |
anglurugi ngêpang Yêrusalèm |
Sri Kiskiya dupi anampèni |
kintunan kintèki |
panantanging prabu ||

9. kang panantang sinêmbuh nyawadi |
asmane Hyang Manon |
Sri Kiskiya nulya nyuwèk-nyuwèk |
pangagêman tarsôndha wiyadi |
andadonga maring |
Pangran Allahipun ||

10. gya tumurun mlaekat Hyang Widhi |
mring Asur amupoh |
wadya Asur dhadhal barisane |
kathah tiyang kang samya ngêmasi |
lir bêbadan pacing |
wangke tumpuk undhung ||

11. tyang sakêthi wolung lêksa lalis |
langkung gasal ewon |
bidhal kondur lan Kèrib Pamase |

rumangsèng tyas datan antuk kardi |
bala kwèh ngêmasi |
kasor juritipun ||

12. winursita duk mêngsah gêng prapti |
Kiskiya Sang Katong |
lagya gêrah kalangkung gêrahe |
wontên juga nabi Hyang Masuci |
Yêsayah sasilih |
sowan ngarsèng prabu ||

13. ngêmban dhawuh timbalan Hyang Widhi
|
rumêntah mring katong |
sang aprabu cumawis samangke |
unggyanira pinundhut Hyang Widhi |
Kiskiya Sang Aji |
dahat ing pamuwun ||

14. ananuwun mring Hyang Maha Suci |
panjang yuswèng katong |
marma Nabi Yêsayah wijile |
sing kadhaton nulya antuk wangsit |
sigra wangsul aglis |
dhawuh mring Sri Mulku ||

15. tinarimah panuwun sang aji |
ing ngarsa Hyang Manon |
yuswèng nata ingindhakan mangke |
pinanjangkên gangsal wêlas warsi |
dupyantuk tri ari |
sênggang gêrah prabu ||

16. sigra nata malbèng Sana Suci |
sasana Hyang Manon |
saos sukur mring Pangran Allaha |
awit saking marmanirèng Widhi |
gêrahirèng aji |

binirat Hyang Agung ||

17. kawuwusa Kiskiya Sang Aji |
seda tan kacriyos |
Rajaputra Mênase ing mangke |
madêg nata gumantyèng rama ji |
sèkêt gangsal warsi |
lami madêg ratu ||

18. kawarnaa Mênase Sang Aji |
tindakira awon |
nilar

swargi rama sri pamase |
nasarakên maring Bani Srail |
brahala pinundhi |
binêndon Hyang Agung ||

19. karsanira Hyang Kang Maha Suci |
Mênase Sang Katong |
sarêng sêpuh sinrah mring mêngsahe |
têmah nata kaboyong ring Babil |
dahat kawlas-asih |
nalôngsa ing kalbu ||

20. sêsambat mring Hyang Kang Maha Suci
|
katrimah sang katong |
winangsulkên dhatêng Yêrusalèm |
madêg ratu ngratoni Israil |
nirnakkên nênjis |
brahala binrubuh ||

21. tan winarna sedanya sang aji |
Rajaputra Amon |
madêg nata mangrèh Bani Srael |
tindakira awon anglangkungi |
bènèh kang rama ji |
tobat mring Hyang Agung ||

22. kalih warsa madêg narapati |
cinidra sang katong |
praptèng layon dening kawulane |
kang gumantya madêg narapati |
Yosiyah putrèng ji |
ngèdhêp mring Hyang Agung ||

23. angantêpi dènira ngabêkti |
salèh sang akatong |
kwèh brahala kitha Yêrusalèm |
sirna gêm pang myang ing tlatah nagri |
sawiji tan kari |

lêbur binarubuh ||

24. nadyan mudha Yosiyah Sang Aji |
santosa ing batos |
duk gumanti kêprabon yuswane |
amarêngi kalih dasa warsi |
ambêk santa budi |
tumindak rèh ayu ||

25. mangkya nata karsa andandosi |
sasana Hyang Manon |
duk [du...]

[...k] rarêsik manggya Kitab Torèt |
wrêdhèng Imam Hilkiyah kang manggih |
ical duk ing nguni |
Mênase Sang Prabu ||

26. gya winaos Torèt ing ngarsa ji |
gawok risang katong |
sang aprabu nyuwèk busanane |
kagyat myarsa ancaman ing tulis |
nging dhawuh Hyang Widhi |
mring Yosiyah Prabu ||

27. lèlantaran kulda nabi èstri |
rèhning galih katong |
luluh myarsa surasaning Torèt |
seda nata kalawan basuki |
taninga bilai |
kang bakal tumêmpuh ||

28. Sang Aprabu Yosiyah tabêri |
wah langkung tulatos |
angewahi pranatèng Israel |
amiturut anggêr Musa Nabi |
pra kawulèng aji |
sami kinèn kumpul ||

29. pra kawula winaoskên aglis |
andika Hyang Manon |
sang aprabu prasapa ing mangke |
lan kawula ing ngarsa Hyang Widhi |
wiwit ri puniki |
ing salajêngipun ||

30. badhe sami anglampahi salir |
parentah Hyang Manon |
linampahan gumolonging tyase |
ajrih asih mring Kang Maha Suci |
Yosiyah Sang Aji |

31. tatag kèndêl dènnya ambibrahi |
brahala angêtog |
kongsi praptèng tilas kraton Isrèl |
nagri Bètèl unggyan pèdhèt rukmi |
yêyasan duk nguni |
Yêrobêam [Yê...]

--- 196 ---

[...robêam] Prabu ||

32. dipun risak wah dèn obrak-abrik |
malih karsèng katong |
kinèn dhudhuk sakèh kuburane |
para imam brahala ing nguni |
balunge binasmi |
lir wêcèng rumuhun ||

33. sedanira Yosiyah Sang Aji |
datan kacariyos |
putra tiga myang juga wayahe |
gantya-gantya madêg narapati |
nging tan angiribi |
lan Yosiyah Prabu ||

34. pan ing mangkya sasmita wus kèksi |
sirmaning karaton |
wit pra raja dalah Bani Srael |
datan sami èngêt Hyang Masuci |
karêm tindak juti |
nom tuwa dalurung ||

Wêkasaning karaton Yahuda.

47. Sinom

1. kang narbuka myang pitêdah |
sasmitèku para nabi |
kwèh kang kamot jroning kitab |
pangandika para nabi |
nênangi Bani Srail |
pracaya mring Hyang Maha Gung |
têmah tan karisakan |
anging umat Bani Srail |
katuwuhan durhakaning tiyang kathah ||

2. pra raja myang para imam |
datan purun angantuni |
wontèn ing kraton Yahuda |
tuwin ing kraton Israil |
sinungan para nabi |
pamatah Hyang Maha Luhur |
pinèt sing para darah |
atanapi trahing alit [ali...]

[...t] |

yèku Nabi Yêsayah tuwin Sêfanyah ||

3. kêkalih sami trah raja |
apan wontên nabi malih |
ingkang saking darah imam |
yèku Yêkiskièl Nabi |
saha Yirmiyah kalih |
mangkya Mikah lawan Yunus |
Elia myang Elisa |
catur pisan trahing alit |
Nabi Amos pan punika pangèn mlarat ||

4. Nabi Yêrmiyah mamêca |
risaking Yrusalèm nagri |
minôngka siksaning Allah |
awit durakèng Israil |
kandhêg siksa Hyang Widhi |
patobat tatulakipun |
antawis dènnya mulang |
sampun tiga likur warsi |
nging Israil datan pisan nanggapana ||

5. sakala wangsiting Pangran |
tumindak siksa Hyang Widhi |
mandar masthi tyang Yahuda |
badhe binoyong ring Babil |
laminira nèng Babil |
ngantos pitung dasa taun |
dènnya nabi mamêca |
sinawung pralambang manis |
upamanya pralambang Nabi Yêrmiyah ||

6. anuju ari sajuga |
tumbas guci dhatêng kundhi |
binanting ngarsèng pra imam |
myang pisêpuhing Israil |
dadya wingka kang guci |
Yirmiyah nulya nabda rum |
dhawuh Allah Pangeran |

arsa ngrêmul Bani Srail |
nagarane datan pisan kinèrèkna ||

7. pindha wingka guci ika |
pinulihna nora kêni |
kadhaton lan wisma-wisma |
binubrahan tan na kèri [kè...]

[...ri] |
Yrusalèm bosah-basih |
wit Israil andaluring |
nêmbah marang brahala |
kèh brahala dèn kutugi |
dèn pèpundhi amêmungu bënduning Hyang
||

8. tan antawis laminira |
tatiyang Yahuda sami |
umèksi kanyataannya |
pamêcaning para nabi |
yakti datan nalisir |
tumibèng bëndu Hyang Agung |
mangke ingkang kawarna |
Nêbukadnesar Sang Aji |
Natèng Babil yun nêluk nagri Yahuda ||

9. Yêhoyêkin Sri Narendra |
myang salêksa kang prajurit |
myang pra luhur-luhur samya |
para pandhe pra undhagi |
binoyong dhatêng Babil |
dening Babil Maha Prabu |
Risang Nêbukadnesar |
nulya anjênêngkên aji |
ratu liyan sasilih Raja Sidkiyah ||

10. Sidkiyah nulya mbalela |
mintasraya saking Mêsir |
nglawan Sri Nêbukadnesar |
nata binatharèng Babil |
bala Kasdim ngêrobi |
kraton Yahuda kinêpung |
tyang Yêhudi mapanggah |
laminira kalih warsi |
marmanira nagari kambah pailan ||

11. saking dahating pailan |
awis tédha mahanani |

wanudya nêdha wêkanya |
wêkasan bédhah kang nagri |
Sidkiyah lolos aglis |
nging tinukup dening mungsuh |
cinuplak netranira |
lan dèn boyong dhatêng Babil |
sang aprabu kalangkung dèn kaniaya ||

12. sadèrèng [sa...]

[...dèrèng] netra cinuplak |
Sri Sidkiyah nguningani |
ring kêkalih putranira |
dènira kinisas sami |
nètèsi wêcèng Nabi |
Yêkiskièl duk ing dangu |
kalamun Risang Nata |
Sidkiyah yun praptèng Babil |
praptèng seda netra tar myat tanahira ||

13. Yrusalèm betal mukadas |
jinarah binengkas agni |
saput pranti adi mulya |
kang munggwèng masjid winilis |
winawa maring Babil |
sinung ring pamujanipun |
nging pêthi prajangjian |
kang munggwing Sasana Suci |
tan na janma kang uninga wêkasira ||

14. sanggya tyang kraton Yahuda |
binoyongan maring Babil |
pinarênca panggenannya |
pindha mrambut kabur angin |
nètèsi wêcèng nabi |
winicara duk ing dangu |
wontên kang kinantuna |
para luhur sawatawis |
pinitados dening Babil Naranata ||

15. wontên pramuka sajuga |
Gédalya pitayèng aji |
mangrèh ing tanah Yahuda |
pinêjahan tyang Yahudi |
dene Yirmiyah Nabi |
rinilan dera sang prabu |
kantun manggyan nagrinya |
duk bêdhah Yrusalèm nagri |
angrumpaka pangadhu mucung anggana ||

Nabi Dhaniël.

48. Pocung

1. wiyosipun tyang Yahudi anggènipun |
wontên pamboyongan |
têbih nagri myang kang masjid |
sampun tamtu lamun kathah duhkitèng tyas
||

2. lipuripun tan siniya pangrèhipun |
bènèh tyang tumbasan |
siniya ing sari ratri |
malah wontên jêjaka kinarsan nata ||

3. jaka wau karsèng nata dèn ginau |
rèh bôngsa Yahuda |
winuhkên^[8] ring kawruh kasdim |
yèku jaka Dhaniël lan Sadrah Mesah ||

4. kaping catur Abètnego kang tumutur |
jêjaka sakawan |
winisudhèng pangkat inggil |
têmah bangkit karyarja bôngsa priyôngga ||

5. tan kalimput agama ingkang rinangkit |
cekat-cèkêt kangkat |
sumrambah ring bôngsa kapir |
kawuwusa jêjaka sakawan pisan ||

6. botên sarju nêdha ngombe cadhong prabu
|
ajrih ring duraka |
lamun nêdha ingkang najis |
marma darbe paminta ring pra lêlurah ||

7. aturipun ywa sinung lir cadhongipun |
amung sinungana |
toya limrah myang rêjêki |
ingkang pinèt mijil saking tatuwuhan ||

8. Hyang Maha Gung ngidini sasêdyanipun |
marma bagas waras |
kakuwatan amunjuli |
yèn tinandhing lawan kônca-kancanira ||

8. winruhkên.

9. nujwa waktu sinowankên ngarsèng prabu
|
kacihna yèn langkah |
kawignya punjul sasami |
catur pisan ingabdèkkên ngarsèng nata ||

10. kang kawuwus Nêbukadnesar Sang
Prabu |
karya brahala mas |
mas jarahan kang kinardi |
inggilira kinarya suwidak asta ||

11. para luhur tinimbangan ngarsèng prabu |
myang gandhèk sang nata |
kinèn dhawuh undhang aji |
singa myarsa têngara gya sumungkêma ||

12. sarta sujud mring brahala kang pinatut |
munggwèng ngarsa nata |
bôngsa ingkang tan nglampahi |
bôngsa ika cinêmplungna ring dahana ||

13. wus tinabuh têngara pra janma gupuh |
manêmbah brahala |
tumindak karsa sang aji |
mung tatiga kang tan arsa sumujuda ||

14. marma laju katur ing ngarsa sang prabu |
lamun Sadrah Mesah |
Abètnego katrinèki |
tinimbangan umarêk ngarsa narendra ||

15. sang aprabu ngandika mring pra tyang
wau |
paran marmanira |
tan nêmbah sêmbahan rukmi |
êndi Allah ngluwari sing astaningwang ||

16. katri matur wontên ngarsa sang aprabu |
Allah pundhèn amba |
ingkang bangkit angluwari |
sing dahana myang saking asta narendra ||

17. sang aprabu nadyan tan ngluwari èstu |
kawula langgana |
manêmbah brahala rukmi |
Sang Aprabu Nêbukadnesar [Nêbuka...]

[...dnesar] bramantya ||

18. nulya dhawuh latu dinadosna gupuh |
ngantya tikêl sapta |
panasira anglangkungi |
Sadrah Mesah Abètnego tri binêsta ||

19. tri cinêmplung ing latu urubnya agung |
kang nyêmplungkên samya |
kêbrangas agni ngêmasi |
awit saking gênging latu langkung ngêkat ||

20. katrinipun duk sampun cumêmplung latu
|
sang nata keraman |
katingal samya lumaris |
dalêm latu jar-ujaran lampahira ||

21. langkung-langkung tinon juga
rowangipun |
pindha putrèng dewa |
saksana nata marpêki |
animbali Abètnego Sadrah Mesah ||

22. sira têlu kawulèng Allah matuhu |
lah padha mêtua |
têtiga mijil sing agni |
kawistara tan rêmpit busananira ||

23. angganipun tan malonyoh tan
malênthung |
tan gêsêng remanya |
sang prabu ngandika aris |
dèn luhurna Allahe wong têlu ika ||

24. de wus ngutus malaekate kang kudus |
tulang kawulanya |

kang kumandêl kwasèng Widhi |
Sang Aprabu undhang ring wêngkon sadaya
||

25. sabdèng prabu sapa-sapa ngarubiru |
ring Allahe Sadrah |
Abètnego Mesah masthi |
tan wurunga kinisas pidanèng nata ||

26. kang kawuwus para janma katri kang
wus |

--- 203 ---

cinêmplung dahana |
winisudha pangkat inggil |
langkung kwasa ing dalêm kraton narendra ||

27. liyan kang wus mangkya Dhaniël mapan
wus |
pinaringan pangkat |
winisudha langkung inggil |
tan apapak dening Sri Nêbukadnesar ||

28. rajasunu gumantya kang rama prabu |
Sang Prabu Bèlsasar |
ngurmati Dhaniël Nabi |
langkung malih Dharius Mèdi Narendra ||

29. karsanipun pinartiga kratonipun |
ingkang sapratigan |
ingrèha Dhaniël Nabi |
malah-malah Dharius kasok sihira ||

30. sêdyanipun sadaya karatonipun |
ring Dhaniël sok srah |
marma liyan pangagêng mèri |
ring kabêgjan kang samantên wawratira ||

31. para luhur sabiyantu samya ngatur |
kwèhning rekadaya |
Dhaniël tumibèng sisip |
nging tan manggya dadya samya seka-praya
||

32. darbe atur panyuwun konjuk sang prabu
|
ngundhangna parentah |
dalêm tigang dasa ari |
linaranga tatiyang darbe paminta ||

33. anyênyuwun liyan maring kang sinuhun
|
nadyan maring Allah |
sumawana ring sujanmi |
datan kêni mung aring nata pribadya ||

34. sampun tamtu kang manrak walêr
puniku |
tan kêna suminggah |
cumêmplung luwêng singa glis |
atur ika sinêmbadan dera nata ||

35. nadyan sampun wradin undhang [u...]

[...ndhang] kang sinuhun |
prandene tan kênthah |
pandonga Dhaniël Nabi |
mring Allahnya kadidene padatannya ||

36. dènnya nungku saari rambah ping têlu |
jandhela binuka |
ing lotèng kwèh janma mèksi |
pra pangagêng duk umiyat tan sarônta ||

37. sigra matur wontên ing ngarsa sang
prabu |
dahat ngungunira |
sang nata dupi miyarsi |
pan kaduwung dènnya karya undhang-
undhang ||

38. karsèng prabu ambibrah ring undhang
prabu |
dimèn ngalingana |
ring sisip Dhaniël Nabi |
anging nata dahat kewran ing wardaya ||

39. sang aprabu anulya ngandika arum |
hèh Dhaniël poma |
Allah kang sira bêktèni |
muga-muga nulungana marang sira ||

40. datan dangu Dhaniël nulya cumêmplung
|
maring luwêng singa |
wau ta sri narapati |
ing saratri cêgah dhahar cêgah nendra ||

41. bangun esuk sang aprabu têdhak gupuh |
unggyan luwêng singa |
nimbali Dhaniël Nabi |

hèh Dhaniël kawulèng Allah kang gêsang ||

42. apa tuhu Allah tatulung sirèku |
jro sira sangsara |
Dhaniël umatur aris |
nuwun yaktos Allah ngutus malaekat ||

43. singa sampun binungkêman
cangkêmipun |
marma tan nangsaya |
singa-singa mring wak mami |
datan onya salômba wulu kawula ||

44. sang aprabu sakalangkung sukèng kalbu
|
dhawah angêntasna |
Dhanièl sing luwêng aglis |
sawusira sri narendra nulya dhawah ||

45. kinèn nukup kang darbe pandakwa wau |
nulya cinêmplungna |
ing jro luwêng singa aglis |
dèrèng ngantya praptèng ngandhap gya
minôngsa ||

46. Sang Aprabu Dharius ngundhangkên
dhawah |
kawulèng sun padha |
ora kêna ora wêdi |
mring Allaha Dhanièl Maha Kawasa ||

47. sabab uwus sagêd ngluwari tatulung |
lan karya têngêran |
anèng langit lan ing bumi |
pra kawula sadaya anggula-drawa ||

Nagari Yêrusalèm binangun.

49. Dhandhanggula

1. duk Israil wontên tanah Babil |
udakawis pitung dasa warsa |
Israel dadya bawahe |
nênggih Korês Sang Prabu |
Natèng Pèrsi wau sang aji |
duk madêgirèng nata |
andungkap sataun |
nulya ngundhangakên dhawah |
mring sanggyaning para tiyang Bani Srail |

kang manggyan talatahnya ||

2. dhawuh nata ingkang kapiarsi |
lamun Pangran Allah ing suwarga |
dhawuh mangun Yêrusalèm |
marmane pra bangsamu |
kang kalêbu umate aglis |
sira padha muliha |
bangunên masjidmu |
jinangkunga [jinang...]

[...kunga] Allahira |
ênya iki êmas prabotirèng masjid |
kang wus dadi jarahan ||

3. tampanana lan gawanên mulih |
limang èwu patang atus kèhnya |
iki tampanana kabèh |
mangkya ingkang winuwus |
pra tyang ingkang maksih ngèngêti |
mring Yêrusalèm praja |
samêkta yun mantuk |
dene sanès-sanèsira |
kang wus sugih myang krasan manggyan ing
Babil |
suthik lamun tumuta ||

4. ingkang mantuk kathah tédhak Lèwi |
myang Yahuda gunggung kawan dasa |
dwi ewonan wilisane |
môngka pangiridipun |
yèku Yusak lan Sêrubabil |
pangulu imam samya |
tédhakirèng Dawud |
duk lampahnya sampun prapta |
para janma nulya samya nambutkardi |
rumuhun kang ginarap ||

5. pakurbanan ing Pangran Masuci |
myang têtalês kang betal mukadas |
dèn adhêpi pra imame |
sarwi mêmuji sukur |
binarungan swarèng napiri |
ananging para tiyang |
ingkang sêpuh-sêpuh |
kang wus wrin betal mukadas |
yasanira Sang Prabu Suleman nguni |
prasamya rawat waspa ||

6. awit dene tan paja ngèmpêri |
masjid ika kang nêdhêng ginarap |

tinandhing dahat kontite |
marma sambat pra sêpuh |
nging pra neman suka kêpati |
wuwusên Samaria |
akarya pakewuh |
mring kang samya nambutkarya |
miwah gèsrèk [gè...]

[...srèk] tèmah ingkang nambutkardi |
sami kèndho tyasira ||

7. kalêrsan wontên nabi kagih^[9] |
kang sajuga Nabi Sakaria |
lan Kagai sajugane |
ingutus Hyang Maha Gung |
nglipur ing tyas tiyang Yahudi |
ginugah mungkar kang tyas |
dadya samya sêngkud |
dènira tumandang karya |
ngantya prapta paripurnaning pakarti |
datan antara lama ||

8. wontên juga ngulama Yahudi |
nama Esra pan sampun kasusra |
wicaksana tuwin salèh |
antuk idi sang prabu |
klilan byantu arjaning nagri |
gya bidhal sakanthinya |
pêpilihanipun |
binêktanan dening nata |
sawarnanya kang maksih kantun ing Babil |
abrag betal mukadas ||

9. sapraptanya Yêrusalèm nagri |
sigra Esra mranata agama |
myang pakarti pra imame |
nurut pranatanipun |
Nabi Musa duk kala nguni |
prandene maksih kathah |
kasusahanipun |
tanapi Yrusalèm praja |
dèrèng kenging sinêbut ing para janmi |
lamun wus katon rêja ||

10. labêt saking pra tiyang Yahudi |
rinubeda bôngsa Samaria |
duk bangun baluwartine |
mangkya ingkang winuwus |

wontên juga bôngsa Yahudi |
nêka myang namanira |
juru larih prabu |
rinilan dening sang nata |
tumut mantuk dhatêng Yêrusalèm nagri |
mangun baluwartinya||
[baluwar...]

[...tinya||
]

11. winisudha dados adipati |
ngrèha tanah Yahudi sadaya |
kasok sihnya sang pamase |
dhasar pra ratu-ratu |
tanah Pèrsi kathah wlas-asih |
maring Yêhudi bôngsa |
dinarman lumintu |
wontên narendra sajuga |
Akaswerus anggarwa prawan Yahudi |
yèku Èstèr sang kênya ||

12. anjalari kathah sihing aji |
kang rumêntah ring Yahudi bôngsa |
duk manggya pakewuh gêdhe |
sang pramèswari prabu |
darbe sanak ran Mardêkai |
nate mêdhar wêwadya |
tyang yun nyidrèng prabu |
katur pramèswari nata |
ing wasana Mardêkai jinunjung glis |
warôngka naranata ||

13. amangsuli cariyos kawuri |
unggyannira Dipati Nêkamya |
ambangun kitha Yrusalèm |
lêstantun lampahipun |
kwèh pranata kinêncêng sami |
tuhu sang adipatya |
burus budinipun |
slami madêg adipatya |
datan pisan antuk pêkah miwah kasil |
mandar manglubèr dana ||

14. andanani miwah mitulungi |
kang kinarya artanya priyôngga |
tyang satus sèkêt cacache |
wontên wênèh kang nyambut |
datan pisan sami tinagih |

duk garap baluwartya |
sang dipati cakut |
karsa nylirani priyôngga |
para abdi sadaya sami ngrencangi |
tuhu môngka tuladan ||

15. langkung-langkung dhatêng para [pa...]

[...ra] sugih |
kwèh pra sugih dèdana tyang mlarat |
potange dèn rilakake |
gadhèn datan tinêbus |
barang wangsul arta tan tampi |
saiba kotamannya |
kang sami ambangun |
punikèstu mung pralambang |
wêcèng Allah lantaran Nabi Malaki |
pambangun dèrèng prapta ||

16. kang winêca kamot jroning tulis |
Ingsun ngutus malaekat ingwang |
bakal angrata dalane |
ana ing ngarsaningsun |
môngka gusti sira udani |
arikat praptanira |
marang masjid iku |
mlaekating prajangjian |
ingkang padha sira ajap nulya prapti |
kanthi sabar tuwêkal ||

Nabi Ayub.

50. Kinanthi

1. kawuwusa ing tanah Us |
wontên satunggaling nabi |
Nabi Ayub kasihing Hyang |
pan sadasa punang siwi |
sapta jalu tri wanita |
rajakaya anglangkungi ||

2. pitung èwu mendanipun |
tigang èwu untanèki |
etang sèwu lêm bunira |
gangsals atus punang kuldi |
sugih rencang angayangan |

tyang bang wetan kasor sami ||

3. para putranipun jalu |
kêrêp ôndrawina ngênting |
gumilir gêntos-gêntosan |
nyêdhahi kadangnya èstri |
lamun antuk saubêngan |
Ayub kurban mring Hyang Widhi ||

4. miturut cacahing sunu |
môngka

ruwat dosanèki |
marma kêrêp saos kurban |
sandeyaning tyas jêng nabi |
jro bujana putranira |
kambah dosa mring Hyang Widhi ||

5. ing ari sajuga nuju |
para putrèng Ayub sami |
nêdhêng sami ôndrawina |
kêsaru praptaning abdi |
sowan Ayub atur wikan |
lamun wontên tyang Baduwi ||

6. bradhat kuldi tuwin lêmbu |
pangènira dèn pêjahi |
mung sajuga bangkit oncat |
lumarap atur udani |
dèrèng têlas turing abdyo |
kêsaru lyan abdi prapti ||

7. tur wikan yèn mendanipun |
sinambêr ing gêlap agni |
menda dalah pangènira |
minôngsa ing gêlap gusis |
amung juga kalangkungan |
marma enggal tur udani ||

8. dèrèng pêdhot abdi matur |
nulya wontên kang nusuli |
matur yèn untanya samya |
binaradhat tiyang Kasdim |
pangèn sami tinêlasan |
juga mrucut atur uning ||

9. dènnya matur dèrèng rampung |
gêntos abdi sanès prapti |
pratela yèn para putra |
jalu èstri amarêngi |
ôndrawina suka-suka |

bayu bajra andhatêngi ||

10. nêmpuh griya kabarubuh |
ngrêbahi ring para siwi |
siwinta tan bangkat oncat |
sanggya putra angêmasi |
jumênêng Ayub sakala |
busana dèn sêbit aglis ||

11. sumungkêm ing siti sujud |
Pangran ingkang amaringi |
wus layak Pangran mundhuta |
kaluhurna Hyang Masuci |
Ayub datan manggya lêpat |
tan maibên ring Hyang Widhi ||

12. cobèng Pangran maring Ayub |
sangsaya kwèh tan ngunduri |
mangkya Ayub kênèng mala |
mala bibrah angga wradin |
sakalangkung nistha papa |
angalemprak munggwèng siti ||

13. kalosodan awor uwuh |
malanta dipun kêriki |
wingka kinarya kêrikan |
sakalangkung kawlas-asih |
kang garwa nulya wacana |
paran paduka samangkin ||

14. taksih mantêp sêtya tuhu |
dhumatêng Hyang Maha Suci |
kalamun sambadèng karsa |
bok inggih andum basuki |
katilar pêjah kewala |
urip gung andawa wingit ||

15. dahat tan kadugi Ayub |
myarsa rêmbagnya kang rabi |
alon nauri wacana |
rèhning aku wus nampani |
pira-pira sihing Allah |
kang bêcik ring awak mami ||

16. ing samêngko raganingsun |
pinaringan Hyang Masuci |
luwih ala luwih nistha |
apa datan sun tampani |

klawan sabar lan narima |
ywa lir wong gêmlung sirèki ||

17. dumugi samantên Ayub |
tan ngrêsula mring Hyang Widhi |
ing mangkya ingkang kocapa |
tiga mitrèng Ayub tuwi |
wit myarsa mitra sangsara |
niyating tyas nglipur galih ||

18. saking têbih myat ring Ayub |
samyang pangling mitra katri |
anjêrit sarwi karuna |
anênggani sandhing linggih |
pitung ari pitung ratya |
sakêcap tan mawi mosik ||

19. wikan yèn sakiting Ayub |
rêkaosnya anglangkungi |
ing ngriku Ayub kawêdhar |
wicara kang tan prayogi |
nyupatani angganira |
wicara ingkang kawijil ||

20. yèn manggung mangkene ingsun |
angur baya têng pati |
wau ta mitra tatiga |
maibên sêmunya sami |
ring Nabi Ayub salêhnya |
nging pasaja tan kawijil ||

21. akarya tyas Nabi Ayub |
sangsaya datan prayogi |
pan andadra ngundhamana |
dhatêng Allah Kang Masuci |
nging duk antuk sabdaning Hyang |
ngakêni balilunèki ||

22. nalôngsa ngarsèng Hyang Agung |
sêsambat amêlas-asih |
wasana Allah Pangeran |
ambarkahi Ayub Nabi |
nglangkungi agunging barkah |
têmah mulya kang sêsakit ||

23. salajêngnya Nabi Ayub |
pêputra jalu lan èstri |
jalu pitu cacahira |
èstri tiga punjul warni |

tan na wadon tumimbanga |
tri putrèstri Ayub Nabi ||

24. rajakaya kwèh kalangkung |
matikêl-tikêl winilis |
sinambêtan yuswanira |
satus kawan dasa warsi |
mêningi cêcanggahira |
lir taru kêtaman riris ||

**Cariyosipun tiyang Yahudi, wiwit
Nabi Malaki dumugi Nabi
Yokanan Baptista.**

51. Sinom

1. mangkya ingkang winursita |
Yahudi kêbawah Pèrsi |
udakara laminira |
bôngsa dwi atusan warsa |
wusing bêdhahing Pèrsi |
dening Iskandêr Sang Prabu |
nênggih ratu ing Yunan |
saseda Iskandêr Aji |
wontên juga senapati madêg raja ||

2. Pêtolêmeus panêngran |
madêg raja tanah Mêsir |
rajeka tumulyambawah |
dhumatêng tanah Yahudi |
kathah bôngsa Yahudi |
binoyong dening sang prabu |
dhatêng ing Mêsir praja |
kawlas-arsa tyang Yahudi |
winursita kaprabon gumantyèng putra ||

3. kathah kasaenanira |
dhumatêng bôngsa Yahudi |
sang prabu nuding pujôngga |
pitung dasa pujôngga ji |
niti kitab Yahudi |
Torèt miwah tunggilipun |
basa sinantunana |
basa Yunani pinilih |
kitab-kitab sinantunan basanira ||

4. Natèng Mêsir dènyambawah |
dhumatêng bôngsa Yahudi |

laminya salangkung warsa |
anulya bôngsa Yahudi |
winêngku Aram Aji |
Sang Aprabu Antiokhus |
Yahudi ingapusan |
manêmbah brahala sami |
kang langgana tan wun sami pinidana ||

5. ewon manêmbah brahala |
alya kang

mantêp ngantêpi |
asmèng Pangran Allahira |
dèn pilaur pêjah sahid |
eklas ajaping kapti |
manggiha kamulyan luhung |
ing jaman kalanggêngan |
sinung urip kang sajati |
tuwas-tiwas pituwas nêmbah brahala ||

6. sing dahat siyaning raja |
ambalela tyang Yahudi |
kawuwusa wontên imam |
Matatea kang sasilih |
gangsals atmajanèki |
wantêr prawira pinunjul |
lalima tan prabeda |
sinêbut bôngsa Makabi |
gantos-gantos umadêg manggalèng kraman
||

7. uwal saking kraton Aram |
ewadene tyang Yahudi |
tan tulus dènya mardika |
wit prasapan lan Rum mangkin |
puniku anjalari |
pinarentah ring bôngsa Rum |
nging tanahnya priyôngga |
sinungan raja pribadi |
darah Esap Herodhês Sri Naranata ||

8. kocapa Herodhês Raja |
wicaksana sura-sêkti |
mung kuciwa ambêk siya |
onggrongan karsa sang aji |
janma ngonggrong mastani |
raja mangun kithèng Dawud |
nging para salèh nyipta |
bènèh lan pra ngonggrong sami |
ciptèng salèh rinèh raja liyan bôngsa ||

9. praptane pamartèng jagad |
kang ingajap sari ratri |
dening nabi wus winêca |
yèku Nabi Yakub nguni |
mangkya ingkang winarni |
wit Malaki jamanipun |
tanna

nabi anggugah |
nênangi manah yahudi |
amêwahi santosèng tyas pangajapnya ||

10. rawuhnya ratu panutan |
jêjêbadan Hyang Masuci |
cinakrarsa ambanguna |
kraton Dawud kang kawuri |
myang ngêntas tyang Yahudi |
winisesa ing bôngsa Rum |
tyang Yahudi sadaya |
angajap agea prapti |
ning nyatanya sulaya ajaping nala ||

11. ujêr ing nguni Yêsayah |
pan sampun amêdhar wangsit |
margèngsun lyan marganira |
ciptèngsun lyan ciptanèki |
pindha bumi lan langit |
kaungkulan luwih dhuwur |
dhuwure dalanira |
lan margèngsun dudu tandhing |
apadene ciptaningsun lawan sira ||

--- 216 ---

...

Pratelaning cariyos p   thikan saking Kitab Suci.

Prajanjean Lami...	kaca
1. Tumitahing ngalam donya...	1
2. Wiwitipun wont��n dosa...	2
3. Kain kalihan Abil...	8
4. Bumi kin��l��m...	11
5. Panggung ing Babil...	14
6. Nabi Ibrahim tinimbalan. Papisahan kalihan kapenakanipun nama Lut...	15
7. Kumand��lipun Nabi Ibrahim...	19
8. Pandonganipun Nabi Ibrahim...	22
9. Risaking nagari Sadum kalihan Ngamorah...	23
10. Lairipun Nabi Iskak, Ismangil katundhung...	26
11. Nabi Iskak badhe kadam��l kurban...	28

12. Kramanipun Nabi Iskak...	30
13. Nabi Yakub lan Esap...	37
14. Tindakipun Nabi Yakub...	42
15. Nabi Yusup kasade...	52
16. Nabi Yusup wontên ing Mêsir...	55
17. Para kadangipun Nabi Yusup dhatêng Mêsir...	62
18. Lampahing para kadangipun Nabi Yusup ingkang kaping kalih...	66
19. Nabi Yakub dipun ondhonging dhatêng Mêsir...	72
20. Timuripun Nabi Musa...	76
21. Nabi Musa wontên ngarsaning Pringon...	81
22. Wêdalipun Bani Srail saking Mêsir...	88
23. Lampahipun Bani Srail dumugi ing rêdi Sina...	93
24. Dhumawuhing anggêr-anggêr...	96
25. Pasuciyaning Allah, para imam, lan dintên agêng...	102
26. Pakuburanipun tiyang luwamah...	105
27. Para têlik...	107

...

Disalin dari Aksara Jawa oleh Sastra.org: http://www.sastra.org/katalog/judul?ti_id=1880

Katalog

Katalog #	: 1880
Titel	: Pêpêthikan saking Kitab Suci
Versi	: Anonim
Tahun	: -
Image	:
Tipe	: Terbitan
Bentuk	: Tembang
Bahasa	: Jawa
Aksara	: Jawa
Ikhtisar	: Berisi cerita-cerita yang diambil dari Kitab Suci Agama Kristen (Perjanjian Lama). Diawali dengan penciptaan alam raya oleh Allah, jatuhnya manusia dalam dosa, keturunan Adam dan Hawa, air bah di jaman Nabi Nuh, cerita Ibrahim dan keturunannya hingga perjalanan bangsa Israel dari tanah perbudakan Mesir ke tanah perjanjian Kanaan. Selain itu diceritakan nabi-nabi pilihan Allah antara lain Samuel, Yunus, Daniel, Ayub.
Kata kunci	: agama, agami, aksara, cetak, cithak, jawa, jawi, tembang, sekar
Data digital	: 1. Pêpêthikan Saking Kitab Suci, Anonim, #1880 (Pupuh 01-18) . Agama dan Kepercayaan Kitab Suci #1553. 2. Pêpêthikan Saking Kitab Suci, Anonim, #1880 (Pupuh 19-35) . Agama dan Kepercayaan Kitab Suci #1554. 3. Pêpêthikan Saking Kitab Suci, Anonim, #1880 (Pupuh 36-51) . Agama dan Kepercayaan Kitab Suci #1555.

Deskripsi

Judul

Luar : -

Dalam : -

Lain : Cariyos Pêpêthikan saking Kitab Suci

Sub-judul : -

Bagian dari : -

Memuat : -

Series dari : -

Penyusun

Tidak ada data

Jilid

Jumlah : 1 dari 1

Jilid # : 1

Series ref. : -

Jilid titel : -

Penerbit : -

Tempat : -

Tanggal : -

Edisi ref. : -

Print ref. : -

Halaman : 218

Gambar : -

Kosong : -

Sumber

Jumlah : 1 dari 1

Sumber : Yayasan Sastra Lestari

Katalog : 1880

Tipe media : Asli

Ukuran : 20.4 x 13.5 cm.

Ukuran teks : 15.4 x 10.2 cm.

Fisik : Jilidan sudah lepas. Sampul luar depan belakang hilang. Sampul judul dalam dan halaman 1-2 hilang. Halaman 219 dan seterusnya hilang.

Kertas : Buram kecoklatan.

Rusak : -

Tulisan : -

Penomoran : 3-218. Angka Arab.

Digitisasi

Transkripsi oleh : Yayasan Sastra Lestari

Digitisasi oleh : Yayasan Sastra Lestari

Tanggal : Apr 2011

Sumber : Yayasan Sastra Lestari #1880 Asli
